



**EQUIPPING CHURCH LEADERS  
• EAST AFRICA •**

# **YAKOBO**

**Canditswe na**

**Jonathan M. Menn**

**B.A., University of Wisconsin-Madison, 1974**

**J.D., Cornell Law School, 1977**

**M.Div., Trinity Evangelical Divinity School, 2007**

**Equipping Church Leaders-East Africa**

**(Ugushoboza abarongozi b'amashengero bo muri Afirika y'ubuseruko)**

**3701 N. Gillett St., Appleton, WI 54914**

**(920) 731-5523**

**jonathanmenn@yahoo.com**

**www.ecllea.net**

2019

Igitabu ca Yakobo kumbure canditswe n'uwu bavukana na Yesu kuri nyina, kandi abaseranguzi benshi bafata ico gitabu ko ari co ca mbere canditswe mu bitabu bigize Isezerano Risha. Ico gitabu kirimwo ukubangabanganwa kw'inshi n'inyigisho za Yesu. Ico gitabu gishimikira cane ku biri ngombwa na nkenerwa kuri twebwe kugira ngo tubeho nk'uko dutegerezwa kubaho. Cerekana ibibazo bikomeye vy'inshi vy'ubuzima, harimwo: ukugeragezwa, amageragezwa, ibigeragezo; ugusenga; icaha c'ukurobanura abantu ku cubahiro; kamere k'ukwizera nyakuri, ukwizera kuzima; gufata ururimi; ubwenge bwo mw'ijuru n'ubwenge bw'isi; icaha kiba mu muntu n'ukugene cigaragariza inyuma; icaha c'ukwibako n'ukugene ico caha cigaragaza; hamwe n'ubwizigirwa bw'ukuri.

**IBIRI MWO**

**I. Intangamarara .....2**

**II. Yak 1:1-27—Intangamarara y’iviyumviro nyamukuru .....4**

**III. Yak 2:1-13—Icaha c’ukurobanura abantu ku cubahiro .....12**

**IV. Yak 2:14-26—Ukwizera kuzima/gufise ibikorwa .....16**

**V. Yak 3:1-12—Icaha c’ukudafata ururimi .....20**

**VI. Yak 3:13-18—Ubwenge bukomoka mw’ijuru n’ubwenge bwo mw’isi .....23**

**VII. Yak 4:1-4—Icaha kiba mu muntu n’ukugene cigaragaza inyuma .....23**

**VIII. Yak 4:5-10—Ingene turondera ubuntu bw’Imana n’ukugene turonka ubwenge  
bwo mw’ijuru.....25**

**IX. Yak 4:11-5:6—Icaha c’ukwibako n’ukugene kigaragara .....27**

**X. Yak 5:7-20—Impanuro z’ugusozera .....30**

**AHO VYABUWE .....34**

**UMWANDITSI.....35**

## I. Intangamarara

### A. *Umwanditsi*

Igitabu ca Yakobo bivugwa co canditswe na “*Yakobo, umugurano w’Imana n’uw’Umwami Yesu Kristo*” (Yak 1:1). Carson na Moo berekana yuko “ukutinjira cane mu mizi vyerekana yuko uwo Yakobo yari umuntu yari asanzwe azwi cane” (Carson na Moo 2005: 621). Abantu bazwi cane kuri iryo zina muri Bibiliya hamwe no mw’Ishengero rya mbere ni Intumwa Yakobo na Yakobo mwene nyina wa Yesu, ni ukuvuga Yakobo bavukana na Yesu kuri Nyina. Intumwa Yakobo yishwe ahamwe nko mu mwaka wa 44 inyuma y’ivuka rya Yesu, aho hakaba hari hakiri kare kugira ngo ico cete ubwaco kibe caje carasohotse, caranditswe. Rero umwanditsi w’ico cete ata nkeka ni Yakobo mwene nyina wa Yesu, kandi uko ni ko abasomyi n’abasesanguzi benshi ba Bibiliya babibona (Eusebius 1988: 78-79 [*Kahise k’Ishengero* 2.23.25]; Carson na Moo 2005: 621-26). “Icerekana iyi ngingo dufashe ni ugusa kudasanzwe kuri hagati y’ururimi rw’Ikigiriki rw’icete ca Yakobo n’ivyo Yakobo yavuze mu Ivyakozwe n’Intumwa 15:13-21” (Carson na Moo 2005: 622).<sup>1</sup>

### B. *Umwaka*

Nubwo hariho impari ku vyerekeranye n’umwaka ico gitabu candikiwe, biragaragara yuko ari gitabu canditswe imbere y’ibindi vyo mw’Isezerano Risha. Harold Lindsell avuga ati, “Nimba uwo bavuga ko ari we mwanditsi w’ico gitabo ari we vy’ukuri, ico cete gitegerezwa kuba canditswe imbere y’umwaka wa 62 inyuma y’ivuka rya Yesu, umwaka Yakobo yishwemwo. Bamwe bavuga ko ari co gitabu ca mbere canditswe co mw’Isezerano Risha, nko mu mwaka wa 45 inyuma y’ivuka rya Yesu.” (Lindsell 1971: 1822) Abaseranguzi benshi bemera yuko Yakobo mwene nyina wa Yesu ari we mwanditsi bavuga yuko ico gitabu canditswe hagati na hagati y’imyaka yo kuva kuri mirongo ine gushika kuri mirongo itanu, imbere y’inama rukokoma yabereye I Yerusalemu dusoma mu gitabu c’Ivyakozwe n’intumwa igice ca 15 iyo nay o ikaba yabaye nko mu mwaka wa 49 inyuma y’ivuka rya Yesu canke mu mwaka wa 50 (raba Carson na Moo 2005: 627; *Afirika yiga Bibiliya, insiguro nsha nzima* 2016: 1841; *Life Application Study Bible, New International Version* 1986: 2243; *New American Standard Bible* 1995: 1159).

### C. *Ukubangabangana n’inyigisho za Yesu*

Yakobo arafise ibintu vyinshi bibangabanganye n’inyigisho za Yesu, cane cane nk’uko tubibona vyanditswe mu butumwa bwiza bwa Matayo na Luka. Hamwe hamwe hariho n’ugushushanya, n’ugusa kw’amavuga yakoreshejwe:

Yakobo	Matayo	Luka	Ivyavuzwe
1:2	5:12		Kunezererwa amageragezwa
1:4	5:48		Gutungana rwose
1:5; 4:2-3	7:7	11:9	Musabe muzohabwa
1:12	5:11-12; 24:13	6:22-23	Kwihanganira amageragezwa
1:19-20	5:22		Kurwanya ishavu
1:22-25; 2:14-17	7:24-27	6:46-49; 11:28	Kuba abakora ico Ijambo rivuga
2:5	5:3	6:20	Ubwami n’ubw’aboro
2:8	22:36-40	10:25-28	Gukunda mugenzawe
2:13	5:7		Ingaruka z’ukugira imbabazi
3:12	7:16-18	6:44	Igiti kimenyekanira ku vyo cama
3:18	5:9		Kuba abaremesha amahoro
4:4	6:24	16:13	Kutagira imitima ibiri itandukanye ku Mana
4:8	5:8		Ukwera kw’umutima n’ukwegera Imana
4:9		6:21, 25	Abatwenga ubu bazorira
4:10	23:12	14:11; 18:14	Abaciye buguf bazoshirwa hejuru
4:11-12	7:1-2	6:37	Kudacira imanza abandi
5:1		6:24	Ibara rizobonwa n’abatunzi
5:2-3	6:19-20	12:33	Ntukirundanirize ubutunzi
5:9	24:33		Umucamanza ari ku rugi
5:12	5:33-37		Ku bijanye n’indahiro: Reka ego yawe ibe ego na oya yawe ibe oya

<sup>1</sup> Ivyinshi bivugwa ku nkomo ya Yakobo, raba ibihari vyagizwe aho hepfo kuri **Yakobo 1:1**.

#### **D. Inca make**

Abanditsi benshi batandukanye baragerageje gutanga inca make zitandukanye z'igitabu ca Yakobo bafatiye ku vyiyumviro vyabo no ku kugene babona ivyiyumviro vy'ibitabu n'ukugene cubatswe (raba Martin 1988: xcvi-civ). Yakobo yanditse ico gitabu mu buryo bugaragara. Imvugo ntonto n'imigani (imigani, utujajuro) yo mu gice ca mbere isobanurika neza mu bice bikurikira.<sup>2</sup> Ibice vya 2-5, n'imiburuburi mu buryo busanzwe, vyubatswe mu buryo buhera ku ca nyuma c'imigani ivugwa mu gice ca mbere yenenako. Isonga ry'ico gitabu rishira ibintu vyose hamwe ni **3:13-18**, “ubwenge bwo mw'ijuru,” nib wo bukenewe kuri twebwe kugira ngo dushobore kubaho uko bikwiriye. Ikindi, ico gitabu cerekana izindi nzira zinyuranye hagati y'inzira nziza z'ukugene dukwiye kubaho n'izindi nzira mbi z'(ivyaha) tugomba kubamwo, twihutira kubamwo. Ico gitabu rero gishobora gushirwa muri iyi nca make ikurikira:

**1:1-27**—Intangamarara ku vyiyumviro nyamukuru: ivyiza

- Uwarungitse ico cete n'abo yakirungikiye (1:1)
- Amageragezwa, ibigeragezo, n'ukugeza ukwizera (1:2-4, 12-15)
- ubwenge, ubuntu, n'ugusenga (1:5-8, 16-18)
- Abatunzi n'aboro (1:9-11)
- Ururimi (1:19-20, 26)
- Ubwizigirwa nyakuri (1:21-27)

**2:1-13**—Icaha c'uguhengama (raba 1:9-11): ibibi

**2:14-26**—Ukwizera /kuzima kugaragarira mu bikorwa (raba 1:22-27): kwiza

**3:1-12**—Icaha c'ukudafata ururimi (raba 1:19-20, 26): kibi

**3:13-18**—Ubwenge buva mw'ijuru bunyuranije n'ubwenge bw'iyi si (raba 1:5-8, 16-18): bwiza

**4:1-4**—Icaha kiba mu muntu n'ukugene cigaragaza ku mubiri inyuma: imitongano; ukutumvikana; ukurwana; ubwicanyi; ubusambanyi, mu yandi majambo, ibimenyetso vyerekana yuko *udafise* ubwenge bwo mw'ijuru (raba 1:13-15): bubi

**4:5-10**—ingene dukwiye *kurondera* ubuntu bw'Imana n'ukuronka ubwenge bwo mw'ijuru (raba 1:2-4, 12): bwiza.

**4:11-5:6**—Icaha c'ukwibako n'ukugene cigaragaza: guca imanza; kwirarira; hamwe n'ukwikumakumirako ibintu, mu yandi majambo, ibimenyetso vy'uko *uticishije* bugufi canke utishikaniye Imana (raba 1:9-11, 14-15, 20-21): kibi

**5:7-20**—Impanuro zo guherezako zigaruka ku vyiyumviro nyamukuru, ndetse ikibazo c'aboro/abatunzi, cari cavuzweko kuri 5:1-6: Nziza

Ukubabazwa, amageragezwa, n'ukugeragezwa—5:7-11, 13 (raba 1:2-4, 12-15)

- Ururimi—5 :9, 10, 12, 16 (raba 1:19-20, 26)
- Ugusenga—5:13-18 (raba 1:5-8)
- Ubwizigirwa nyakuri—5:19-20 (raba 1:21-27)

---

<sup>2</sup> “Igice ca mbere gikora nk'ikintu cerekana 'ibiri muri ico gitabu' c'ivyo yanditse, canke nk'ikintu nyamukuru' c'ivyiyumviro bigize ivyo yashikirije” (Johnson 1995: 15). Ralph Martin na we nyene avuga ati, “Igice ca 1 ni co gifise urupfunguruzo rw'ukugene ico cete canditswe kandi gishiraho ikibazo c'urufatiro duhura na co muri ico cete: bigenda gute mu kubaho kw'abantu ko bashitsa intumbero yabo kandi bakagumana ukwubahwa n'ubuntu?” (Martin 1988: cii).

## II. Yak 1:1-27—Intangamarara y’ivviyumviro nyamukuru

**1:1**—*Yakobo, umugurano w’Imana n’uw’Umwami Yesu Kristo, ndabandikiye abo mu miryango cumi n’ibiri y’abasabagiye: Muganuke.*

“*Yakobo, umugurano w’Imana n’uw’Umwami Yesu Kristo.*” Dufashe yuko Yakobo mwene nyina wa Yesu ari we yanditse iki cete, turazi ibintu vyinshi bikomeye kuri we:

- Izina ryiwe ni Yakob (uko ni ko ryandikwa mu Kigiriki co mw’Isezerano Risha); ryahindutse Yakobo uko ryagiye rirahindurwa mu ndimi zitandukanye z’i Bulaya.
- Yari umwe mu bahungu bavukana na Yesu kuri nyina (**Mat 13:53-55; Mariko 6:3; Gal 1:19**), kumbure yoba ari we yavutse inyuma yuko Yesu amaze kuvuka kubera yuko ari we yama aherwako iyo havugwa abavukana na Yesu muri **Mat 13:55** no muri **Mariko 6:3**.<sup>3</sup> Vyongeye avukana na Yuda, umwanditsi w’icete ca Yuda (**Yuda 1**; raba kandi **Mat 13:55** [Ijambo ry’Ikigiriki rivuga Yuda ni “Yudasi”]).
- Igihe Yesu yariko arakora igikorwa ciwe ngaha kw’isi, Yakobo n’abandi bahungu bavukana ntibigeze bamwizera (**Mariko 3:21; Yohana 7:5**). Ariko, Yakobo yarahindutse igihe Yesu yamwiyereka amaze kuzuka mu bapfuye (**1 Kor 15:7**).
- Yakobo yari kumwe n’abigishwa muri ca cumba co hejuru ku musu wa Pentikoti (**Ivyakozwe n’Intumwa 1:14**) kandi yabaye umurongozi w’ishengero ry’i Yerusalemu (**Ivyak 12:17**); yagize uruhara rudasanze mu nama rukokoma yabereye i Yerusalemu, kuko bigaragara ko ari we yari arongoye iyo nama kandi ni we yashikirije ivyo bashitseko muri iyo nama (**Ivyak 15:13-29**). Yari azwi nk’umwe mu “nkingi” z’ishengero (**Gal 2:9**).
- Ukumenyekana kwa Yakobo kwarabandanije kurakura, maze aza kumenyekana nka “Yakobo Intungane” (Eusebius 1988: 76 [*Kahise k’Ishengero* 2.23.4, 7]).
- Yishwe mu mwaka wa 62 inyuma y’ivuka rya Yesu atewe amabuye kugeza arapfa amaze kujanja hejuru ku munara w’urusengeru agasunurirwa hasi kugira ngo apfe (Eusebius 1988: 77 [*Kahise k’Ishengero* 2.23.11-16]; Josephus 1987, *Ant.*: 20.9.1).

“*Ndabandikiye abo mu miryango cumi n’ibiri y’abasabagiye.*” Yakobo ni Umukristo (**Yak 1:1; 2:1**) kandi ariko arandikira Abakristo (raba **Yak 5:14** hamwe n’aho ahamagarira “*abakuru b’ishengero*”). Ariko, Yakobo yarezwe nk’Umuyuda kandi yari umurongozi w’Ishengero ry’i Yerusalemu. Dufatiye ku muco w’ivyo vyose duhejeje kuvuga, hariho uburyo bubiri bwerekeranye n’ “*imiryango cumi n’ibiri yasanze*” abo ari bo: Abakristo b’abayuda baba hanze ya Palesitina, canke Abakristo bose (Abayuda n’Abanyamahanga).

1. Abakristo b’Abayuda basabagiriye hanze ya Palesitina. Ibituma bimwe vyerekana abantu ba mbere bandikiwe ico cete nk’aho ari Abakristo b’Abayuda baba hanze ya Palesitina.

- **Ivyak 11:19** havuga ku Bakristo b’Abayuda “basabagijwe” hanze ya Palesitina. Muri **Yak 1:1** ijambo “basabagiye” mu Kigiriki ni ubwoko bw’ijambo “gusabagizwa” mu Ivyakozwe n’Intumwa. Ubwo ni bwo buryo nyene *abasabagiriye* rikoresheya muri **Yohana 7:35**.
- Igihe **Yak 2:2** havuga mw’“ikoraniro” ry’Abakristo, ijambo ryakoreshejwe ngaho ni “isinagogi.”
- Muri ico gitabu cose, Yakobo afatira ku burorero bwo mw’Isezerano rya Kera, ku mvugo ngereranyo, kandi agafatira ku vyavuzwe mw’Isezerano rya Kera, vyerekana yuko abo yandikiye basoma ivyo yanditse bari bamenyereye imvugo yo mw’Isezerano rya Kera.

2. Abakristo bose (Abayuda n’Abanyamahanga). Izindi mpamvu zerekana yuko abandikiwe ba mbere bari Abakristo bose, hatarinze kurabwa ko ari Abayuda canke Abanyamahanga.

<sup>3</sup> Bibiliya kenshi iravugaga ko Yesu yari afise n’imiburuburi abahungu bavukana bane kuri Mariya nyina wiwe (Yakobo, Yosefu, Simoni, na Yuda baravugaga mu mazina) kandi yari afise na bashikiwe babiri n’imiburuburi (raba **Mat 12:46-47; 13:53-56; Mariko 3:31-32; 6:3; Luka 8:19-20; Yohana 2:12; 7:3, 5, 10; Ivyak 1:14; 1 Kor 9:5; Gal 1:19**). Kubera ukwibaza ko Mariya yagumye ari umubikira, isugi, atigeze arongorwa, Abakatolika bibaza yuko bene nyina ba Yesu bari mu vy’ukuri bavyara biwe. Ariko, “ahantu honyene aho abahungu bavukana na Yesu baafatanijwe na nyina ni muri Yohana 7:3, 5, 10. Ukuvugamwo nyina wa Yesu kugaragaza yuko bashakira kuvuga abana basangiye nyina umwe.” (Zodhiates 1993: “*adelphos*,” 80) Ikindi, ko Yesu ari we yari we mukuru wa “barumu na we” (si bavyara we) “bishigikiwe n’insiguro ya mbere ‘y’ubuzibura’, *prototokos*, muri Luka ii. 7. Ntibishoboka yuko Luka yari kuba yakoresheje iryo jambo, kandi yari azi yuko Mariya atigeze avyara abandi bana, kubera ijambo *monogenes* (ryakoreshejwe muri Luka vii. 12, viii. 42 rya abana ‘gusa, bonyene’) ari ryo rigaragara. Dutegerezwa kandi kubona yuko ingaruka z’ayo majambo muri Mt. i. 25 ‘ntiyigera amwegera gushitsa aho yavyariye umwana wiwe wa mbere w’umuhungu’ ni uko, inyuma y’ukwo kuvuka, harabayeho uguhuza ibitsina nk’abubakanye kandi abanda bana baravutse.” (Tasker 1982: 22-23)

- “Imiryango cumi n’ibiri” si ngombwa ngo yerekane ko ari Abayuda -Abakristo ariko ico giharuro cerekana yuko “umwanditsi yaravye abo yandikiye ico cete nka Isirayeli y’ukuri. Ishengero ryariyitiriye mu vy’ukuri uwo mutwe w’ico gitabu, kuko cariigikorwa ca Mesiya co kwongera gushinga imiryango cumi n’ibiri (Yer. 3:18; Ezek. 37:19-24; Zab. 17:28), kandi Abakristo bariyemeza nk’aho ari abaraganwa b’ukuri b’ukwizera kw’Abayuda (Rom 4; 1 Kor. 10:18; Gal. 4:21-31; Flp 3:3).” (Davids 1982: 63; raba kandi Moo 1985: 58)<sup>4</sup>
- Ijambo “*abasabagiye*” vyongeye “rifise imvugo ngereranyo, yerekana Abakristo muri rusangi nk’inyambukira ziba kure y’i wabo h’ukuri ho mw’ijuru (1 Petero 1:1)” (Carson na Moo 2005: 628; raba kandi **Heb 11:13; 13:14; 1 Pet 1:17; 2:11**).
- Ikoreshwa ry’uburorero bwo mw’Isezerano rya Kera, imvugo ngereranyo, n’ugufatira ku vyavuzwe mw’Isezerano rya Kera si ikdasanzwe, kubera yuko abanditsi bese bavoma mu vyabaye mw’Isezerano rya Kera ko ari rwo rufatiro rw’Isezerano Risha. Mbere n’ikoreshwa ry’ijambo “isinagogi” muri **Yak 2:2** ntibica bisigura yuko ari amakoraniro y’Abakristo b’Abayuda, kubera yuko mu **Ivyah 2:9** na **3:9** Yesu yakoresheje iryo jambo nyene igihe yariko aravuga kw’ishengero ryose.
- “Nimba ‘imiryango cumi n’ibiri’ itegerezwa kuba ifatiye kuri Isirayeli nk’ihanga, aho rero ntibisobanuritse ingene rishobora kuba rifatiye ku Bayuda gusa bashoboye kuba Abakristo [kuko ata kintu na kimwe cavuzwe ku “imiryango cumi n’ibiri” ko ari Abakristo]. Ivyumvikana bisaba yuko dutahura iryo jambo nk’aho rifatira ku bayuda bese gusa, canke na ho ko dutahura iryo jambo mu buryo bw’ikigereranyo.” (Nystrom 1997: 38) Kubera yuko ivyariko biravugwako, ico yafatiye kuri ico gitabu cose cerekana neza ko ari Abakristo, si Abayuda, “imiryango cumi n’ibiri” itegerezwa kuba ari imvugo ngereranyo yerekana ishengero ryose, ariko atari agace k’ishengerorigizwe n’abantu bamwe gusa.
- Ubutumwa bwa Yakobo vyongeye bukoreshwa ku Bakristo bese mu bihe vyose n’ahantu hose. Ko ata kintu na kimwe muri ubwo butumwa bwa Yakobo—caba ikigaragara canke ikitagaragara—kigarukira ku bakristo b’Abayuda gusa canke ngo gitandukanye hagati Abayuda n’abakristo b’Abanyamahanga. Ahubwo, ico gitabu cose gikoreshwa ku Bakristo bese, hatarinze kurabwa iyo baturutse bava canke aho bari muri iki gihe. Ibi bikomoka mu kugene, muri Kristo, “*ntihashobora kuba Umuyuda cank’Umugiriki, ntihashobora kuba umugurano cank’uwidgemvya, ntihashobora kuba umugabo cank’umugore; kuko mwese muri umwe muri Kristo Yesu*” (**Gal 3:28**; raba kandi **Kol 3:11**). Ico gitabu ni isoko ry’ubwenge n’ibikorwa vy’abizera b’aho ari ho hose.

**1:2-4**—<sup>2</sup> *Mwiyumvire ko ari ivyo kunezererwa rwose, bene Data ni mwarwa mu bibagerageza bitari bimwe,* <sup>3</sup> *mumenye yukw’ibigerageza ukwizera kwanyu bitera ukwihangana.* <sup>4</sup> *Ariko ukwihangana gukwiye guhingura igikorwa cakwo ngo mubone gutungana rwose, musinguwe, mudahajije na kamwe.*

Yakobo atangurira ku kibazo c’icete ciwe mu kubaza kimwe mu bibazo bikomeye cane twese duhangana na co: ukugeragezwa kw’ukwizera kwacu tugeragezwa n’amageragezwa n’ibigeragezo ducamwo, twihanganira n’ukugene tuvuyifatamwo. Hariho ibintu kanaka bikomeye vy’ico kibazo vyashizwe ahabona muri iyo mirongo.

1. Ijambo ry’Ikigiriki ryasobanuwe nk’“ibibagerageza” (*peirasmos*) rirashobora vyongeye gusobanurwa nk’“amageragezwa.” Zodhiates arasigura itandukaniro: “Ibigeragezo, ukugeragezwa, gushirwa mu kigeragezo, bivugwa ku bantu gusa. Igihe Imana ari yo igerageza, *peirasmos* ni ukugira ngo umuntu asuzumwe, ariko ntivyigera biba kugira ngo agwe, ananirwe. Ariko nimba ari umwansi abagerageza, ni kugira ngo uyo muntu ageragejwe n’umwansi atsindwe, aneshwe, agwe.” (Zodhiates 1993: “*peirasmos*,” 1135) Marshall, Travis, na Paulo bagerageje kwagura ivyo: ““Amageragezwa’ avugako si ngombwa ko ari uguhamwa kweruye, ariko ni ikintu ico ari co cose kirondera kugerageza uwizera kugira ngo abivemwo, atsindwe aneshwe, ate ukwizera, nk’akarorero ingwara canke akaga, ugukubakurwa n’abatari Abakristo bagukukuje, ingorane z’ukugumana indangagaciro zigenga Abakristo mw’isi itavyemera. Amageragezwa nk’ayo si imitego dutegwa n’Imana, ariko vyinshi bikomoka kuri kamere kacyi canke ku mwansi (1:13-16; 4:7). Ariko kwihanganira amageragezwa nk’ayo bitera ugukura kandi mu nyuma bigatuma umuntu arama, ‘akazoragwa igitsibo c’ubugingo’ (1:4, 12; 5:7-11).” (Marshall, Travis, na Paulo 2002: 257)

<sup>4</sup> Kristo n’Ishengero nk’aho bashitsa Isezerano rya Kera kandi nk’aho bagize Isirayeli nsha, y’ukuri y’ukwizigirwa vyarahanahanyewe ivyiyumviro ahanini mu buryo bwiyaguye muri Menn 2016: 26-93.

2. Icafatiweko ku mirongo ya 2-4 cerekana yuko insobanuro y'ukuri ngaha ari “amagaragezwa.” Ibi biboneka igihe dufatiye ku *nyifato* yacu iyo duhuye n'ibihe bigoye n'amageragezwa kandi *ingaruka* z'ukwihangana z'ukwihanganira amarushwa nk'ayo n'amageragezwa nk'ayo. Inyifato yacu ni iyo “*kubiharura ko ari umunezero*” igihe duhuye n'ibitugerageza vyinshi bitandukanye. Mumenye yuko Yakobo yariko aravuga ati “igihe” tuguye mu mageragezwa atandukanye, atari “iyo” tuguye mu mageragezwa atandukanye. Ingorane n'amarushwa bishikira bose. Ni co gituma rero, igihe ingorane, amarushwa n'ibibazo bidukikuje, ntidukiye kwiyumvira yuko Imana yaduhevye, canke ko duhanywe kubera ivyaha canke ko iyo tuba twari n'ukwizera kurengeye ukwo dufise tutari guca mu mageragezwa no mu ngorane nk'izo. Ahubwo, Yesu ubwiwe yahanganye n'ibibazo vy'uburyo bwose kandi avuga ati, “*Mw'isi muri n'amarushwa, ariko ni muhumure, jewe naranesheje isi*” (**Yohana 16:33**, ESV). Kubw'ivyo, dutegerezwa gutahura yuko ingorane duhura na zo zitari izidasanzwe ariko ko ari *ikimenyetso c'uko Imana iriko irakoerra mu bugingo bwacu kugira ngo ivugutire ukwizera kwacu kugira ngo dushushanywe n'ishusho ya Yesu Kristo!*

Igituma dushobor guhangara no kwihanganira amageragezwa yacu tunezerewe tubisanga mu mirongo ya **3-4**: “turazi” yuko Imana iri hejuru ya vyose kandi ko ikoresha “ukugeragezwa kwacu” kwacu kugira ngo ireme muri twebwe *ukwihangana*, ukwo na kwo kugatuma *dutungana rwose, duhinguwe tudahajije na kamwe.*”<sup>5</sup> Ijambo ryahinduwe “ukwihangana” ni *hupomonē* iryo na ryo “rifatira ku kanovera k'ukugene umuntu ahinguwe kadatuma umuntu atsindwa n'ivyo ariko aracamwo, n'ingorane canke ngo aneshwe n'amageragezwa” (Zodhiates 1993: “*hupomonē*,” 1425). Ijambo ryahinduwe “kudahaza” ni *teleois* iryo na ryo riggafatira “ku muntu akuze mu kwizera atagikwegwagwegwa n'ivyaha, ivyo na vyo akaba ari vyo ayo mageragezwa yashaka gushikako, ni ukuvuga, kuba umuntu yumvira Kristo” (Zodhiates 1993: “*teleois*,” 1372). Mu yandi majambo, Imana ikoresha amageragezwa mu bugingo bwacu kugira ngo iduhindure abantu bakuze batakizungagizwa n'umuyaga, nk'uko vyari kuri Yesu ubwiwe, dushobore guhangana igihe cose n'ibihe bibi bigoye kurusha ibindi vyose mu bugingo bwacu tunezerewe, dufise ivyizigiro, dufise amahoro n'urukundo. Umuntu rero arashobora kubona muri iyi mirongo inzira ikomeye iyo Imana icishamwo kugira ngo ihingure “icamwa ca Mpwemu” muri twebwe (raba **Gal 5:22-23**). Ico Yakobo ariko aravuga gisa n'ico Paulo yavuze mu **Rom 5:3-5** hamwe n'ivyo Petero yavuze muri **1 Pet 1:6-9**.

3. Ikibazo c'amarushwa n'amageragezwa ni vyo bigize ico gitabu cose. Ico gitabu cose gishobora kuboneka nk'ibikomoka muri iyo mirongo itatu y'aho hejuru. Ni co gituma, “ubwonge” buvugwa muri **Yak 1:5** busubira inyuma bugafatira ku “kumenya” kwo ku murongo wa **3**. Ukuvuga ku batunzi n'aboro ku mirongo ya **9-11** kugaragarira mu kugene twigenza mu mageragezwa (bwaba ubukene, bwaba ubutunzi vyose ni amagaragezwa canke ibigeragezo bigerageza, bisuzuma ukwizera kw'umuntu). **Yak 1:12-15** rero haca hongera hakabaza ikibazo kijanye n'amageragezwa n'ibigeragezo. Ikindi, nk'uko twabibonye mu ntangamarara, igice cose gisigaye co muri ico gitabu gisubiramwo kandi kikanoganza ibibazo vyabajijwe, vyashizwe ahabona muri **Yakobo 1**. Ico gitabu cose mu vy'ukuri cerekeranye n'ukwizera nyakuri ukwo ari kwo n'ingene gusa, n'ingene kumeze—kandi ukwizera nyakuri kuboneka mu vy'ukuri igihe kumaze gusuzumwa, kugeragezwa n'amageragezwa n'ibigeragezo.

**1:5-8**—<sup>5</sup> *Ariko asangwa hari uwo muri mwebwe akenye ubwenge, n'abusabe Imana igabira bose ata kinubwe idaterana imirarwe azobuhabwa.* <sup>6</sup> *Ariko asabe yizeye ata co akekeranya kuko ukekeranya ameze nk'umupfunda wo mu kiyaga utwarwa n'umuyaga usimbaguritswa.* <sup>7</sup> *Uyo muntu yoye kwiyumvira kw'ari n'ico azohabwa n'Umwami Imana,* <sup>8</sup> *kukw ari umuntu w'imitima ibiri, adaguza mu nzira ziwe zose.*

Amajambo “ariko” na “akenye” ashira hamwe iyo mirongo **2-4**. Ayo majambo atwereka urupfunguruzo rutwugururira ukwihanganira n'ugutsinda amarushwa n'amageragezwa ko ari *ubwenge*. Ubwenge ni urupfunguruzo kubera yuko ubwenge burengeye ubumenyi: ubwenge bugizwe n'ubumenyi hamwe n'ugukoreha ubwo bumenyi. Ubwenge ni “ukumenya” (**umurongo wa 3**) ko Imana iri inyuma y'ayo mageragezwa kandi ko iriko irayakoresha kubw'inyungu zacu kandi vyongeye bitwereka *ukugene dukwiye kwifata no kwigenza* muri ayo marushwa n'amageragezwa. Biduha ukubona neza ivyo tuba turimwo n'ibiba biriko birakoreka tubirabiye mu *ndoreramwo y'Imana, tubibonye ukugene n'Imana ibibona*, tutabirabiye mu kugene twebwe ubwacu

<sup>5</sup> Dutegerezwa kunezererwa igihe duhuye n'uguhama kubera ukwizera kwacu, nk'uko vyabaye ku ntumwa mu **Ivyak 5:40-41**. Ariko, amageragezwa mu fvy'ukuri ahinduka “ibigerageza ukwizera kwacu” igihe dupimwa tugasanga turwaye cancer, igihe dukomereka cane mu mpanuka z'imiduga n'amasanganya y'imiduga, canke iyindi mibabaro idushikira *ata kintu na kimwe cosigura igituma bidushikiye*. Mu bihe nk'ivyo, ukwizera kwacu kuba gushizwe ku munzane kubera yuko dushobora “*kugenda turongowe n'ukwizera, ntiturongorwa n'ivyo tubona*” (**2 Kor 5:7**).

tubibona gushobora kuba kurimwo amahinyu kandi kugoye kubera ingorane n’ububabare tuba turimwo. Ariko turabiye mu bwenge tubona yuko amarushwa yacu n’amageragezwa yacu, aho bituruka hose, ari akaryo keza ku Mana kugira ngo ishitse intumbero zayo mu bugingo bwacu.

Iyi mirongo vyongeye itubarira yuko igituma dushobora guca muri ivyo bigeragezo n’ayo marushwa tukanesha ari Imana ubwayo. Ni yo itanga ata *“kinubwe kuri bose”* (**umurongo wa 5**). Icongeyeko, turazi yuko Imana ari yo ituronsa ivyo dukenye vy’ubwenge kubera yuko ari yo soko y’ubwenge (**Yobu 12:13; Imig 2:6; Yes 11:2; Luka 21:15; 1 Kor 2:13; Ef 1:16-19; Kol 2:2-3; 3:16; Yak 3:17**).

“Ukwizera” dutegerezwa gusaba (**umurongo 6**) si “ukwizera ububasha bwo gusenga” canke “ukwizera ububasha bw’ukwizera.” Ukwizera si ikintu ca maji “c’ububasha.” Ahubwo, ukwizera Bibiliya ivuga ni mu vy’ukuri ukwizigira Imana hamwe n’ukuyishikanira ubugingo bwawe mu kwumvira Imana biciye muri Kristo Yesu wisunze ico yavuze. Ni co gituma, Mw’Isezerano rya Kera, umurwi umwe w’amajambo y’Igiheburayo ushira hamwe ukwizera canke ukwemera kuvugwa kuri ico cyumviro “co gufatira cznke gushira ivyizigiro mu muntu kanaka cnke mu kintu kanaka [mu yandi majambo, mu Mana]”; uwundi murwi w’amajambo y’Igiheburayo avuga kuri ico cyumviro nyene “akunda kugaragara kenshi muri Bibiliya y’Igiheburayo ariko mu vy’ukuri agahindurwa ‘kwizigira’ aho kuvugwa ko ari ‘ukugira ukwizera /kwizera’” Ni co gituma, “ubushake bwa Aburamu bwo kwizigira Imana . . . bumugira akarorero ka mbere k’iciyumviro ca Bibiliya c’ukwizera. Ubugombe bwiwe bwo kwizera no kwumvira Imana ni ugushitswa kw’isezerano Imana yagiriraniye na we.” (Schowalter 1993: 222) Iciumviro c’Isezerano Risha c’ukwizera na co nyene ni ko kimeze, itandukaniro nyamukuru ni uko uwo umuntu yizera ari Yesu Kristo. Ni co gituma, ururimi rw’ukwizera rukoresha “hose mu kwemeza ububasha buhambaye buri hejuru ya vyose bwa Yesu kandi vyongeye n’ukugene umuntu yifata, yigenza ku butumwa bwiza Yesu yaje gutangaza” (France 1992: 223). Ibi bitubarira yuko hariho ukutanyiganyiga no kuguma ku cyumviro c’ukwizera nyakuri kutavana n’ibiba bikikuje umuntu ariko gushingiye ku migenderanire mizima umuntu afitaniye n’Umwami.

Ukwo kutanyiganyiga no kuguma ku cyumviro c’ukwizera kwerekanwa n’ibinyuranye n’ivyo—“ugukekeranya.” Yakobo avuga yuko uwukekeranya ameze nk’*“umupfunda wo mu kiyaga utwarwa n’umuyaga usimbagaritswa . . . umuntu w’imitima ibiri, adaguza mu nzira ziwe zose”* (**imirongo ya 6, 8**). Mu yandi majambo, umuntu nk’uwo ahagarara umusi umwe uwundi akaba yaguye, atwara n’ibishitse vyose ntagira ukwizera imbere mu mutima kandi nta ntiyemera n’ivyo yizera. Douglas Moo asigura avuga ati, “Ico Yakobo anebagura muri iyi mirongo si umuntu akekeranya rimwe na rimwe ku kwizera kwiwe, canke rimwe na rimwe agwa mu vyaha—ni na bake mbere amasengesho yabo yishuwe atari ameze gurtyo! Ahubwo, Yakobo avuga ku muntu yubakiye ku budyarya mu kurondera ibintu nk’ubwenge buva ku Mana; umuntu arondera gukorera abami babiri batandukanye mu gihe kimwe (raba Mat. 6:24; Yakobo 4:4).” (Moo 1989: 1154) Ronald Ward abivuga gurtya, *“gukekeranya* si ukutizera canke kutemera ko ibintu bidashoboka kubaho. Ikibiranga ni ukutavyemera imbere. Uwukeyeranya aremera kandi agahakana; yumira kw’isezerano—ariko azi neza ko ritazoshitswa.” (Ward 1970: 1224) Ni amarushwa n’amageragezwa duhura nay o yerekana ingene ukwizera kwacu guhagaze, kumeze kandi agakoresha kugira ngo arwize, yagura ukwizera kwacu n’ukwizigira Uhoraho uko akorera muri twebwe muri ayo marushwa n’amageragezwa.

**1:9-11**—<sup>9</sup> *Ariko mwene Data w’umufafara ni yirate ko ashizwe hejuru; <sup>10</sup> umutunzi na we ni yirate ko acishijwe bugufi kukw azoyoka nk’amashurwe y’ivyatsi. <sup>11</sup> Kukw izuba rirasa rizanye indugumba rikumisha ivyatsi amashurwe yavyo agahunguruka ubwiza bw’ishusho yayo bugashira uko ni ko umutunzi azoyonga mu ngendo ziwe.*

Ukwo guhanahana ivyiyumviro ku batunzi no ku boron a vyo nyene vyakomotse mu kwihangana mu mageragezwa—ngaha ku bijanye n’abantu bari mu bihe bigoye vy’ubutunzi. Ubukene ubwabwo bushobora kuba ari igeragezwa rikomeye. Ariko kandi kuba umutunzi na vyo nyene ni igeragezwa; ubutunzi buzanana n’igeragezwa rikomeye ryo kubura aho twegamira, uwo twizera. Iciumviro cerekanywe ngaha gisa n’ico mu **Imig 30:8-9**: *“Ntumpe ubworo ntumpe n’ubutunzi, ungaburire ivyo kurya dukwiranye: sinze mpave mpimba nabi, nkakwihakana, nkavuga nti Uhoraho ni iki?”* kandi noye kuba mworo ngahava niba, ngatukisha izina ry’Imana yanje.” Urupfunguruzo, nk’uko bivugwa muri **Yak 1:9-11**, ni uguhanga amaso Uhoraho n’iyo umuntu azoba ibihe bidashira, takwiriye guhanga amaso ibigize ubutunzi bw’umuntu. Yakobo ariko aravuga mu vy’ukuri ivyo Kristo yavuze muri **Mat 6:19-21**: *“<sup>19</sup> Ntimukirundanirize ubutunzi mw’isi, aho inyenzi n’ingese bibumara, n’ibisuma bikimba bikabwiba. <sup>20</sup> Ariko mwirundanirize ubutunzi mw’ijuru, aho inyenzi n’ingese bitabumara, hatariyo n’ibisuma vyimba ngo vyibe; <sup>21</sup> Kukw aho ubutunzi bwanyu buri, ari ho umutima wawe uzoba.”* Douglas Moo abivuga gurtya: “Yakobo, rero ahanura bose aboro n’abatunzi b’Abakristo kwibuka yuko urufatiro rwabo rwonyene rw’ivyizigiro vyabo ari ukwishushanya na Kristo Yesu . . . Abakristo bose, mu yandi



majambo, bategerezwa kubona ubugingo bwabo baburabiye mu ndoreramwo y'ijuru ariko bataburabiye mu ndoreramwo y'isi.” (Moo 1985: 69)

**1:12-15**—<sup>12</sup>*Hahirwa umuntu yihanganira ibimugerageza, kuko ni yamara kurama azohabwa igitsibo c'ubugingo ico Imana yasezeraniye abayikunda.* <sup>13</sup>*Umuntu ni yageragezwa gukora ibibi yoye kuvuga ngo Imana ni yo ingerageje kukw Imana itageragezwa n'ibibi kandi na yo nta we ibigerageresha.* <sup>14</sup>*Ariko umuntu wese ageragezwa iyo akwezwe n'ivyo yipfuza bikamusuka.* <sup>15</sup>*Maze ukwo kwipfuza gutwara inda, kukavyara icaha, icaha kimaze gukura kikavyara urupfu.*

Muri iyi mirongo Yakobo agaruka mu buryo bugaragara ku cyumviro co ku mirongo ya 2-4. Ariko umurongo wa 12 uragenda ugashika kure y'umurongo wa 4 ku bijanye n'impembo yo kuguma ari abizigirwa nubwo boba bari mu marushwa no mu mageragezwa maze agace yinjiza mwo ikindi cyumviro c'impembo, ingero yo muri kazoza— “*igitsibo c'ubugingo*”—abihanganye bazohabwa. Ivyo ntibinyuranye n'ugushimika kwa Yakobo kuri ku guhera ku mirongo ya 9-11 abantu bategerezwa kugumizako amaso ku vyo bazararwa vy'ibihe bidashira, ntibagumize amaso ku butunzi bw'iki gihe no ku ngorane z'ubutunzi zo muri iki gihe barimwo.

**Yak 1:13-15** ni isuzuma rihambaye ry'akamere k'amageragezwa n'icaha. Iyi mirongo yerekana ibintu bikomeye bitari bike:

1. Ku murongo wa 12, ijambo ryasobanuwe “ibimugerageza” (peirasmos) ni ryo jambo nyene ryakoreshejwe ku murongo wa 2; ku mirongo ya 13-14, amajambo yasobanuwe “yageragezwa” na “ingerageje” (peirazō) ni izina mvarivuga ry'iryo jambo nyene mu rurimi rw'Ikigiriki. Icari gifatiweko cerekana yuko insobanuro nyakuri yok u murongo wa 12 ari “amageragezwa” kandi ku mirongo ya 13-14 insiguro nyakuri nziza ni “ageragezwa.” Ariko, nubwo ayo majambo nyene akoresheya, ku mirongo ya 2 na 12 hariho ibindi bintu bikomoka hanze bivugwako, ariko ku mirongo ya 13-14 havugwa ku bikomoka imbere mu mitima.

2. Iyi mirongo yerekana inkomoko nyakuri y'icaha—n'inkomoko nyakuri y'amageragezwa ubwayo—bikomoka imbere muri twebwe, mu mitima yacu. Ivyo tuba turiko turacamwo, abandi bantu, na Satani ubwiwe biguma biduha akaryo ku kugaragaza no kwerekana ukwizera canke ko gucumura. Ariko n'ubw'ibihe vyoba bigoye, bikavangana n'abantu bakorana na Satani bipfuzwa kuturwisha ntibishobora kudukura ku kwizera kiretse kandi gushika twemereye Satani ivyo atubarira, tukavyemera, tukabiha ikibanza mu mitima yacu. Igeragezwa riva imbere mu mitima, ntiriva hanze. Abantu babiri bashobora guhura n'amageragezwa amwe, ariko umwe agacumura uwundi ntacumure. Nk'akarorero, umuntu akenye cane abona umupfuko w'amahera wanjanjweko; nimba ayiba canke ntayibe “*iyo akwezwe n'ivyo yipfuza bikamusuka.*” Umugabo akora ivyashara, w'umudandaza yarongoye akaba ari wenyene akaba ari kure y'i muhira, kure y'umugore wiye yagiye kurangura akabona umugore canke umukobwa mwiza yipfuza kuryamana na we; nimba uwo mugabo yemera kuryamana n'uwo mukobwa canke uwo mugore canke akemera guhemukira umugore wiye bivane ahanini n'uko aba “*akwezwe n'ivyo yipfuza bikamusuka.*” Yakobo ariko aratubarira iryo ryungane aguma akoresha, “Satani ni we yatumye ndabikora,” ukwo si ukuri. Umwansi ntashobora gutuma dukora ivyo tudahisemwo twebwe ubwacu gukora. Twebwe rero ubwacu turafise uruhara mu vyabaye vyose, mu vyo dukora vyose, kandi Imana izotubaza ivyo twakoze vyose, ntidukwiye kubisuka kuri Satani ngo ni we yaduhenze. Mu vy'ukuri, Yakobo ariko aravugaga ivyo Yesu yavuze muri **Mat 15:19**, ko “*kuko mu mitima havamwo ivyiyumviro bibi: ubwicanyi, ubusambanyi, ubushakanyi, ubwivyi, kwagiriza abanda ibinyoma, ibitutsi.*”

3. Ijambo ryahinduwe nk'“ivyipfuzo” ku mirongo ya 14-15 ni epithumia. Nubwo ijambo “ivyipfuzo” kenshi na kenshi rikoresheya mu gusigura imibonano mpuzabitsina, iyo si yo nsiguro ya mbere ngaha. *Epithumia* ahanini risigura “kwipfuza cane, icipfuzo kinini, kwipfuza kuronka ikintu”; cane cane iyo ico cipfuzo gikoreshejwe mu buryo bubi gisigura “icipfuzo kidasanzwe, umunoho udasanzwe, akayabagu kadasanzwe, ugusukwa” (Zodhiates 1993: “*epithumia,*” 627). Mu vy'ukuri, iyi mirongo iriko iratubarira yuko igihe cose dukora ivyo twipfuza kurusha ibindi. Nk'akarorero, hamwe umukoresha wacu yotubarira ko dukwiye kubesha ku kintu kanaka canke ko tutabesha kuri ico kintu duca dutakaza akazi kacu, duca dukurwa mu kazi, hamwe duhisemwo kubesha si kubera twari “twategetswe kuvuga ibinyuranye n'ivyo tugomba” ariko ni kubera twipfuza kudatukaza akazi kacu, kudakurwa mu kazi aho kuba umuntu w'umunyakuri, atabesha tukavuga ukuri. Iyo, mu bwicanyi bw'agahomerabunwa bwabaye mu Rwanda, twari kubwirwa yuko dukwiye kwica umuntu kandi ko tutamwishe twebwe ubwacu duca dusubira mu gishingo ciwe, duca twicwa mu gishingo c'uwo twanse kwica, hamwe duhisemwo kumwica ni kubera twipfuza kubaho kurusha uko twipfuza kwumvira itegeko n'icagezwe c'Imana,

“*Ntukice*” (**Kuv 20:13**). Igihe akaryo (ivyo tuba uriko turacamwo) bihwanye n’ivyipfuzo vyacu, aho haca haba ugutwara inda y’ivyo twipfuzwa. Ukwo gutwara inda y’icaha igihe cose kuvyara urupfu.

Uko ni ko vyagenze guhera ku bantu ba mbere (Adamu na Eva) bakoze icaha ca mbere (kurya ku camwa bari babujijwe): igihe Eva “*yabona yuko ico giti ari ikibereye kuribwa, kandi ko gihimbaye mu jisho, ari igiti co kwipfuzwa kimenyeshya ubwenge, yamura ku vyo camye, arabirya, ahako n’umugabo wiwe bari kumwe, na we ararya*” (**Ita 3:6**). Mu yandi majambo, bipfuye kurya ku camwa kubera inyungu bibaza ko bazokura mu kurya kuri ico camwa kurusha kwizera, kwizigira no kwumvira Imana. Uko imisi yose ni ko vyama bigenda. Ducumura kuko tubihisemwo, kuko tuvuyipfuzwa, tubishaka.

**1:16-18:** <sup>16</sup> *Ntimuzimire bene Data nkunda.* <sup>17</sup> *Gutanga kwose kwiza n’ingabire yose itunganye rwose biva mw’ijuru vyururuka biva kuri Se w’imico adashobora guhinduka canke kugira igitutu gitewe n’uguhindagurika.* <sup>18</sup> *Nkuko yabigabiye ubwayo, yatuvyarishije ijambo ry’ukuri kugira ngo tube nk’umushuzo w’ibiremwa vyayo.*

Umurongo wa **16** ukoreshwa hose ku mirongo ya **14-15** no ku mirongo ya **17-18**. Iyo mirongo ine yerekana ubudasa budasanzwe:

Imirongo ya 14-15	Imirongo ya 17-18
Ukugeragezwa = gukwegwa n’ivyo wipfuzwa bikagusuka	Gutanga kwose kwiza n’ingabire yose itunganye rwose biva mw’ijuru vyururuka biva kuri Se w’imico
Ukwipfuzwa—gutwara inda kukavyara icaha	We—yatuvyarishije ubugombe bwiwe n’ijambo ry’ukuri
Icaha kivyara urupfu	Dukwiye kuba imishuzo mu vyaremwe vyawe

Mu bigenga “imishuzo” (umurongo wa **18**) harimwo ibi bikurikira:

- Ivyimbura bitoretse birobanuritse vyiza (**Kuv 23:19**)
- Vyiza kandi ari ho bicimbura (**Lew 2:11-12, 14**), ibitoretse (**Guh 18:12**), bitagira agasembwa (**Guh 28:31**)
- Wubahisha Uhoraho ibintu vyawe (**Imig 3:9**)

Nk’“imishuzo,” ubugingo bwacu butegerezwa kugaragaza ivyo bintu twavuze aho hejuru.

- Imishuzo yashigikira, yafasha abaherezi (**Guh 18:8-12; Ezek 44:30**); ubu turi, ishengeru, “*dukoranije kuba abami n’abaherezi*” (**1 Pet 2:5, 9; Ivyah 1:6**), mu yandi majambo, dukwiriye gufashanya.
- Umutori w’abaherezi wari uwo gutuma “*biyegurira ivyagezwe vy’Uhoraho*” (**2 Ngo 31:4-5**); ubu na ho dukwiriye “*kuguma [kubandaniriza] mw’ijambo ryawe*” (**Yohana 8:31**) kandi tukaba “*abakora ivy’iryo jambo*” (**Yak 1:22**).
- Imishuzo yerekana ko Imana izokwemera Isirayeli (**Lew 23:10-11**); ubu twebwe, ishengeru, turi “*ugukebwa nyakuri*” (**Fil 3:3**), uruvyaro rw’ukuri rwa Aburahamu (**Gal 3:29**), urusengeru rw’ukuri (**1 Kor 3:9, 16-17; 2 Kor 6:16-7:1; Ef 2:21; 1 Pet 2:5; Ivyah 3:12; Ivyah 13:6**), “*Abaraganwa b’ab’Isirayeli*” b’ukuri (**Ef 2:12, 19**), Isirayeli y’ukuri y’Imana (**Gal 6:16**).

Umurongo wa **18**, co kimwe n’umurongo wa **16**, ni umurongo w’imfatakibanza. Uheraheza ivyo Yakobo yamye aravuga gushika ngaha, gushika ubu, guhera ku murongo wa **2**. Ico dushingiyeko ni ukuba mu Mana; ni yo iduha ubwenge dukeneye kugira ngo dushobore guhagarara tudatsinzwe n’amageragezwa (umurongo wa **5**); ntitugerageresha gucumura (umurongo wa **13**) ariko, ahubwo, iduha ibintu vyose vyiza (umurongo wa **17**). Igituma ivyo vyose biba ni uko yabigabiye ubwayo “*yatuvyarishije ijambo ry’ukuri*” (umurongo wa **18**), mu yandi majambo, yatugize bazima, iduha ubugingo busha, iradukiza (**Yohana 1:12-13; Ef 2:8-9**). Ariko yadukijije kubera impamvu kanaka, kugira ngo “*tube nk’umushuzo w’ibiremwa vyayo*” (umurongo wa **18**). Uko ivyo bisa ni vyo bigize ibisigaye vyose vyo mu gice ca 1 kandi, kanatsinda, ibisigaye vyose vyo muri ico gitabu.

**1:19-20:** <sup>19</sup> *Ivyo murabizi bene Data nkunda yamara umuntu wese ni yihutire kwumva atebe kuvuga atebe kuraka;* <sup>20</sup> *kuk’uburake bw’umuntu budakora ivy’ukugororoka kw’Imana.*

Kenshi turatsindwa n’uko tutabanje kwiyumvira, twihuse, kandi twavuze tutabanje kuyungurura ivyo tuvuga, twahurudutse—kumbure urusaku tutabanje gutohoza neza canke kubera ishavu. Ikindi, turihutira kuvuga yuko twasotowe bigatuma tugira ishavu, mu yandi majambo, kwiyumvira yuko twagiriwe nabi, ko dufise uburenganzira bwo gushavura, kandi ko Imana iri mu ruhanda rwacu. Iyo nyifato iturongorera ku gusubira gukoresha “*ikibi ku kindi canke igitutsi ku kindi*” (**1 Pet 3:9**). Ivyo binyuranye n’ubugingo bushingiyeye k’ubuntu twahamagariwe kubaho. Mu bugingo bushingiyeye k’ubuntu, ntidukwiriye gusubiza ikibi ku kindi, igitutsi ku kindi ariko dukwiriye ahubwo “*guhezagira abatugirira nabi*” (**1 Pet 3:9**).

Ijambo ry'Ikigiriki "ishavu" ni *orgē* rifatira kw'"ishavu nk'ukugene umuntu ameze mu mutima" mu buryo bunyuranye n'ijambo *thumos* rifatira ku "burake nk'ukutigumizamwo umutima wo kwihora" (Zodhiates 1993: "orgē," 1055). Yakobo ariko aributsa ivyo Yesu yavuze ku bibi n'ibitwanduza ko biva imbere mu mitima yacu (**Mat 15:15-20; Mariko 7:14-23**). Kubw'ivyo, dutegerezwa kurinda imitima yacu, ubwenge bwacu, n'ibigumbagumba vyacu. Ivyo tubishikako mu "kwihutira kwumva, guteba kuvuga no guteba kuraka," aho tuzoca twirinda icaha co gucira imanza abandi kandi tukirinda, tukikingira kuzocirwa imanza na twe canke gutsindwa na twebwe ubwacu (raba **Mat 7:1-2**).

**1:21-27:** <sup>21</sup> *Nuko rero mwiymbure imyanda yose n'ububi busigaye mwakirane ubugwaneza ijambo ritewe muri mwebwe, rishobora gukiza ubugingo bwanyu.* <sup>22</sup> *Kandi mube abakora ivy'iryo jambo ntimube abaryumva gusa mwibeshu.* <sup>23</sup> *Kukw uwumva iryo jambo ntarikore amezxe nk'umuntu yirabiye mu cirore, mu maso hiwe yavukanye;* <sup>24</sup> *amaze kwiraba akagenda uwo mwanya agaca yiyibagira uko asa.* <sup>25</sup> *Ariko uwitegereza ivyagezwe bitunganye rwose ari vyo vy'umwidgegemvyo akabishishikara atari uwumva akavyibagira ariko ari uwubikora ni we azohabwa umugisha mu vyo akora.* <sup>26</sup> *Umuntu ni yigira ngo ni umunyedini ntafate ururimi ariko agahenda umutima wiwe idini y'uho izoba ari iyo ubusa.* <sup>27</sup> *Idini itunganye itagira agasembwa imbere y'Imana Data wa twese ni ukuraba impfuyi n'abapfakazi mu marushwa yabo no kwirinda ngo ntiwanduzwe n'ivy'isi.*

Aka gace ka nyuma karekare k'igice ca mbere kaduha icyumviro nyamukuru c'ibisigaye vyose vyo muri ico gitabu; ibisigaye vyo muri ico gitabu vyerekeranye n'ugushira mu ngiro amahame yavuzweko ngaha. Urupfunguruzo rw'ukubaho ubugingo bw'ubwizigirwa ni ijambo ry'Imana. Ni co gituma, nubwo "uburake bw'umuntu budakora ivy'ukugororoka kw'Imana" (**umurongo wa 20**), Ijambo ry'Imana, igihe ritewe mu mutima w'umuntu, rishikira, rigakora ivy'ukugororoka kw'Imana—ryo ubwa ryonyene "ni ryo rishobora gukiza imitima yanyu" (**umurongo wa 21**). Ariko, ijambo ntirikwiye gusomwa gusa canke gufatwa ku mutwe gusa; ahubwo, rikwiye ugira ico rikozweko. Ni co gituma umurongo wa **22** utubarira ko dukwiye kugaragaza ko turi "abakora ivy'iryo jambo ntitube abaryumva gusa twibeshu."

Umurongo wa **21** utwibutsa yuko dukukujwe n'imyanda n'ububi. Hamwe twobishira muri twebwe, vyotuzanira kuba abantu babi b'inkozi z'ibibi. Ijambo ry'Ikigiriki ryahinduwe "ububi" ngaha ni *kakias* rifatira ku "bubi bw'umutima nk'ingeso mbi z'umutima . . . ububi mu buryo bw'ingeso busigura ububi bw'umutima bw'ubugingo n'inyifato canke ingeso" (Zodhiates 1993: "kakia," 807). Nk'uko yabikoze ku mirongo ya **19-20**, Yakobo ashitse neza kw'isonga ry'icyumviro ariko aravugako muri iki gitabu cose: uko tumeze imbere mu mitima yacu mu vy'ukuri. Dushobora "kwakira gusa ijambo" *duciye bugufi*. Ivyo vyongeye bihwanye n'ivyavuzwe ku mirongo ya **19-20** kubera yuko uguca bugufi ari ikinyuranye n'ukwikwegerako n'ishavu bivugwa muri iyo mirongo. Uguca bugufi ni ukumenya n'ukwemeza yuko ijambo twakira rikiza imitima yacu turihabwa n'ubuntu bw'Imana gusa, tutarihabwa kubera ikintu na kimwe ciza twakoze canke kubera tubibereye. Ntiturironkeshwa n'ivyo twashitseko canke n'ibikorwa vyacu; turarihabwa n'ubwo tutaba turibereye—kanatsinda— kubera ivyaha vyacu, ibigabitanyo, ukunanirwa hamwe n'ukutabibera. Igihe dutahuye ivyo mu vy'ukuri, bitegerezwa kudushikana ku kumenya ingene tumeze mu mitima hanyuam tukibuka tugashira mu ngiro ivyo Yakobo yariko aravugako.

Imirongo ya **22-25** ishiraho ihame ry'urufatiro: "Mube abakora ivy'iryo jambo, ntimube abaryumva gusa, mwibeshu" (**umurongo wa 22**). Ijambo ni iciroro c'ubugingo bwacu (imirongo ya **23-25**). Ijambo kandi ni urugezo dutegerezwa gufatirako mu gusuzuma ubugingo bwacu. Ijambo ritwereka ingene dukwiriye kubaho. Ariko ijambo rirengeye ivyo. Ku murongo wa **25** ijambo ryitwa "ivyagezwe bitunganye rwose, ari vyo vy'umwidgegemvyo." Ibi bimeze birtyo kubera bitubohora ku binyoma. Nk'uko Yesu yavuze, "Ni mwaguma mw'ijambo ryanje, muri abigishwa banje vy'ukuri, kandi muzomenya ukuri, kandi ukuri kuzobaha kwidgegemvya" (**Yohana 8:31-32**). Ijambo vyongeye riduha kwidgegemvya no kubohoka ku ngogo y'ububasha n'ingaruka z'icaha; nk'uko umurongo wa **21** ubivuga, ijambo ryatewe muri twebwe rikiza ubugingo bwacu n'imitima yacu. Ni co gituma, ijambo, mu vy'ukuri, ringana n'ubutumwa bwiza bwatubohoye ububasha n'ingero y'icaha kugira ngo ntitube tukiba abaja b'icaha (**Rom 6:6-7**). Ijambo ntiritubohora gusa ku binyoma n'icaha, ariko vyongeye riraturubohora rikadushoboza *kumenya* Imana, gusenga Imana, kwiyumvira ibigororotse, no kubaho mu bugororotsi. Ni co gituma, **umurongo wa 25** usezerana umugisha ku bakora ivyo ijambo rivuga. Mu gukora gurtyo, Yakobo yibutsa ivyo Yesu yavuze muri **Luka 11:28** (ESV): "Hahirwa abumva ijambo ry'Imana bakaribungabunga!" Ariko, imigisha n'imihezagiro hamwe n'inyungu zikomoka kw'ijambo bizocika, bihinduke ivyacu "ni twaribungabunga". Mu yandi majambo, turiga ijambo, tukaric hirya no hino, tukarisorongora, tukarishira mu ngiro kugira ngo iryo jambo ribe "iritewe" mu mitima yacu, mu bitugize vyose. Mu nca make, duca tuba abantu b'ijambo.

Imirongo ya **26-27** ipfunyapfunya ivyo Yakobo yamye aravuga mu kwerekana ico Imana ibona ko ari “idini nyakuri.” Ijambo ryahinduwe nk “idini” muri iyi mirongo ni *thrēskeia* rifatira ku “migenzo y’ibikorwa canke ku gusenga” (Zodhiates 1993: “*thrēskeia*,” 742) canke “ukugaragaza ukwishikana kurengeye abantu, cane cane uko bigaragarira mu migirwa y’imico kama” (Danker 2000: “*thrēskeia*,” 459). Mu yandi majambo, ariko aravuga ku bigirwa mu madini bifise akamaro n’agaciro mu nyonga z’Imana. Abantu bakora ibintu vyinshi bitandukanye vy’imigirwa n’ivy’amadini: bamwe baracunya (barapfukama kugira ngo berekane ko bubashe); abandi bakagira urumenyetso rw’umugaraba; abandi batarika amaboko yabo igihe baba bariko barasenga; abandi bunamika imitwe, bagapfunga amaso, bagahumiriza, canke na ho bakanyuranya amaboko yabo. Yakobo ariko aravuga yuko ivyo bikorwa vyose, iyo migirwa yose mu vy’ukuri ivyo Imana yemera ko atari ugupfukama, kwunamika imitwe, n’ibindi, ariko ni “*ukuraba impfuyi n’abapfakazi mu marushwa yabo no kwirinda ngo ntiwanduzwe n’ivy’isi*” (**umurongo wa 27**).

Yakobo ariko arerekana yuko “*idini itunganye itagira agasembwa imbere y’Imana Data wa twese*” igizwe n’umuntu w’imbere n’uw’inyuma ku rukoba. Kwirinda ngo “*ntiwanduzwe n’ivy’isi*” ahanini bifatiye ku kugene umuntu ameze imbere mu mutima, mu yandi majambo, “kutanduzwa” n’indangakaranga, ivy’isi shira imbere hamwe n’ivyiyumviro vy’isi. Ibi ni ngirakamaro kubera yuko “Ikibano cama cerekana, kirangwa ahanini n’ivyizerwa n’ibikorwa vy’igipagani, mbere ahanini bigwanya Ubukristo. Uwizera aba mw’isi yama ari mu kaga ka misi yose ko kwanduzwa n’ivy’isi vyama “bimwikubako.” (Moo 1985: 87) Iyo mpanuro igaruka ku murongo wa **21** aho Yakobo atubarira kwiyambura “*imyanda yose n’ububi busigaye*.” Iyo tubikora mu gushira imitima yacu “*ku biri hejuru, ntityushire ku biri mw’isi*” (**Kol 3:2**). Dukora ivyo mu “*gufata mpiri ivyiyumvirwa mu mitima vyose ngo tubigomorere Kristo*” (**2 Kor 10:5**) kandi no mu gushingira ku “*vy’ukuri vyose, ivyo kwubahwa vyose ibigororotse vyose, ibitanduye vyose, ivy’igikundiro vyose, ibishimwa vyose,*” ni haba hariho ingeso nziza, ni haba hariho gushimwa (**Fil 4:8**) ivyo abe ari vyo twitwararika. Muri make, dukwiriye “*kubanza kwitwararika ubwami bw’Imana n’ukugororoka kwayo*” (**Mat 6:33**) hamwe n’“*ugukundisha Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n’ubugingo bwanyu bwose n’ubwenge bwanyu bwose n’inkomezi zanyu zose*” (**Luka 10:27**; raba kandi **Mat 22:37**), iryo ni ryo bwirizwa rya mbere kandi rihambaye kurusha ayandi yose (**Mat 22:38**).

Kuraba impfuyi n’abapfakazi mu marushwa yabo ni ibigaragariza abantu ko dukunda Imana. Iryo ni ibigaragarira abantu, ikimenyetso kiboneka c’ivyabaye imbere mu mutima, impwemu y’ubuntu iri mu bugingo bw’umuntu. Iryo ni vyo Yesu yita ibwirizwa rya “kabiri”, “*Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda*” (**Mat 22:39**; raba kandi **Luka 10:27**). Ukwitwararika n’impuhwe dukwiriye kwereka abandi ntibikwiriye kugarukira ku “mpfuyi no ku bapfakazi.” Kanatsinda, “*impfuyi n’abapfakazi bahindutse mw’Isezzerano rya Kera ikintu bafatirako mu kuvuga abatishoboye, abatagira shinge na rugero, ba ntaho nikora bo mw’isi*” (Moo 1989: 1155). Yesu yarabigaragaje neza igihe yavugaga ku kuzocira imanza intama n’impene. Yavuze ati, “<sup>35</sup>*Nari nshonje murangaburira nari mfise inyota mumpa ico kunywa, nari ingenzi mumpa indaro; <sup>36</sup>nagenda gusa muranyambika nari ndwaye muza kuraba uko meze nari mw’ibohero muza kundaba.*” <sup>37</sup>*Maze abagororotsi bazomubaza bati, ‘Mwami twakubonye ryari ushonje tukaguburira, canke ufise inyota tuguha ic’unywa? <sup>38</sup>twakubonye ryari uri ingenzi tuguha indaro canke ugenda gusa tukakwambika? <sup>39</sup>twakubonye ryari urwaye canke uri mw’ibohero tuza kukuraba?’* <sup>40</sup>*Umwami na we azobishura ati, ndababwire ukuri ko mwabigiriye umwe muri aba bene Data bari hanyuma y’abandi ni jewe mwabigiriye.*” Intumwa Yohana yarashimangiye yuko ibikorwa dukora bikagaragara vy’ukwerekana urukundo ku bandi ari ikimenyamenya, icemeza nimba dufise ukwizera kw’ukuri gukiza canke ko tudafise ukwizera kw’ukuri gukiza. Muri **1 Yohana 4:20** avugaga ati, “*Umuntu ni yavugaga ati Nkunda Imana akanka mwene Data wundi, aba ari umubeshi. Kuk’udakunda mwene Data yabonye ntashobora gukunda Imana atabonye.*” Muri make, “idini ‘itunganye itagira agasembwa’ ry’Umukristo atagira agasembwa atunganye’ (umurongo wa 4) rifatanyaga ugutungana kw’umutima n’ugutungana kw’ibikorwa” (Moo 1985: 87).

Igice ca mbere ca Yakobo cakoze ku bibazo nkoramutima vy’ubugingo bwacu n’ukwizera kwacu: guhera mu mageragezwa n’ukugene dushobora kunesha ayo mageragezwa, icaha na kameremere, ingene dutegerezwa kubaho, agaheraheza yerekana idini nyakuri mu nyonga z’Imana. Yarashitse ku mutima w’ico kibazo. Ukugene avugaga ku kamere k’idini nyakuri ku urongo wa **27** ariko arerekana ico ukwizera kwacu kwategerezwa kuduhikanako: uko tuguma tuvuma ku bwenge bw’Imana kandi tukabaho mu kwizera no kugaragaza ibikorwa vy’ukwizera, tuzoca twerekana akamere k’Imana ubwayo yo ari “*Se w’impfuyi, n’umucamanza ahagarikira abapfakazi*” (**Zab 68:5**) kandi uwo, Muri Kristo Yesu, ni “*uwageragejwe uburyo bwose nkatwe yamara we nta caha yakoze*” (**Heb 4:15**), Mu yandi majambo “*ntiyandujwe n’isi.*” Ukubaho ubugingo nk’ubwo kumeze gute mu bihe kanaka, ni co kibazo igice cose c’ico gitabu kivugako. Icon a co ni co tugomba kuvugako muri aka kanya.

**III. Yak 2:1-13—Icha c’ukurobanura abantu ku cubahiro—Bene Data, kwizera Umwami wacu Yesu Kristo w’ubwiza ntikubemwo ukurobanura abantu ku cubahiro.** <sup>2</sup>Mw’Isinagogi yanyu ni hinjiramwo umuntu yambaye impeta y’inzahabu n’impuzu zishajije hakinjira n’umworo yambaye impuzu mbi y’ubuhoma, <sup>3</sup>namwe mukitegereza uwambaye impuzu zishajije mukamubarira muti: Ni wicare hano heza kandi mukabarira nya mworo muti Weho hagarara hariya canke icara hambavu y’ibirenge vyanje,” <sup>4</sup>None se ntimuba mwisobanuye mukaba abacamanza biyumvira ibibi? <sup>5</sup>Ni mwumve bene Data nkunda: Mbega Imana ntiyatoranije aboro b’ivy’isi kuba abatunzi mu kwizera no kuragwa ubwami yasezeraniye abayikunda? <sup>6</sup>Ariko mweho mwatereje umworo none abatunzi sib o babatwaza amanyama, bakaba ari bo babakwega babajana mu manza? <sup>7</sup>Si bo barogota kw’izina ryiza mwitirirwa?

<sup>8</sup>Mugabo namba mushitsa icagezwe c’I bwami nkuko canditswe ngo “**MUKUNDE BAGENZI BANYU NK’UKO MWIKUNDA**” muba mugize neza. <sup>9</sup>Ariko iyo murobanuye abantu ku cubahiro, muba mukoze icaha mutsinzwe n’ivyagezwe ko mubaye abanyabicumuro. <sup>10</sup>Kuko umuntu wese azokwitondera ivyagezwe vyose agatsitara kuri kimwe azoba acumuye kuri vyose. <sup>11</sup>Uwavuze ati: “**NTUGASAMBANE**” ni we yavuze ati: “**NTUKICE**”. Nuko rero n’utasambana ariko ukica uzoba acumuye ku vyagezwe. <sup>12</sup>Muvuge kandi mukore nk’abagira bacirwe urubanza n’ivyagezwe Bizana umwidegemvyo. <sup>13</sup>Kuko urubanza rutagirira akagongwe utagize akagongwe ariko mu rubanza ikigongwe kiratsinda.

Ijambo ku murongo wa **1** ryahinduwe “n’umutima wo kurobanura abantu ku cubahiro” ni ijambo ry’Ikigiriki (*prosōpolēpsia*) risigura mu bisanzwe “kwakira mu maso h’umuntu,” mu yandi majambo, ukurobanurwa kubera ubutonyi (raba Moo 1989: 1155; Zodhiates 1993: *prosōpolēpsia*, 1239). Iryo jambo riri mu bwinshi (mu yandi majambo, “ibikorwa vy’ubutonyi”), vyerekana yuko, nubwo Yakobo yakoresheje akarorero k’ukurobanura umuntu ku cubahiro kubera ari umutunzi, yambaye impuzu nziza akamurutisha umworo, yambaye impuzu zitabutse z’ubuhoma (**imirongo ya 2-6**), ihame Yakobo ariko aravugako muri iki kigabane ryerekeranye “n’ugufata umuntu uwo ari we wese ubanje kuraba ibintu vy’inyuma ku rukoba—ubwoko bwiwe, ubwenegihugu bwiwe, ubutunzi canke ukugene yambaye” (Moo 1989: 1155).

1. Iki kigabane kiduha inyigisho yagutse y’igituma kurobanura abantu ku cubahiro ari icaha:

- **Umurongo wa 1—Yesu ni Umwami wacu w’Ubwiza.** Iyo duhaye abantu bamwe icubahiro, nk’umuntu atunze mu karorero Yakobo yatanze, aho tuba dukoze nk’“aho Yesu atakiri Umwami w’Ubwiza; ukwinjira kw’umutunzi kukabonwa nk’aho ari Uhoraho Umwami Yesu ubwiwe yoba ari we aserutse” (Ward 1970: 1227). Kurobanura abantu b’igihagararo kanaka ku cubahiro “ntibijanye n’ukwizera umwe yaza aje guseniyura ivyatandukanya abantu bifatiye ku bihugu bavutsemwo, amoko, inzego abantu barimwo, ibitsina n’idini” (Moo 1985: 88; raba **Ef 2:11-22**). Mu yandi majambo, igihe turobanuye abantu kanaka kubera ivyubahiro kanaka tukirengagiza iyindi mirwi y’abantu, mu vy’ukuri tuba turiko turakura ku nganji Yesu Kristo yisangije wenyene. Iki ni ikibazo gikomeye cane.

Vyongeye, Imana na yo ni umuremyi wa vyose. Imana ntiyaremye gusa abantu babiri ba mbere (Adamu na Eva) hanyuma na twe ngo itureke ukwa twenyene. Ahubwo, Imana yaremye *abantu bose umwe umwe ku giti ciwe* (**Kuv 4:11; Yobu 10:8; 31:15; Zab 100:3; 119:73; 139:13-16; Yes 44:24; Yer 1:4-5; 27:5**). Kubera Imana yaturemye, turi abayo (**Gus 10:14; Zab 24:1; 50:10-12; 95:6-7; 100:3; Yes 17:7; 29:19; 45:9; 64:8; Yer 18:1-10; Rom 9:20**). Icongeyeko, abantu bose baremwe mw’“ishusho y’Imana” (**Ita 1:26-27; 5:1, 3; 9:6; Yak 3:9**). Dufatiye kuri ivyo vyose, **Rom 2:11** havuga ibi, “*Kukw Imana itarobanura abantu ku cubahiro*” (raba kandi **Lew 19:15; Gus 10:17**). Uwo murongo ukoresha iryo jambo nyene ry’Ikigiriki (*prosōpolēpsia*) Yakobo yakoresheje ku murongo wa **1**. Ubu muri Kristo, **Gal 3:28** havuga ibi, “*Ntihashobora kuba Umuyuda canke Umugiriki, ntihashobora kuba umugurano canke uwidegemvya, ntihashobora kuba umugabo canke umugore, kuko mwese muri umwe, muri Kristo Yesu.*” Insiguro y’ibi ni uko, igihe turobanuye abantu kanaka ku cubahiro, ku cubahiro, tuba turiko turakora ibinyuranye na kamere y’Imana n’ibigize Imana na Kristo!

- **Umurongo wa 4—Igihe turobanuye abantu ku cubahiro, ku cubahiro, tuba tubaye abacamanza bashingiye ku mforo mbi.** Muri **Yohana 7:24** Yesu yavuze ati, “*Ntimupfe guca imanza ku biboneka, ariko muce imanza z’ukuri.*” Igihe dutanguye kurobanura abantu ku cubahiro dufatiye ku bintu vyo ku rukoba nk’ubutunzi, amoko, imiryango n’ibindi, Imana iharura ivyo ko ari uguca imanza mbi, za ngondagonde, kubera yuko urufatiro rw’izo manza rushigiye ku bintu bidafashe. Mbere ikibi kirushirije, imanza zifatiye ku bintu vyo ku rukoba nk’ivyo ziba zuzuyemwo ukwikumakumirako, akarenganyo, ukwipfuzwa, inzigo hamwe n’ibindi bintu *bibi* umuntu aba ahekeyeko. Dukwiye kwibuka **1 Sam 16:7** (ESV): “*Imana ntiraba nk’ukw’abantu baraba, kubw*

*abantu baraba ku rukoba gusa, ariko jewe Uhoraho ndaba mu mutima.*” Urwego twerekanako turobanura abantu ku cubahiro dufatiye ku biranga umuntu ku rukoba, tuba turiko turasuzuma kandi ducira imanza abantu mu buryo bunyuranye n’ukugene Imana isuzuma abantu kandi ikabacira imanza. Igihe dukoze durtyo, tuba tumeze nka Petero igihe Yesu yamubarira ati, “*Herera inyuma yanje, Satani! Uri ikintsitaza, kukw ivy’Imana atari vyo ubabaye, ubabaye ivy’abantu.*” (Mat 16:23)

- **Imirongo ya 5-6**—igihe turobanuye abantu ku cubahiro tuba dukengereye abo Imana yahaye icubahiro. Yesu ubwiye yari umworo. Yavuze ati, “*Hahirwa mwebwe aboro; kuk’ubwami bw’Imana ari ubwanyu*” (Luka 6:20).<sup>6</sup> Igihe dukengereye umurwi uwo ari wo wose w’abantu tuba turiko turakora “mu buryo bunyuranye n’umutima w’Imana ubwayo n’ibikorwa vyayo” (Moo 1989: 1156). Kanatsinda, tuba turiko turacira mu maso y’Imana yahezagiye kandi yarobanuye abantu ibakuye mu “*miryango yose, no mu ndimi zose no mu moko yose, no mu mahanga yose*” yo mw’isi (Ivyah 5:9; 7:9). Tuba turiko turavuga mu vy’ukuri tuti, “Mana, waciye urubanza rubi mu kurobanura abantu nk’abo. Jewe ndakurusha ubwenge no guca izibereye, kuko ntakunda abantu nk’abo.” Ni mwiyumvire ku manyama nk’ayo! Ahubwo, dukwiye kwibuka yuko “Abakristo, nubwo ari aboro mu butunzi bwo mu vy’iyi si bashobora kuba abatunzi mu vy’impwemu muri iki gihe kandi bakaba biteganye igishika imigisha irengeye bazoronka muri kazoza. Ni guhera muri ibi bigize ivy’impwemu, atari mu vy’isi, Abakristo bashobora gucira imanza abandi. Baba abizera canke abatizera, abantu ntibatagerezwa gusuzumwa n’Abakristo hafatiwe ku vy’isi ifatirako.” (Moo 1985: 91)

- **Imirongo ya 6-7**—Mu kurobanura abatunzi n’abahambaye batubaha Imana ku cubahiro tuba turiko turaha icubahiro abatagiha Kristo. Mu gihe ca Yakobo, abatunzi bararenganya aboro n’ubwo mbere muri ico gihe Abakristo benshi bari aboro, abakene. Kubw’ivyo, ni agakekezo kandi ni ikinyurane n’ubumwe no gukorera hamwe kw’ishengero “gufata nabi abantu benshi bagize ishengero kugira ngo urobanuremwo ku cubahiro no ku cubahiro abatunze n’abahambaye” (Moo 1989: 1156). Ariko, ibintu ni bibi kurusha uko tuvuyumvira. Umurongo wa 7 uvuga uti, “*Si bo barogota kw’izina ryiza mwitirirwa?*” Abakristo bitiririrwa izina rihambaye rya Kristo. Ababarenganya, bakabakandamiza, bakabahama (umurongo wa 6) baba mu vy’ukuri barenganije, bakandamije kandi bahamye Kristo ubwiye (raba **Ivyak 9:4-5**). Gufata Kristo muri ubwo buryo ni nk’ukurogota iryo zina ryiwe. Nk’uko Donald Burdick abivuga, “kurobanura ku cubahiro abarogota kuri iryo zina rihambaye ni co kintu kibi gihambaye kurusha ibindi vyose” (Burdick 1981: 179). Vyongeye ariko, ni bibi kurengera ivyo tuvuze. Igihe turobanuye kandi tugaha icubahiro abarogota kubera vyashitse bakaba abatunzi canke abanyacubahiro, *tuba dufatanije na bo muri ubwo burogosi*. Paulo na we nyene yatanze icyumviro nk’ico muri **1 Tim 5:22** igihe yavugaga ati, “*ntukagire umuntu wihutira kurambikakw ibiganza, kandi ntugafatanye n’abandi mu vyaha vyabo.*” Ivyo Yakobo na Paulo bose bariko baravugaga ni uko ukugene dufata abantu gufise ingaruka nini kuruta uko tubibona. Bariko baravugaga yuko kurobanura abantu batubaha Imana ku cubahiro kubera batunze kirarengaye amahera; ni nk’ugushingira intahe hamwe no kwemeza ubugingo bw’umuntu butumvira Imana n’ubugingo burogota.

- **Imirongo ya 8-11**—Igihe turobanuye abantu ku cubahiro tudafatiye ku vyo bibiliya ivuga, tuba turenze “*Icagezwe c’i Bwami.*” “*Gukunda mugenzawe nk’uko wikunda*” citwa “*Icagezwe c’i Bwami*” kubera yuko ari icagezwe kiva ku Mwami ubwiye. Ni icagezwe c’ “*umwami*” kubera ari “*icagezwe kirengeye ibindi vyagezwe vyose kandi ibindi vyagezwe vyose bigenga imigenderanire y’abantu bo mu kibano vyenenako, bikomokako*” (Burdick 1981: 179). Kanatsinda, **Gal 5:14** havugaga yuko ivyagezwe vyose bipfunyapfundiye kandi bishitswa muri iki cagezwe, “*Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda.*” Ni co gituma rero, “*kurobanura abantu ku cubahiro, ku*

<sup>6</sup> Umurongo wa 5 uvuga uti “Mbega Imana ntiyatoranije aboro b’ivy’isi kuba abatunzi mu kwizera no kuragwa ubwami yasezeraniye abayikunda.” Dutegerezwa kwama twibuka yuko “Yakobo atavugaga yuko Imana yatoranije aboro bose canke aboro gusa, ariko Imana iritwararika cane aboro (Luka 6:20)” (Moo 1989: 1156). Ikindi, “Ugutoranya kw’Imana kw’aboro ntigutegerezwa gufatirwa ku vyo umuntu yakoze kugira ngo abe umukene. Impamvu imwe Imana ‘yatoranije aboro’ ishobora kubonekera mu mugani w’umutunzi (Mariko 10:17-27). Ngaho Yesu yerekanye yuko abatunzi bibagora cane kwinjira mu bwami bw’Imana (imirongo ya 23-25), kubera kumbure ubutunzi bwabo buhagarara mu nzira bukababuzza kwinjira mu bwami bw’Imana. Imana ihezagira abazi ko ari aboro mu mitima mu vy’impwemu (Mat 5:3). Impamvu ya kabiri yukw Imana itoranya aboro yagaragajwe muri 1 Kor 1:26-29. Imana yarobanuye abatagira ikintu na kimwe canke abo ata co bamaze ubwabo ‘kugira ngo ntihagire umuntu n’umwe yirata imbere y’Imana’ (umurongo wa 29).” (Burdick 1981: 179)

*cubahiro, [uba ugaragaje] ko uriko urakora icaha kandi ko uba utsinzwe n'ivyagezwe nk'umunyavyaha."*

Ko ivyagezwe vyose vyuzurizwa mu gukunda mugenzawe nk'uko wikunda bidushikana ku vyo Yakobo yavuze ku murongo wa **10**, "*Kuko umuntu wese azokwitondera ivyagezwe vyose agatsitara kuri kimwe azoba acumuye kuri vyose.*" Ni kubera iki avuga gurtyo? Igituma ni uko ivyagezwe ari vyose, ni ikintu kimwe gikubiye hamwe—ni nk'umunyororo. Gukuraho akantu kamwe gafatanije uwo munyororo uba uwuciye wese. Ivyagezwe vy'Imana vyatanzwe na Yo. Ni co gituma, mbere n'akaha gatoya ako ari ko kose, kaba kononeye Uwashinze, uwatanze ivyagezwe, kubera umuntu aba yanse ububasha *bwose* bwo mu bigize ubugingo bwacu. Nk'uko Burdick abivuga, "Kurenga ivyagezwe igihe ico ari co cose si ukurenga icagezwe kimwe gusa canke itegeko rimwe gusa; uba urenze ubugombe bw'Imana kandi unyuranije n'ibigize Imana. . . . Igihe tubifashe muri ubu buryo, igikorwa co kurobanura abantu ku cubahiro kiba gikomeye cane, ntikaba ari akantu gatoya." (Ico gitabu nyene: 180)

Imana yatanze ivyagezwe vyayo kugira ngo yerekane, igaragaze ukugene imitima yacu imeze. Irazi ingene tumeze inyuma n'aho abantu babona—ariko yo iraba mu mutima. Igihe turobanuye abantu ku cubahiro no ku cubahiro tuba turiko turagaragaza agakengere tuba dufitiye uwo muntu twarenganije mu mutima wacu—kuko Yesu yavuze muri **Mariko 7:21** ati, "*Kukw imbere mu mitima y'abantu havamwo iviyumviro bibi: ubushakanyi, ubwivyi, ubusambanyi ubwicanyi.*" Igitangaje, bese muri **Mariko 7** no ngaha muri **Yakobo 2**, Yesu na Yakobo bafatanyaga iviyumviro bibi, ubwicanyi, n'ubusambanyi. Bese barazi yuko ivyo bintu vyose ari ibigaragaza umutima mubi wanduye. Muri ubwo buryo rero, kurobanura abantu ku ufatiye ku bibaranga ku rukoba si "akaha gatoyi" dukunda gukora. Ahubwo ni icaha kibi kinini nk'ukwica canke ugusambana.<sup>7</sup>

• **Imirongo ya 12-13**—kurobanura abantu ku cubahiro bizozana, bizovyara ukutagira imbabazi mu rubanza. Abakristo bategerezwa kuguma bibuka yuko hazoza umusi aho tuzocirirwa ko urubanza, tuzorenguka imbere y'intebe y'imanza y'Imana (**2 Kor 5:10** [*"Kuko twese tutazobura kugaragarizwa imbere y'intebe y'amateka ya kristo, kugira ngo umuntu wese ahabwe ibihwanye n'ico yakoze akiri mu mubiri ari iciza canke ikibi"*]). Nk'uko Yesu yavuze, "26 kuko ata catwikiriwe kitazotwikururwa canke kinyegejwe kitazomenyekana."<sup>7</sup> Ico mbabaririra mu mwiza muze mukivugire mu muco kandi ico mwongorewe mu gutwi muze mukivugire ku mazu hejuru." (raba kandi **Mat 10:26; Mariko 4:22; Luka 8:17**) Vyongeye, Yesu yavuze yuko "*Kukw'ingero mugeramwo ariyo muzosubirizwamwo namwe*" (**Luka 6:37**).

Ronald Ward avuga yuko amajambo yok u murongo wa **13** "*Kuko urubanza rutagirira akagongwe utagize akagongwe*" ashobora kuboneka nk'aho ari "ukwihora kandi ko ivyo bitagrwa n'Abakristo. Ariko uko si ko biri. Urubanza, nk'urubanza, ntirugira akagongwe. Igihe cose urubanza rwerekanye akagongwe ruca rureka kuba urutumbereye, urugororotse." (Ward 1970: 1228) Mu yandi majambo, abatigeze berekana akagongwe mu buzima bwabo bazohabwa na bo ingero nk'iyonyene: ubutungane buberanye n'ivyo bakoze. Ni co gituma, urubanza ruhwaye n' "itegeko ry'i bwami" ry'urukundo. Uko dufata abantu muri ubu bugingo, muri ubu buzima ni rwo rufatiro rw'urubanza tuzocirwa ku musi w'iherezo, haba ku mpembo canke ku guhanwa, kuko ivyo ni vyo bigaragaza abo turi bo mu mitima yacu hamwe n'imigenderanire y'ukuri dufitaniye na Yesu (**Mat 6:1-4, 12, 14; 10:42; 24:45-51; 25:31-46; Mariko 9:41-42; Luka 6:35; 12:33, 41-48; 14:13-14; 16:1-9; Rom 2:1-6; 1 Tim 6:18-19; 2 Tim 4:14; Heb 6:10; 1 Pet 5:1-4**). Yesu yaragaragaje ivyo neza muri rya Sengesho Umwami yigisha ko bakwiye gusenga hamwe n'ukugene yavuze ku rubanza ruzocirwa intama n'impene. Ico gice cerekeranye n'isengesho ry'Umwami rivuga gurtya: "*Uduhebere imyenda yacu, nk'uko natwe twahebeye abari mu myenda yacu*" (**Mat 6:12; Luka 11:4**) ni co gice conyene c'isengesho ry'Umwami Yesu yashimangiye kandi yasiguye: "*Kuko ni mwaharira abantu ivyaha vyabo, na So wo mw'ijuru azobaharira namwe. Ariko ni mutaharira abantu ivyaha vyabo, na So na we ntazobaharira ivyaha vyanyu.*" (**Mat 6:14-15**; raba kandi **Mariko 11:23-26**) Muri iyo nzira nyene, inyigisho za Yesu zigaragara zerekereye n'ukuzoca urubanza rwa nyumazashize ahabona yuko ugucirwakw iteka kw'ibihe bidashira canke umunzero

<sup>7</sup> Kurobanura abantu ku cubahiro bisa na Yesu anganisha ukugene umuntu ameze mu mutima ashavuriye umuntu bikangana n'uko ari umwicanyi (**Mat 5:21-22**; raba kandi **1 Yohana 3:15**) hamwe n'umutima wo kwipfuzwa awugereranya n'ubusambanyi (**Mat 5:27-28**). Ishavu n'ukwipfuzwa ntibitegerezwa gukorerwako kugira ngo bingane n'ubwicanyi n'ubusambanyi. Kurobanura abantu ku cubahiro ni bibi cane kurushiriza, kubera yuko kurobanura abantu ku cubahiro, dufatiye ku ndangurakintu, ni *ugukorera ku kwononekara*, umutima w'icaha, umutima n'iinyifato y'imbere mu mutima ufitiye uwundi muntu.

w'ibihe bidashira bizofatira ku kugene twafashe, twagenjeje abantu muri ubu bugingo, muri ubu buzima kubera yuko: “urugero mwabigiriyeko [mu yandi majambo, mwerekanye imbabazi n'ubuntu] umwe muri aba bene Data bari hanyuma y'abandi ni jewe mwabigiriyeko” (Mat 25:40), kandi “ku rugero mutabigiriyeko umwe muri aba bari hanyuma y'abandi, ni jewe mutabigiriyeko” (Mat 25:45). Igituma uterekanye imbabazi na we adashobora kwitega kugirirwa imbabazi mu gihe c'uguca amateka ni kubera yuko imbabazi “zizoba ikintu gikomeye c'ikimenyamenya c'ukuri kw'imigenderanire yacu n'Imana, mbere nk'uko Yesu yabishimikiyeko mu mugani wiwe yaciye ku mucamanza agabitanya (umurongo wa 13; raba Mat 18:21-35)” (Moo 1989: 1156). Stephen Travis arafise ico avuga kuri ibi gikomeye cane cane ku vyerekeranye n'akarorero Yakobo yatanze ko kudaha icubahiro umworo ariko ugaha icubahiro umutunzi: “Ikintu kimwe kigaragara muri iki gisomwa co mu nyuma [Intama n'Impene] ni inzira zaba 'intama' canke 'impene' ata n'imwe muri zo yamenye idakekeranye yuko, *mu kugirira neza aboro*, mu vy'ukuri bariko barabikorera kristo. . . . Nta kintu na kimwe kirengeye ukugene ibikorwa Imana yemera, ishima biva mu migenderanire myiza umuntu afitaniye n'Imana. Ni ivyo umutu akora igihe atariko ararondera kwemerwa n'Imana n'ugushimwa n'abantu bigaragaza ukugene ameze mu vy'ukuri, bigaragaza ingeso ziwe mu vy'ukuri.” (Travis 1982: 191, ugushimika kwongeweko)

Amajambo Yakobo yaherejeko ku murongo wa 13, “*mu rubanza ikigongwe kiratsinda*,” nta nkeka ko hafashwe nk'aho hashingiye ku mbabazi, ikigongwe twereka canke tugirira abandi: “ukwerekana kwacu imbabazi ku bandi *kuratsinda* urubanza rw'Imana mu kugene kituburanira imbere y'intebe y'imanza y'Imana” (Moo 1985: 98). Hamwe ubugingo bwacu bwogengwa n'uguharira, urukundo, n'imbabazi, vyoca vyerekana yuko tuba twashize ku muzirikanyi isengesho ry'Uhoraho Umwami, “icagezwe c'i bwami,” hamwe n'ihamwe Yesu yavuze mu mugani w'umucamanza agabitanya, “*None na we ntiwari ukwiye kugirira imbabazi mugenzawe, nk'uko nan je nazikugiriyeko?*” (Mat 18:33). Burdick aheraheza avuga ati, “Imbabazi zategerezwa kuba icerekana umuntu yahindutse. Ziri mu bugingo no mu buzima bw'uwizera, nta na kimwe azotinya ku musi w'amateka. . . . Urukundo (canke imbabazi) vyerekana yuko Imana yakoze igikorwa c'ubuntu mu mutima w'uwizera, kikamugira usa na Kristo. Ingaruka z'ivyo, ashobora kutagira ubwoba agashira amanga igihe azoba ariko aragirwa urubanza.” (Burdick 1981: 181)

## 2. Ingaruka z'icaha c'ukurobanura abantu ku cubahiro:

- Ingaruka ku mworo. Umuntu yabonewe ashobora kwiyumvira ati, “Nimba uko ari ko bamfashe, none nohinduka gute Umukristo, canke kubera iki noza muri iri shengero? Nta ho batandukaniye n'isi.” Ward avuga yuko, inyuma y'ukurenganywa, “umworo bizomugora kwizera ijambo ryigishijwe uwo musi” (Ward 1970: 1227).
- Ingaruka ku muntu atunze. Nubwo umuntu atunze ahabwa icubahiro kidasanzwe, arazi yuko aba ariko arakoreshwa. Mbega yoba yihenze hamwe yokwiyumvira ati, “Mpawe iki cubahiro kubera mfise amahera, kubera ntunze, kubera basotera aya mahera yanje. Nta co batandukaniyeko n'ab'isi.”
- Ingaruka kw'ishengero. Yakobo yatanguye igice ca 2 afatiye, ashingiye ku bizera—ishengero—nka “bene Data.” Abizera bose ni bene Data, ni abavukanyi muri Kristo. Twese turangana imbere canke mu nyonga z'Imana (Gal 3:28; Kol 3:11) kubera yuko twese turi abagize umuryango umwe (Mat 12:49-50; 2 Kor 6:18; Ef 2:19; 1 Tim 3:15; 5:1-2). Kanatsinda, twese twavyawe mu muryango w'Imana (Rom 8:14-17, 23; Gal 3:25-4:7). Kubw'ivyo, kwerekana ukurobanura abantu ku cubahiro, ku cubahiro *hagati mu bakristo* hafatiwe ku bigenga abatari Abakristo, ibintu vyo hanze, ni icaha gikomeye kubera binyuranye n'igikorwa Kristo yadukoreye mu kudukiza no mu kuducungura twese mu buryo bungana, mu kuduha twese Mpwemu Yera wiwe, hamwe no kutwemera mu muryango wiwe mu buryo bungana. Kurobanura ku cubahiro no ku cubahiro abantu kanaka batari n'Abakristo ukabaha icubahiro kirengeye “bene Data” kubera ari aboro ni icaha kirushirije. Inyifato nk'iyi itandukanya, igaca mwo ibice ishengero. Ico Kristo yateranije, nta n'umwe yemerewe kugitandukanya.
- Ingaruka ku batizera. Igihe uwutizera atubonye turobanura abantu ku cubahiro mu buryo bunyuranije n'ico Bibiliya ivuga, dufatiye ku bintu vyo hanze ku rukoba mbega uyo muntu ntazoca yiyumvira ati, “Nimba Abakristo n'Ubukristo bimeze gurtyo, none ni kubera iki jewe noba Umukristo? Nta co batandukaniyeko n'isi.”

Ivyo dukora muri ubu bugingo—cane cane ukugene dufata abantu—birafise ingaruka tudashobora kubona. Ikindi, ivyo dukora birafise ingaruka atari muri ubu bugingo gusa ariko no mu bugingo bw'ibihe bidashira. Ibi turakwiye kubimenyesha imitima yacu igihe cose tuba turiko turakora ibikorwa



vyo mu buzima vya misi yose. Ni co gituma Bibiliya ivuga iti, “*Dufata mpiri ivyiyumvirwa mu mitima vyose ngo tubigomorere Kristo*” (2 Kor 10:5). Uko dukora ivyo, tuzoca dutangura kubaho ubuzima bufise intumbero. Tuzoca dutangura kubaho ubugingo bushushanijwe n’ubwa Kristo kurushiriza. Tuzoca dutangura gusa na Kristo ubwiwe.

**IV. Yak 2:14-26—Ukwizera kuzima/gufise ibikorwa—**<sup>14</sup> Vyomara iki ga bene Data namb’umuntu avuga yukw afise ukwizera ata bikorwa akora? Mbega ukwo kwizera gushobora kumukiza? <sup>15</sup> Ni haba hariho mwene Data uwo ari we wese yoba yambaye ubusa, agenda aburinanirwa ku vyo kurya, <sup>16</sup> maze umwe muri mwebwe akamubwira ati Genda amahoro, ususuruke, uhage ariko ntimumuhe ivy’umubiri ukena, vyomara iki? <sup>17</sup> Ni ko bimeze n’ukwizer kutari n’ibikorwa kuri kwonyene kuba gupfuye. <sup>18</sup> Nk’umuntu yovuga ati, “wewe ufise ukwizera, jewe mfise ibikorwa: nyereka ukwizera kwawe kutagira ibikorwa nanje ndakwereka ukwizera kwanje guserurwa n’ibikorwa vyanje.” <sup>19</sup> Wemera yuko Imana ari imwe. Ugize neza, abadayimoni na bo nyene baravyemera bagahinda agashitsi. <sup>20</sup> Ariko wa muntu w’imburakimazi we, mbega ugomba kumenya ingene ukwizera kutagira ibikorwa aba ari ukw’ubusa? <sup>21</sup> Aburamu sogokuriza mbega ntiyatsindanishirijwe n’ibikorwa hamwe yari atanze kw’ikimazi umwana wiwe Isaka ku gianiro? <sup>22</sup> Ntubona yuko ukwizera kwafatanije n’ibikorwa vyawe kandi ko ukwizera kwahinguye rwise n’ibikorwa; <sup>23</sup> kandi icanditswe kirashika kivuga ngo, “**ABURAHAMU YIZEYE IMANA IBIMUHARURAKO NK’UKUGOROROKA,**” kandi yitwa umukunzi w’Imana. <sup>24</sup> Murabona yuko ibikorwa ari vyo bitsindanishiriza umuntu; atari ukwizera kwonyene. <sup>25</sup> Kandi na Rahabu maraya ni ko vyabaye mbega ntiyatsindanishirijwe n’ibikorwa kuko yahaye za ntumwa indaro akazirangira iyindi nzira? <sup>26</sup> Nk’uk’umubiri utarimwo mpwemu uba upfuye ni ko n’ukwizera kutagira ibikorwa kumera kuba gupfuye.

Iki kigabane c’iki gitabu kiduha kumbure insobanuro y’ukuri y’ico ari co ukwizera nyakuri gukiza ukwo ari kwo, uko kumeze. Yakobo ashimangira akamaro k’ “ibikorwa” afatiye ku kwizera kw’umuntu (“*ukwizera kutagira ibikorwa kuba gupfuye, nta co kumaze ni ukw’ubusa,*” **Imirongo ya 17, 20, 26;** “*umuntu atsindanishirizwa n’ibikorwa ariko ntatsindanishirizwa n’ukwizera kwonyene,*” **umurongo wa 24**). Abantu bamwe biyumvira yuko ibi bihushanije n’ivyo Paulo ashingirako vyerekeranye n’ugutsindanishirizwa n’ukwizera kwonyene (“*kuko imbere yayo ata muntu azotsindanishirizwa n’ibikorwa bibwirijwe n’ivyagezwe, kukw ivyagezwe ari vyo bimenyekanisha icaha,*” **Rom 3:28;** “*ariko udakora, akizera Itsindanishiriza abatayubashe, ukwizera kwiwe guharurwa nk’ukugororoka,*” **Rom 4:5**).

Kanatsinda, Yakobo na Paulo ntibahushanya; ahubwo baruzuzanya. Ibi bimeze gurtyo kubera izi mpamvu zikurikira:

- Paulo na Yakobo “bariko baravuga ku bintu bitandukanye: Paulo mu kuvuga ku kugororoka kwacu, Yakobo na we mu kugaragaza ukugororoka kwacu. . . . Bose Paulo na Yakobo bariko barafatira ku kugororoka kw’abanyavyaha imbere y’Imana, ariko Paulo ariko arashingira ku kwakira kwa mbere ukwo kugororoka Yakobo na we ashingira ku kugene ukwo kugororoka kuzoba kumeze imbere y’Imana mu gihe c’amateka.” (Carson na Moo 2005: 633) “Itandukaniro riri hagati ya Paulo na Yakobo rifatiye ku rukurikirane rw’ibikorwa n’ukwihana, uguhinduka: Paulo yerekana ko ibikorwa bikoreka imbere y’ukwihana ata co bimaze, ariko Yakobo we yerekana ko ari ngombwa ko iyo umuntu amaze gukizwa no kwihana no guhinduka ategerezwa kuvyerekanisha ibikorwa” (Moo 1985: 102). Burdick abivuga gurtya: “Yakobo yariko ararwanya ukwizera kwo hejuru kutagaragarira mu bikorwa kutagira ingaruka mu bugingo bw’uwuvuga ko yizeye. Paulo na we, ku rundi ruhande, yariko ararwanya ukwishiriraho amategeko, imigenzo—ukwizera yuko umuntu ashobora kuronka agakiza imbere y’Imana kubera ibikorwa vyiza vyawe.” (Burdick 1981: 185)
- Kubera Yakobo na Paulo bashingiye ku bibazo bitandukanye canke bariko bararwanya ivyiyumviro vy’ibinyoma bibiri bitandukanye ku vyerekeranye n’ukuri, ukwizera rukristo, bese bariko barakoresha icyumviro c’ “ukwizera ubwa kwonyene” (mu yandi majambo, ukwizera kutagira ibikorwa) mu buryo butandukanye, nubwo bese bahuriza ku kugene ukwizera gukiza kw’ukuri kumeze: Yakobo ariko arerekana “ukwizera kwonyene kutagira ibikorwa” nk’aho atari ukwizera kw’ukuri, si ukwizera gukiza; Paulo akoresha icyumviro c’ “ukwizera kwonyene” nk’aho yerekana ukwizera kw’ukuri gukiza: “ico Yakobo avuga ku ‘kwizera kwonyene’ kiri kure y’ukwizera rukristo kw’ukuri: uku ‘kwizera kwonyene’ ni amajambo yonyene atagira ibikorwa (imirongo ya 15-16) canke ubwenge bwo mu mutwe butarimwo ubwenge bwo mu mutima (umurongo wa 19). Ukwo si ukwizera rukristo. Kandi hamwe n’ivyo Paulo nta kindi avuga; vyongeye ashimangira yuko ukwizera ‘kwigaragariza mu rukundo’ ari kwo ngirakamaro.” (Moo 1989: 1157) “Ubwoko bw’ukwizera Yakobo avuga ko ‘gupfuye’ (mu yandi majambo ni, ni ukwemera kwo mu bwenge gusa, kwo mu mutwe gusa, 2:14-17) si kwo Paulo yemera nk’aho ari kwo kwizera

kw'ukuri (ni ukuvuga, 'ukwizera gukorera mu rukundo', Gal. 5:6)" (Marshall, Travis, and Paul 2002: 255).

- "Ukugene Paulo afata 'ukwizera n'ibikorwa' vyerekeranye n'ikibazo c'uko nimba Abakristo b'abanyamahanga bategerezwa 'kwitondera no gukora ibikorwa vy'ivyagezwe' – ahanini Ugukebwa, Isabato n'ivyerekeranye n'ivyemewe kuribwa n'ibitemewe kuribwa. Ico Yakobo yashaka gushikiriza ntikirimwo Abanyamahanga canke "ibikorwa nk'ivy'ivyagezwe" na gatoya . . . Ntibariko baraharira hagati yabo ariko bariko baraharira kubera abantu batandukanye bashigikiye umwe umwe wese – Paulo ahaririza 'abashaka gushira ibikorwa vy'ivyagezwe' ku banyamahanga, Yakobo na we ahaririza ibinebwe n'abahororokewe mu kubaho kwabo kwabo rukristo" (Marshall, Travis, na Paul 2002: 255)." (Marshall, Travis, na Paul 2002: 255)

Carson na Moo bashimangira akamaro k'ukwumviriza bose, ivyo Paulo na Yakobo bavuga: "igihe tugiye mu vy'ivyagezwe, tukagerageza gushingira agakiza ku bikorwa vy'abantu, Paulo akwiriye kwumvirizwa—nk'uko ari we yashingiweko cane mu gihe c'Ihinduka. Ariko igihe abantu badendebukiwe, bahororokewe, bagashika ahantu bavuga ko ibikorwa bitagikenewe ku Bakristo, Yakobo akwiye kwumvirizwa—nk'uko na we yashingiweko cane mu gihe ca ba Wesleys." (Carson na Moo 2005: 633) Iki kigabane kigizwe n'ibi bintu bikomeye vyerekeranye n'ukwizera n'ibikorwa:

1. Kamere k'ukwizera nyakuri gukiza. Ikibazo muri iki gisomwa ata nkeka ni ikibazo kijanye n'akamere k'ukwizera nyakuri—si "ugukora ibikorwa vyiza" kugira ngo umuntu yinzize yironkere amanita ku Mana canke kugira ngo bimuhe kwinjira mw'ijuru. Ni co gituma **umurongo wa 14** utangura, ahanini, n'ukubaza ikibazo: "mbega "ukwizera" gukiza mu vy'ukuri kumeze gute?" "Ukwizera" kurengeye "iciyumviro" co mu mutwe cizera ikintu kanaka. "Ukwizera" kugizwe n'ikintu kinini kijanye n'ivyo twemera (raba, uburorero, **Ivyak 2:22-24, 32-36; Rom 1:1-4; Rom 10:9; 1 Kor 15:1-8**). Ariko kandi harimwo n'ibigize inyifato zikomeye (raba, uburorero, **Ef 2:8-10; Yak 2:14-20; Mat 28:18-20; Yohana 14:23-24**) n'urukundo canke kwishikanira Imana (raba, uburorero, **Yohana 15:4-11, 12-15; 17:3; 21:15-17**). Mu yandi majambo, ukwizera nyakuri gukiza kugizwe n'ubugingo n'ubuzima bwacu bwose. Tubona yuko ukwizera kugizwe n'ubugingo bwacu bwose ku murongo wa **19**. Ngaho amadayimoni *ivyo avuga ni ukuri*: arazi Imana iyo ari yo; arazi ko Yesu ari Mesiya. Ariko *ukwizera* kw'amadayimoni ntikwahindura ubuzima n'ubugingo bwayo canke ingeso n'inyifato yayo. Ukwo kumenya ntikwatumye akunda canke yishikanira Yesu Kristo. Ayo madadayimoni yagumye akwirikira Satani mu kugarariza Imana muri Kristo. Mu buryo nk'ubwo, ukwizera kwayo ntigufashe, si ukwizera gukiza. Yarazimiye kandi abikiwe uguhona.

2. Imigenderanire iri hagati y'ukwizera n'ibikorwa. **Umurongo wa 18** uragaragaza neza imigenderanire y'ukuri iri hagati y'ukwizera n'ibikorwa igihe havuga hati, "*nyereka ukwizera kwawe kutagira ibikorwa nanje ndakwereka ukwizera kwanje guserurwa n'ibikorwa vyanje.*" Ikibazo si ukugira ukwizera *guteranije* n'ibikorwa canke kugira ukwizera *kubuzemwo* ibikorwa. Ahubwo, ukwizera nyakuri gukiza igihe cose kwama kuvyara uguhinduka mu bugingo no mu mutima, uguhinduka mu ngeso, uguhinduka mu "bikorwa." Ibikorwa vyacu—ingene tubaho mu vyo tuvuga ko twizera—ni ikmenyetso simusiga c'ukuri kw'ivyo twizera (canke ukubura ukwo kuri) kw'ukwizera kwacu. Abahinduye ibintu mu buryo bugaragara baratahura iryo hame ry'uko *dukizwa ku buntu gusa, ariko ukwizera gukiza ntikwigera kuba kwonyene*:

- *Martin Luther*: "Ukwizera gutegerezwa kuba kw'ukuri. Gutegerezwa kuba kwizera gukora ibikorwa vyiza biciye mu rukundo. Iyo ukwizera kubuze urukundo ntikuba ari ukwizera kw'ukuri. . . . Kwiyumvira ngo, 'nimba ukwizera gutsindanishiriza ata bikorwa, reka ntidukore ikintu na kimwe,' aba ari ugukengera ubuntu bw'Imana. Ukwizera kutagira ibikorwa si ukwizera gutsindanishiriza. . . . Imbere mu mutima [ukwizera gutsindanishiriza] kugizwe n'ukwizera Imana, ku mubiri na ho kugizwe n'urukundo dukunda abantu nkatwe." (Luther 1535: re. Gal 5:6)
- *John Calvin*: "Nk'uko kenshi twavuze ku bijanye n'Ukwizera kwonyene muri iki kibazo, ntituba turiko turikumvira ku kwizera gupfuye, kudakoresha urukundo, ariko tuvuga ko ukwizera ko ari kwo kwonyene gutuma habaho ugutsindanishirizwa. (Gal 5:6; Rom 3:22.) Ni co gituma rero ukwizera kwonyene gutsindanishiriza, ariko kandi ukwizera gutsindanishiriza ntikuri kwonyene: Nkuko bimeze ubushuhe bwonyene bukomoka ku zuba butuma isi ishaha, ariko vyongeye muri iryo zuba ntiriri ryonyene kuko ryamana n'umuco." (Calvin 1547: Antidote, Canon 11)
- *Iciteregererezo c'Urugero rw'Ivyemezaniywe [Ukwatura Ukwemera kwa Luther]*: "Inyuma yuko umuntu ahejeje gutsindanishirizwa n'ukwizera, rero ukwizera nyakuri kuzima guca gukoreshwa n'urukundo, Gal. 5:6, kugira ngo ivyo bikorwa vyiza vyame bikwirikira igihe cose n'ukwizera gutsindanishiriza, kandi nta nkeka ko kubonerwa hamwe n'ukwizera, nimba ari ukuri kandi kuzima; kubera ukwo kwizera kutigera kuba kwonyene, ariko kwama kuri kumwe n'urukundo n'ivyizigiro."

(Epitome 1577: III.11)

Mwibuke, ca kibazo co ku murongo wa **14** catanguriye uku guhanahana ibi vyiyumviro vyose, “*Mbega ukwizera kutagira ibikorwa kwoshobora gukiza umuntu?*” Inyishu ya yakobo iragaragaza neza ko ari “oya.” Ashimangira ico cyumviro ku mirongo ya **17, 20, na 26** mu gusubiramwo yuko, “*ukwizera kutagira ibikorwa kuba gupfuye (canke ataco kumaze, ari ukw’ubusa).*” Ariko aranganisha mu buryo bugaragara ukwizera “gupfuye” n’ukwizera “kutagira ico kumaze”. Ivyo tubibona ku mirongo ya **16-17** aho abaza ikibazo “*Vyomara iki hamwe utofasha umuntu afise ico akenye igihe ufise uburyo bwo kumufasha*” maze akongera akavuga ati “*mbere n’ukwizera, iyo kutagira ibikorwa, kuba gupfuye.*” Mu yandi majambo, ukwizera kutagira ibikorwa si ukwizera gukiza.

3. Kubera iki ukwizera n’ibikorwa bifitanye isano rikomeye. Ukwizera ni ubwa mbere imbere y’ibindi vyose igikorwa ca Mpwemu Yera mu bugingo bwacu. Urutonde rw’ibintu rumeze gurtya: Mpwemu Yera atuma umuntu avuka ubwa kabiri (**Yohana 3:3, 5-8**); Akorera mu bugingo bwacu akaduha umutima musha (**Yer 31:33; Ezek 11:19; 36:26**). Nk’uko **Ef 2:8-9** habivuga, “*8 Ubuntu nib wo bwabakijije kubw’ukwizera na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe ni ingabire y’Imana; 9 ntivyavuye ku bikorwa kugira ngo hoye kugira uwirarira.*” Ni Imana icungura, ikiza, si twebwe dukiza. Igikorwa cacu ni ukwatura ukwizera kwacu muri Kristo Yesu no mu kubaho ubugingo busha. Nk’uko Paulo abivuga muri **Ef 2:10**, “*Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo.*” Agakiza kacu bwite ni ako “*ibikorwa vyiza*” ivyo Imana yateguye kera ngo tubikore. Imana irajwe ishingira n’ubugingo bwacu bwose ata gahaze. Agakiza kayo karuzuye kandi kagize n’ibigize ubuzima bwose kubera yuko nk’uko **Rom 8:29** habitubarira, ikigize ubugingo bwacu bwose kandi catumye Imana iturobanura ikadukiza ni ukugira ngo “*abo yamenye kera yabatoranirije kera gushushanywa n’ishusho y’Umwana Wayo [Yesu Kristo].*”

Utupfunguruzo rutwugururira ugutahura imigenderanire iri hagati y’ukwizera n’ibikorwa ni ivyavuzwe na Onesimus Ngundu: “ibikorwa ni ivyongerwa ku kugene umuntu aba ameze muri mpwemu mu mutima wiwe. . . . Urubanza ntiruri hagati y’ugushira ku munzane ibikorwa vyiza n’ibikorwa bibi ngo harabwe iyo umunzane uhengamiye. Ahubwo, ibikorwa bibonwa nk’ikimenyetso kitabesha c’aho umutima uhengamiye; vyerekana ukwizera canke ukutizera, ubwizigirwa n’ukutagira ubwizigirwa. Urubanza ruzogaragaza, ruzokwerekana nimba abantu bari bahengamiye ku Mana n’Umwagazi canke na ho nimba bari bahengamiye ku bansi b’Imana, nimba bari bafatanije n’abansi b’Imana.” (Ngundu 2006: 1576) Iki kibazo ni yo *mpamvu* idutuma dukora ibikorwa vyiza. Impamvu isanzwe ituma abantu bakora ibikorwa vyiza ni ukugira ngo bagerageze barondera ikiganza ciza c’Imana. Ariko, ivyo nta nkeka ko bivyara ugukekeranya, ukutamenya neza n’ubwoba, kubera yuko tutigera tumenya tudahekeranya ko “twakoze ibihagije” canke ko turi “beza bihagije”. Ariko twishimikije ibivugwa mu Butumwa Bwiza, ntitwumvira Imana kandi ntidukora ibikorwa vyiza kugira ngo dushobore kuronka ikiganza ciza c’Imana, canke ngo tugire ikiganza ciza ku Mana; twumvira Imana kandi dukora ibikorwa vyiza *kubera Imana ija yaratwemeye, kubera tuja twaragize ikiganza ciza ku Mana!* Nk’uko Intumwa Yohana yabivuze, “*Twebwe tugira urukundo kuko ari yo yabanje kudukunda*” (**1 Yohana 4:19**). Kubw’ivyo, ntidukwiriye gutinya na gatoya canke gukekeranya na gatoya ariko dushobora “*kwegera intebe y’ubuntu dushize ubwoba*” (**Heb 4:16**), tuzi yuko Yesu yasezeranye ko “*Ataho azoduhemukira, nta ho nzoguta*” (**Heb 13:5**). Ni kubera ata nkeka Imana “*ari yo ikorera mu mitima yanyu ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara*” (**Fil 2:13**) bituma dushobora kwitegana igishika umusi w’amateka, tuzi yuko ibikorwa vyacu “*bizogaragara, biseruke ko vyakorewe mu Mana*” (**Yohana 3:21**). Ico ni co gituma, ubu no ku musu w’amateka ya nyuma, Imana ica imanza kandi igahemba abantu n’amahanga “ifatiye ku bikorwa bakoze [canke ‘inzira’ canke ‘ibikorwa’]” (**Abac 1:6-7; 9:22-24, 56-57; 2 Sam 12:9-12; 1 Abam 2:32-33; 1 Kgs 20:35-42; 1 Abam 21:17-19; 2 Ngo 6:23, 30; Yobu 34:11; Zab 18:24; 31:23; 62:12; Imig 24:12; Umus 12:13-14; Yes 59:18; Yer 17:10; 25:14; 32:19; Ezek 7:3, 8-9, 20, 23-24, 27; 9:10; 11:21; 16:43, 59; 18:30; 22:31; 24:14; 33:20; 35:6, 11, 15; 39:24; Hos 12:2; Yoweli 3:5-7; Ob 15; Zek 1:6; Mat 16:27; 25:14-46; Luka 12:47-48; Yohana 5:28-29; Rom 2:1-6; 12:19; 1 Kor 3:8, 11-15; 2 Kor 5:10; 11:15; Gal 6:7-8; Ef 6:8; Kol 3:25; 2 Tim 4:14; Heb 10:26-27; 1 Pet 1:17; 2 Pet 2:20-22; Yuda 14-15; Ivyah 2:23; 14:13; 20:11-13; 22:12**). Ibikorwa dukora—n’igituma tubikora—bigaragaza ingene imitima yacu imeze.

4. Uburorero bw’ukwizera kw’ukuri gukiza.

- Akarorero ka mbere ni akarorero kagaragara ku mirongo ya **15-16** k’umukene akeneye impuzu zo kwambara canke ivyo kurya. Raba ingene ubwa mbere ico gisomwa ciburuka kiva mu vyari vyavuzwe ku batunzi no ku boro mu mirongo ya **1-13**. Mu mirongo ya **1-13**, umworo yarakengerwa agasuzugurwa. Ngaha, Yakobo ahera kuri ako karorero nyene k’umworo akerekerana ingene

ukwizera nyakuri gukora kugira ngo *gufashe umworo* aronke utwiwe. Muri ako karorero Imana iriko iragaragaza, ihishura *akarangamutima* kayo n’ivyo *ishira* imbere y’ibindi vyose kuri twebwe. Yesu na we nyene yarerekanye neza ikiri ku mutima w’Imana igihe yatubarira ingene urubanza tuzocirirwa ruzoba rumeze tumaze gupfa muri **Mat 25:31-46** (intama n’impene). “Ukwizera” kw’impene ntikwigeze guhindura ubugingo, n’ubuzima bwazo canke imigenderanire zari zifitaniye n’abantu—cane cane aboro, n’abakene. Ku rundi ruhande na rwo, ukwizera kw’intama kwarinjira mu mitima yazo, mu bwenge bwazo, mu mitima yazo guhindura akarangamutima kazo n’ubugingo, ubuzima bwazo—kandi mbere ntizigeze zitahura n’ingene zatanguye kubaho nka Yesu, kubera ururangamutima twa Yesu ni two twahindutse uturangamutima twazo; uturangamutima twa Yesu twari twahindutse uturangamutima tw’intama, ari na co gituma zacye zikora nka we, ntivyasa n’ibidasanzwe ku ntama. Mumenye neza yuko igihe Yakobo ariko aravuga ku kamere k’ukuri, ukwizera gukiza muri **Yakobo 2**, akoresha uburorero bubiri nk’ubwo Yesu yakoresheje muri **Mat 25**—umuntu akeneye impuzu hamwe n’umuntu ashonje. Igihe tubona ibintu nk’ibi bisubiwemwo, urwo ni urupfunguruzo rw’uko Imana iba iriko irahishura igifise igiciro kuri yo. Ni *abantu*—ukugene dufata abantu—cane cane aboro, abakene, abacinyijwe, ba ntaho nikora—bagaragaza nimba ukwizera kwacu ari ukwo ukuri canke ko atari ukw’ukuri.

- *Akarorero ka kabiri k’ukwizera gukiza ni akarorero ka Aburahamu mu mirongo ya 21-24.* Ku murongo wa **23** habuwe “*Aburahamu yizera Uhoraho, uhoraho abimuharurako nk’ukugororoka*” ivyavuzwe mw’**Ita 15:6** igihe Imana yasezeranira Aburahamu umwana maze ikamubarira kuraba ku nyenyeri zo mw’ijuru agerageze kuziharura, kubera uko ari kwo abazomukomokako bazova mu mwana w’umuhungu Imana izomuha. Aburahamu yari ashaje ntiyari agishobora kuronka abana, ariko yizera Imana, kandi Imana iharura ukwo kwizera nk’ukugororoka. Yakobo abanadanya avuga ku kugene Imana yabariye Aburahamu gutanga umwana wiwe Isaka kw’ikimazi, umwana Imana yari yamusezeraniye; Aburahamu arumvira, nubwo Imana yarokoye yakijije Isaka (**umurongo wa 21**). Ukwizera kwa Aburahamu isezerano Imana yamuhaye—ko azoronka umwana w’umuhungu kandi ko abazomukomokako, uruvyaro rwiwe ruzoba nk’inyenyeri zo kw’ijuru—vyari bishizwe ku munzane, mu kigeragezo. Ukuri kw’ukwizera kwa Aburahamu kwemejwe n’ibikorwa yakoze, hamwe n’ukugene yavyifashemwo. Umurongo wa **22** werekana imigenderanire myiza y’ukwizera kwa Aburahamu (n’ukwacu) n’ibikorwa: “*ukwizera gukorana n’ibikorwa vyawe*” (raba kandi **Gal 5:6**). Moo abisigura gurtya, “ukwizera kwa Aburahamu kwari ukwizera ‘gufise ibikorwa, ukwizera kugaragara, ukwizera kutari isoko ariko kwari umugendanyi w’ibikorwa vyawe. . . . ‘Ukwizera’ nticari ikintu Aburahamu yakoresheje mu gihe kimwe gusa; ukwo kwizera ni kwo kwatuma akora ivyo yakora, kwamurongora kandi kugakorana n’ibikorwa vyawe.” (Moo 1985: 112) Ivyamutsemwo, Yakobo avuga ku murongo wa **22** yuko ukwumvira kwa Aburahamu “kwanonosoye” canke “kwahinguye” ukwizera kwiwe. Iryo jambo risigura “kwuzuzwa, guhingura mu gushika ku ntumbero wari ugabiye gushikako” (Zodhiates 1993: *teleioō*, 1373).

Ukwizera kwacu ntigushobora gukura canke kwera ivyamwa ata bikorwa gukora, ukwo kwizera kudashikije ivyo rwizera. Atari uko na ho, rumeze nk’umwana ataravuka. Canke rumeze nk’umugani wa Yesu w’umubivyi yasohoye imbuto: abantu bamwe bakira ijambo, ariko Satani akarinyaga; zimwe ntizama kubera ingorane; abandi ijambo riranyohwa kubera batunze n’ubwinshi bw’ibitayega (**Mat 13:3-9, 18-23; Mariko 4:3-9, 13-20**). Abo bose nta n’umwe ashika ku gukura. Abo bose nta na kimwe bamaze ku mubivyi. Umurwi umwe wonyene w’imbuto ni wo waguye mw’ivu ryiza, zirakura, zama imbuto nyinshi. Uwo murwi ni wo wakuze—ni abizigirwa—abo ibikorwa bigaragaza ukuri kw’ukwizera kwabo.

- *Akarorero ka gatatu k’ukwizera gukiza ni Rahabu ku murongo wa 25.* Ukunyegeza kwa Rahabu abatasi babiri maze agakingirwa igihe Abisirayeli bafata igisagara si akarorero gusa “k’ikintu kimwe ciza gikwega ikindi.” Ahubwo, muri **Yosuwa 2** havuga yuko Rahabu yerekanye *ukwizera* kwiwe mu kuvuga ati “*Nzi yuko Uhoraho abahaye iki gihugu;*” (**Yosuwa 2:9**) kandi “*Kuk’Uhoraho Imana yanyu ari we Mana iri hejuru mw’ijuru no hasi kw’isi*” (**Yosuwa 2:11**). Ukuri kw’ukwizera kwiwe kwagaragajwe n’ivyo yakoze mu guhisha no kunyegeza abatasi. Ni co gituma, **Heb 11:31** mu buryo budasanzwe hashira hamwe ukwizera kwiwe n’ibikorwa vyawe kandi hagatandukanya n’abo ibikorwa vyabo “batumviye” igihe havuga hati, “*Ukwizera ni kwo kwatumye Rahabu, Maraya, ataranduranwa n’abatumviye Imana, kuko yakiranye amahoro abaje gutata.*”

Muri ubwo burorero bwose, ibikorwa Yakobo ariko aravugako ni ibikorwa bigaragara, ikimenyamenya kigaragara c’ ukwizera kwiburuka kuva *imbere* mu mitima yacu, ukwizera kw’impwemu.

5. Kamere k'ibikorwa vyacu n'imigenderanire yavyo n'ukwizera. Ukwizera nyakuri gukiza kwashiriweho gutuma dusuzuma ivyo dushira imbere y'ibindi mu bugingo bwacu kandi gushobora gutuma dukora ibinyuranye n'imico kama yacu, imigenzo yacu hamwe no gukora ibitanezereza abantu. Nk'akarorero, raba Aburahamu na Rahabu. Ikibazo: Aburahamu yari yiteguye gukora iki? Inyishu: Kwica Umwana wiwe w'ikinege. Ikibazo: mu vy'ukuri Rahabu yakoze iki? Inyishu: Yarahemutse. Dukwiriye gutahura ikintu kimwe cerekeranye n'akarorero ka Aburahamu. Ico Imana yahamagariye, yabariye Aburahamu gukora cari ikintu kidasanzwe, itegeko "risobanuritse" ryahawe Aburahamu, nti cari itegeko muri "rusangi" ryahawe abizera bose canke Abisirayeli bose. Cari ikintu kidasanzwe muri kahise k'ugucungura cari icijije c'ikimazi c'Imana izotanga c'Umwana wayo w'ikinege ku musaraba.<sup>8</sup> Ibindi vyanditswe biragaragaza neza yuko Imana irwanya—mbere ikanavyanka, ikabibuza mu buryo ntasubirwamwo—kuvisha amaraso y'inzirakarengane (raba **Kuv 20:13; Imig 6:16-17**). *Icirwa, ihame dukura mu nkuru idasanzwe ya Aburahamu na twebwe ifise ico itwigisha si "genda wice canke utere icumu abana bawe," ariko ni "ba witeguriye gukorera Imana ukoresheje ikintu cose c'igiciro kinini ufise ku mutima."* Akarorero ka Rahabu ariko karasanzwe cane: igihe igihugu, canke reta isaba ko dukora ibintu binyuranye n'ukwizera kwacu, aho rero, nk'uko Petero yabivuze, "*igikwiye ni ukwumvira Imana kuyirutisha abantu*" (**Ivyak 5:29**). Iryo somo riragenda gushika ku ntango ya Isirayeli igihe abakirizi b'Abanyegiputa batumvira Farawo bakanka kwica abana b'abahungu bakivutse kubera "bubaha Imana" (**Kuv 1:15-21**).

Uburorero bwa Aburahamu na Rahabu ni ibimenyamenya vy'uko "ibikorwa" Yakobo ariko aravugako atari "ibikorwa vyiza" gusa canke mbere "ibikorwa vy'ubuntu, vy'imbabazi" ariko ni ibikorwa vy'ukwumvira (raba **Yohana 14:15, 21, 23; 15:12-17; 1 Yohana 5:3; 2 Yohana 6**). Imana ishobora kudushira ahantu hagoye kandi igashira ukwizera kwacu ku gipimo. Ukwumvira Imana gushobora kuvyara uguhamwa duhowe ukwizera kwacu mbere n'ukwicwa tukicwa (raba **Mat 10:22; 24:9; Yohana 15:20; Heb 11:35-40**). Ivyo vyarabaye kenshi muri kahise, guhera ku ntumwa za mbere zapfunzwe zigakubitwa kubera zigishije ubutumwa bwa Yesu ariko "*banezerezwa n'uko bemerewe gutetererezwa iryo zina*" (**Ivyak 5:41**) Ni ibihe vy'ukurengerwa, ukurwanywa, amagume, n'amageragezwa bigaragaza ibiri mu mitima yacu mu vy'ukuri. Ni ibihe nk'ivyo vyerekana Umwami wacu uwo ari we mu vy'ukuri: ni Yesu, canke n'ukumererwa neza kwacu ubwacu?

**V. Yak 3:1-12—Icaha c'ukudafata ururimi—Bene data, muri mwebwe ntihakabe benshi barondera kuba abigisha, murazi ko tuzocirwa urubanza ruruta iz'abandi.** <sup>2</sup> *Kuko twese dutsitara muri vyinshi. Umuntu wese adatsitara mu vyo avuga, aba ari umuntu atunganye rwose, ashobora no kuganza umubiri wiwe wose.* <sup>3</sup> *Iyo tujiginyitse amafarasi mu kanwa kayo kugira ngo, adukundire, duhindukiza imibiri yayo yose.* <sup>4</sup> *Kandi raba n'amato naho yoba manini manini ate, agakubebwa n'umuyaga uhuhuta cane, ingafe naho ari ntonto cane ni zo ziyerekeza aho abayatumbereza bagomba.* <sup>5</sup> *N'ururimi ni ko ruri: ni urugingo rutoya, rukirarira ibikomere. Raba ishamba naho ryoba rinini rite, ridomekwa n'akariro gake!* <sup>6</sup> *Ururimi ni umuriro, ni ikibi kingana n'isi, ururimi rwashizwe mu ngingo zacu, ruhumanya umubiri wose, rudomeka ukubaho kwacu kwose na rwo ruba rwadometswe na gihenomu.* <sup>7</sup> *Kukw amoko yose y'ibikoko n'ibiguruka n'ivyikwega n'ivyo mu kiyaga bigundwa n'abantu kandi barabigunze;* <sup>8</sup> *Ariko ururimi nta muntu yoshobora kurugunda. Ni ububi bucambagirana bwuzuye ubumara bwica.* <sup>9</sup> *urwo ni rwo dushimisha umwami Data wa twese, kandi nirwo tuvumisha abantu baremwe mw'ishusho y'Imana;* <sup>10</sup> *mu kanwa kamwe havamwo umuhezagiro n'umuvumo. Bena Data ivyo ntibikwiye kumera biryo.* <sup>11</sup> *Mbega iriba ryodudubiriza amazi ariyoshe*

<sup>8</sup> Inkuru yose ya Aburahamu na Isaka cari ikigereranyo c'ukuzobambwa ku musaraba kwa Kristo. Nk'uko Isaka yari umwana w'ikinege wa Aburahamu [mu yandi majambo, umwana umwe gusa adasanzwe]" (**Ita 22:2**), ni na ko Kristo yari "umwana w'ikinege w'Imana" (**Yohana 3:16**). Nk'uko inkwi zicanira ikimazi zari zaremetswe Isaka (**Ita 22:6**), ni na ko Kristo yategetswe kwikorera umusaraba wiwe (**Yohana 19:17**). Nk'uko Aburahamu yavuze yuko "*Imana iri bwironkere umwagazi w'ikimazi co kwoswa*" (**Ita 22:8**), ni ko n'Imana yatanze Yesu Kristo, "*Umwagazi w'intama w'Imana ukuraho ivyaha vy'abari mw'isi*" (**Yohana 1:29**; raba kandi **Ivyah 5:6**). Nk'uko Isaka yumviye ubugombe bwa se, mbere no gushika ku rupfu, ni na ko Yesu na we yumviye ubugombe bwa Se, mbere no gushika ku rupfu (**Mat 26:39; Fil 2:8**). Nk'uko Isaka yaharurwa ko yari "yapfuye" kuri Aburahamu muri irya misi itatu bamaze mu rugendo rwabo (**Ita 22:4**), ni na ko Yesu yamaze imisi itatu mu mva (**Mat 12:40; Luka 24:21**). Nk'uko Aburahamu yizeye ko Imana ishobora kuzura Isaka naho yoba yapfuye (**Heb 11:19**), ni na ko Yesu mu buryo bugaragara yazutse (**Mat 28:1-6; Mariko 16:1-13; Luka 24:1-6; Yohana 20:1-28**). **Heb 11:19** (NASB) mbere havuga yuko Aburahamu yaronse, yakiriye Isaka "*nk'ikigereranyo c'uzutse.*" Bamwe mbere basanze hariho ugusa mu kugene impfizi y'intama yari "*ifashwe mu mahembe mu gisaka c'inzitane*" (**Ita 22:13**). Augustine yavuze ati, "None iyo mpfizi [y'intama] yaserukira nde ndetse Yesu, uwo, imbere yuko atangwa, yambitswe igitsibo c'amahwa?" (Augustine 1950: 16.32)

***n'ay'umururazi mu mbizi imwe? <sup>12</sup> Bena Data, mbega umusukoni woshobora kwama elayo canke umuzabibu wokwama insukoni? Ni ko amazi y'umunyu adashobora kuvamwo ayaryoshe.***

Iki gice c'iki gitabu, gishingiye cane ku vyo abantu bavuga canke ku rurimi, gishobora kugaburwa mu bice bitatu: Imirongo ya **1-2**—Uruhara rw'umwigisha; imirongo ya **3-6a**—ububasha buhambaye bw'ururimi; n'imirongo ya **6b-12**—ububasha buhambaye bwo kwonona no kudomeka ukubaho kw'umuntu kwose:

1. **Imirongo ya 1-2**—Uruhara rw'abigisha. Yakobo ahera kuri iki gice cerekeranye n'imvugo (ururimi) mu kuvuga ku bigisha, kubera yuko kwigisha ari igikorwa gikomeye mw'ishengero (raba **Ivyak 13:1; Rom 12:6-7; 1 Kor 12:28; Ef 4:11-12**). Iyo ukwigisha gukozwe nabi kandi gufise ico guhekeyeko kibi, abigisha bashobora kwigisha inyigisho zipfuye mw'ishengero bigatuma bazimiza benshi. Kubera uruhara rukomeye rw'ukwigisha Ijambo ry'Imana neza, Yakobo aburira abigisha “*ko bazocirwa urubanza ruruta iz'abandi.*” Iyo mburi n'ukwo kugabishwa kujanye n'ihame ryavuzwe na Yesu muri **Luka 12:48**: “*Uwahawe vyinshi wese azobazwa vyinshi; uwabikijwe vyinshi ni we bazorushirize kwaka vyinshi.*” Muri **Mariko 12:38-40** Yesu yakoresheje iryo hame ku banyabwenge b'ivyanditswe b'Abayuda bari banezerejwe no kwambara kugibwako bwakeye no kwambara amakanzu maremare no kugirwako bwakeye mu tuguriro n'ahandi hose, no kwicara mu ntebe z'icubahiro mu masinagoga n'ivyicaro vyo haruguru aho batumiwe. Bakoresha ivyubahiru vyabo mu “*kurya ingo z'abapfakazi.*” Mu yandi majambo, nk'uko Victor Babajide Cole abisigura, “Bagurukira ku nzirakarengane no kuri ba ntaho nikora, bahagarariwe na ntakivugira b'abapfakazi. Ikibi kinuka kirengeye ivyo, bagerageza gusigiririza ibibi bakora basengesha menshi, biriza, bahumba (**12:40**). Yesu yaraburiye abakora gurtyo ko bazokubitwa nyinshi kandi ko bazocirwa urubanza ruruta izindi. Ikibabaje, iyo mburi n'uyu musu ni yo n'ab'uyu musu bagihabwa. Abantu b'Imana bose, n'abavuzi b'ubutumwa bwiza bategerezwa kwiyubara ntibarwe mu mutego no mu ngeso nk'izo zizobakwegera uburake bw'Imana.” (Cole 2006: 1193)

Icatumye Yakobo aburira abigishwa ku murongo wa **1** kiboneka ku murongo wa **2** uhera kw'ijambo “kuko” (mu yandi majambo, “kubera yuko”). “Umwigisha yishira mu kaga gakomeye ko kuzocirwa urubanza ruruta urwo abandi kubera yuko igikoresho nyamukuru co mu gikorwa ciwe vyongeye ni ururingo rw'umubiri rugoye kugunda: ururimi” (Moo 1985: 120). Iciumviro ca Yakobo ku murongo wa **2** ntikigarukira ku bigisha gusa ariko harimwo n'abantu bose, kubera yuko “*twese dutsitara*” kandi “*umuntu wese adatsitara mu vyo avuga, aba ari umuntu atunganye rwose*” (kandi nta n'umwe abaho atunganye gurtyo). Ibi bitwibutsa yuko icaha gikorwa na bose, mbere no mu bizera. Uwu murongo rero vyongeye ukora nk'ikintu mfatakibanza kibanziriza agace gatungurira ku murongo wa **3** cerekeranye n'ububasha bukomeye bw'ururimi hamwe n'ico rushobora gushikako. Yakobo afatira ku gushusha kuri hagati y'ivyo tuvuga n'ivyo dukora. Ico avuga ni uko “kubera ivyaha vy'ururimi bigoye kwiyubara no kuzibukira kurusha ibindi vyose, umuntu wese ashobora kwiyubara mu vyo avuga, ashobora no “kuganza umubiri wiwe wose”—mu yandi majambo, kuwuganza kugira ngo ntukoreshwe nk'igikoresho c'ivyaha” (Burdick 1981: 187). Kubera yuko amajambo y'ugusozera avuga ku vyo “Mpwemu yama” vyadonzwe na Paulo muri **Gal 5:22-23** ari “ukwirinda,” Yakobo mu vy'ukuri ariko aravuga yuko ni twashobora kugaragaza ukwirinda mu vyo tuvuga, dushobora no kwirinda mu kindi kintu cose kigize ubugingo n'ubuzima bwacu.

2. **Imirongo ya 3-6a**—Ububasha bukomeye bw'ururimi. Ku mirongo ya **3-6a** Yakobo akoresha uburorero butatu mu kwerekana yuko, nubwo ururimi ari ururingo rutoya mu mubiri w'umuntu, rufise igikorwa gikomeye mu bugingo bwacu. Arugereranya n'ukujiginyika amafarasi mu kanwa kayo bituma n'umubiri wayo wose uhindukira naho yoba ari amafarasi akomeye gute, akarugereranya n'ingafe ntoya zerekeza amato maninimanini, kandi akarugereranya n'akararo gake kadomeka ishamba ryose rinini. Moo apfunyapfunya ivyo gurtya: “Uko ni ko ururimi rushobora kugenga kazozza k'umuntu no kwerekana iyo azoja. Igihe uwizera acungereye neza ururimi, turashobora kwibaza yuko ashobora vyongeye kurongora ubugingo bwiwe bwose mu nzira yatunganijwe n'Imana mu buryo bwiza: aba ari “umuntu yahinguwe, atunganye” (umurongo wa 2). Ariko urwo rurimi iyo rutaganzwe, nubwo ari ururingo ruto, ibice vyose bisigaye vy'umubiri na vyo ntibishobora kugundwa no gutozwa indero na vyo nyene.” (Moo 1985: 122)

Akarorero k'umuriro ku mpera y'umurongo wa **5** no ku ntango y'umurongo wa **6** vyongeye ni imfatakibanza kugira ngo ashike ku kindi kigabane gikurikira cerekeranye n'ukugene ururimi rufise ububasha bwo guturira no kudomeka no kwonona no guteranya. Ibi bibonekera mw'itandukaniro riri hagati y'uburorero bw'umuriro n'amafarasi hamwe n'ubwato. Ikijiginyikisho n'ingafe, co kimwe n'ururimi, bikoreshwa mu gucungera ibintu binini binini kugira ngo bikunde bije iyo umuntu ashaka,

iyu umuntu abirongoreye canke ashaka ko bija, ariko umuriro udomeka ishamba, ikibira ntushobora kugundwa. Ikindi, ku murongo wa **6a** Yakobo ntavuga gusa yuko “*ururimi ari umuriro*” ariko abandanya arwita “*ikibi kingana n’isi.*”

3. **Imirongo ya 6b-12**—Ububasha bwo kwonona n’ukutigarura kw’ururimi. Ububasha bwo kwonona bw’ururimi bubonekera mu bintu bine biri ku murongo wa **6**:

- *Ururimi ni umuriro.* Ibi bifatira ku gace ka nyuma k’umurongo wa 5 kavuga ku kugene akariro gatoya gashobora kudomeka ishamba rinini ryose.
- *Ururimi ruhumanya umubiri wose.* Yakobo ariko arerekana yuko ururimi rukora ibinyuranye “*n’idini ritunganye ritagira agasembwa*” (**Yak 1:27**). Ijambo ryasobanuwe “ruhumanya” ku murongo wa **6** mu vy’ukuri risobanura “agasembwa” canke “kwanduza” (Ikigiriki = *spilousa*). Rikomoka mw’ijambo ryakoreshejwe kuri **1:27** rivuga yuko idini ritunganye ritagira agasembwa rigizwe n’ukwirinda “*kwanduza [ikigiriki = aspilon] n’ivy’isi.*” ku murongo wa **6**, igihe Yakobo avugaga yuko ururimi “*ruhumanya umubiri wose,*” mu vy’ukuri aba ariko aravugaga yuko “ivyaha bikorwa n’ururimi bikwiragiza ingwara zo muri mpwemu mu mubiri wose w’umuntu” (Moo 1985: 125).
- *Ururimi rudomeka ukubaho kwacu kwose.* Aya majambo arengeye ukwemeza yuko ururimi rufise ingaruka ku bugingo gusa bw’uwuvugaga mu kuvugaga yuko “ububasha bukaze bw’ugusambura bufise ingaruka ku kubaho kw’abantu, guhera ku ntango gushika kw’iherezo kandi no mu biba vyose” (Ico gitabu nyene: 125-26).
- *Ururimi rudomekwa na gihinomu.* Aya majambo atubarira aho ururimi rukura ububasha bwarwo bwo kwonona n’ugusambura: rubukura muri Gehinomu. Mu kuvugaga yuko ururimi “*rudomekwa na Gehinomu,*” Yakobo ariko aravugaga yuko Satani ari we soko y’imvugo mbi n’ububasha bwo kwisambura, no gusambura abandi, no kwonona imigenderanire yacu biciye mu vyo tuvugaga. “Gehinomu” ngaha ikoreshejwe nk’imvugo ihagarariye Satani, kubera yuko umuriro wo muri Gehinomu w’ibihe bidashira “*wateguriwe umwansi n’abamarayika biwe*” (**Mat 25:41**). Ibi bisa n’ukugene Matayo kenshi akoresha amajambo “*ubwami bw’ijuru*” ashatse kuvugaga ubwami bw’**Imana** (raba, uburorero, **Mat 3:2; 4:17; 5:3, 10, 19; 7:21**). Ikindi, Satani “*ntiyigera ahagarara mu kuri kukw ata kuri kuri muri we. Iy’avugaga ibinyoma, avugaga ivyiwe, kukw ari umunyabinyoma, kandi ari we se wavyo.*” (**Yohana 8:44**)

Ukwononekara kw’ururimi kubonekera ku mirongo ya **6a, 7-12**. Ivyo tubibona ubwa mbere ku murongo wa **6** no ku murongo wa **8** havugaga ku kwononekara kwa kamere k’ururimi. Umurongo wa **6** wita ururimi “*umuriro, ikibi kingana n’isi*” kandi umurongo wa **8** wongera ko yuko ururimi ari “*ububi bucambagirana bwuzuye ubumara bwica.*” Ibi bisa n’ivyo Yesu yavuze muri **Mat 15:11, 18-19**, “*ikija mu kanwa si co gihumanya umuntu, ariko ikiva mu kanwa ni co kimuhumanya. . . . Ariko ibiva mu kanwa biba biturutse mu mitima, ni vyo bimuhumanya. Kuko mu mitima havamwo ivyiyumviro bibi: ubwicanyi, ubusambanyi, ubushakanyi, ubwivyi, kwagiriza abandi ibinyoma, ibitutsi.*” Ururimi rugaragaza ivyaha, ukwononekara kw’isi yaguye.

Ubwa kabiri raba ukugene ururimi ari icago gikomeye ku mirongo ya **7-12**. Imirongo ya **7-8** ivugaga yuko, naho dufise ububasha bwo kugunda ibikoko, ururimi ntirushobora kugundwa. Imirongo ya **9-10** rero yerekana yuko ukutaguma kw’ijambo rimwe ari ikintu c’ururimi rutagundika: mu kanwa kamwe havamwo imigisha n’umuvumo. Ubwa nyuma, Imirongo ya **11-12** igereranya ururimi n’iriba, umuzabibu, n’amazi y’umunyu. Ico ashaka gushikiriza ni uko ivyo bindi bintu vyose bikora bivanye n’ukugene bimeze, biremwere: Iriba rimwe ntirishobora kuvamwo amazi aryoshe n’ay’umururazi; umusukoni wama insukoni, ntiwama imyelayo; amazi y’umunyu ntashobora kuvamwo amazi aryoshe. Ni co kimwe, Imana Imana yategekaniye ko tuyikunda kandi ko dukwiye gukunda abandi kandi yaduhaye ububasha bwo gukora ivyo. Ariko, aho kuguma kw’ijambo rimwe ry’ugukunda Imana n’abandi, tumeze nk’iriba rivamwo amazi arura n’ayaryoshe, canke umuzabibu wama imyelayo, ariko utama inzabibu. Nk’uko Yakobo yavuze, “*Bene Data ivyo ntibikwiye kumera biryo*” (**umurongo wa 10**). Ni co gituma ibi ari ngirakamaro cane nk’ivyo Yesu yavuze igihe yavugaga ati, “*igiti kimenyekanira ku vyo cama*” (**Mat 12:33**). Ico kibazo ni ikibazo c’impwemu: igisohoka, ikiva mu kanwa kacyerekanira, kigaragaza ukugene imitima yacu imeze mu vy’impwemu. Ubwa nyuma rero, indimi zacu zerekana nimba dukijijwe canke tudakijijwe.

**VI. Yak 3:13-18—Ubwenge bukomoka mw'ijuru n'ubwenge bwo mw'isi—<sup>13</sup>Ni nde muri mwebwe w'umunyabwenge kandi w'umuhanga? Ni yerekanishe ibikorwa vyawe ingeso nziza mu bugwaneza bufatanije n'ubwenge. <sup>14</sup>Ariko namba mugira ishari ry'inkazi mu mitima yanyu mugakunda kwirema ibice mwoye kwirata mubesha mucumura ku kuri. <sup>15</sup>Ubwo bwenge sib wo bwururuka buvuye mw'ijuru ariko n'ubw'isi n'ubw'abantu n'ubw'abadayimoni. <sup>16</sup>Kukw aho ishari riri bo no kwirema ibice, ariho umuvurungano uri n'igikorwa kibi cose. <sup>17</sup>Ariko ubwenge buva mw'ijuru buratunganye, kandi ni ubw'amahoro burengenga bukunda kugirwa inama bwuzuye imbabazi n'imbuto nziza, ntibukekeranya, ntibugira uburyarya. <sup>18</sup>Kandi imbuto zo kugororoka zibibwa mu mahoro n'ababanguranya.**

Muri iki kigabane, Yakobo atandukanya ubwenge bwo mw'ijuru n'ubwenge bwo mw'isi. ku murongo wa **13** Yakobo atwereka yuko ubwenge ari co kimwe n'ukwizera (raba **Yak 2:18**): nk'uko ukwizera ari *ugushira mu ngiro ivyizerwa*, ni ko ubwenge ari *ugukoresha ivyo tuzi*. Moo abivuga gurtya: “ubwenge bw'ukuri, co kimwe n'ukwizera kw'ukuri, ni ngombwa, akanovera kagaragara gafise vyinshi bijanye n'ukugene tubaho co mkimwe n'ukugene twiyumvira canke n'ivyo tuvuga” (Moo 1985: 132). Yakobo yerekana ibi bigereranyo bikurikira:

<i>Ubwenge bw'isi</i>	<i>Ubwenge bw'ijuru</i>
<b>Isoko</b>	<b>Isoko</b>
Mw'isi, n'ubw'abantu (s'ubw'impwemu), n'ubw'abadayimoni (umurongo wa <b>15</b> )	Ubwenge buva mw'ijuru (ku Mana) (imirongo ya <b>15, 17</b> )
<b>Kameremere n'ivyamwa</b>	<b>Kameremere n'ivyamwa</b>
Ishari, kwirema ibice, umuvurungano, ibikorwa bibi vyose (umurongo wa <b>16</b> )	Ingeso nziza, ubugwaneza (umurongo wa <b>13</b> ), buratunganye, n'ubw'amahoro, burengengabukunda kugirwa inama, bwuzuye imbabazi n'imbuto nziza, ntibukekeranya, ntibugira uburyarya, bugizwe n'imbuto zo kugororoka zibibwa mu mahoro n'ababugumya (imirongo ya <b>17-18</b> )

Mumenye yuko ubwenge bw'isi bwigungirako, aho ubwenge bw'ijuru bushira abandira imbere, burabisha ku bandi. Ikigereranyo Yakobo atanga c'ubwenge bw'isi n'ubwenge bw'ijuru gisa n'ikigereranyo Paul' atanga c'umubiri na Mpwemu muri **Gal 5:16-26**.

**VII. Yak 4:1-4—Icaha kiba mu muntu n'ukugene cigaragaza inyuma—Muri mwebwe intambara ziva hehe, n'imitongano iva hehe? Mbega ntibiva mu bibahimbara birwanira mu ngingo zanyu? <sup>2</sup>Muripfuzza ariko ntimuhabwa; murica, mugira ishari, ariko ntimushobora kuronka, murarwana muratabara. Ntimuhabwa kuko mudasaba. <sup>3</sup>Murasaba ntimuhabwa, kuko musaba nabi, kugira ngo muvyononere mu bibahimbara. <sup>4</sup>Yemwe basambanyi, ntimuzi yuko gucudika n'isi ari ukwankana n'Imana? Nuko umuntu wese agomba kuba incuti y'isi aba yigize umwansi w'Imana.**

Igice ca gatatu cahejeje gitandukanya ubwenge nyakuri n'ubwenge bw'ibinyoma, butari bwo. Ubu na ho igice ca **4** gihera aho nyene mu kwerekana akamere k'abo bakora bafatiye ku bwenge bw'ibinyoma, ubwenge butari bwo. Ubukomezi bw'ibi bubonekera mu mvugo ikomeye Yakobo yakoresheje. Abantu nk'abo “baratata bakagira amahane” hagati muri bo; ibihimbaro vyabo “birwanira” muri bo; “baripfuzza” kandi “bakica”; bagira “ishari” bikabatera “kurwana no kugira amahane”; kugira ngo “bavyononere mu bibahimbara”; ni “abasambanyi”; ni “abansi b'Imana.” Ikintu kibabaje kurusha ibindi ni uko ivyo vyandikiwe abantu biyita ubwabo Abakristo (raba **Yak 2:1**). Iyi mirongo ivyura ibibazo bitari bike:

1. **Imirongo ya 1-2—Isoko ry'ingorane zacu.** Muri iyi mirongo Yakobo arerekana neza yuko isoko ry'imitongano yacu n'ukutumvikana kwacu bikomoka imbere muri twebe nyene, bikomoka mu kwigungirako, mu kwirabishako. Ni co gituma, avuga ku biduhimbara, ukwipfuzza, n'ishari nk'inkomoko, isoko y'ingorane zacu tugiriranira n'abandi. Ibi vyose bishinze imizi mu kwikwegerako, mu kwigungirako. Kuri **1:14**, mu kuvuga kw'isoko y'icaha muri rusaka, Yakobo na ho nyene yavuze yuko “umuntu wese ageragezwa iyo akwezwe n'ivyo yipfuzza bikamusuka.” Ngaha ashimikira cane ku ngorane z'umuntu zikomoka muri we ku giti ciwe zitumwa n'ivyo twikwegerako biduhimbara, ukwipfuzza hamwe n'ishari. Ingorane nk'izo zikomoka mu mutima w'umuntu ni ikimenyamenya c'uko tutariko turumvira ibwirizwa rya mbere riruta ayandi yose, “Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, n'ubwenge bwanyu bwose” (**Mat 22:37**), kandi vyongeye tubarirwa no kwumvira ibwirizwa rigira kabiri, “Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda” (**Mat 22:39**).

2. **Umurongo wa 2—“Kwica.”** Umurongo wa kabiri uvuga urtya, “Muripfuzza ariko ntimuhabwa;



*murica*.” Kubera yuko Yakobo ariko arandikira Abakristo, nta nkeka ko adafatira ku Bakristo bicana. Ahubwo, “mu vyariko biraba aho akoresha amajambo akaze nka *polemoi* (‘intambara’) [bihinduwe nk’ “imitongano” aho hejuru na *machai* (‘intambara’) [vyahinduwe aho hejuru nk’ ‘ukutumvikana’], vyoba vyiza dufashe *phoneuete* (‘murica’) nk’invugo ndenzarugero y’inzigu. Ibi vyongeye bitorera umuti ikibazo c’ugutondeka amajambo. Kuvuga ‘mugira inzigo mukipfuzi’ ni rwo rutonde rwari rusanze kurusha kuvuga ‘murica kandi mukipfuzi.’ Ikindi, Mat 5:21-22 na 1 Yohana 3:15 herekana yuko inzigo ingana n’ukwica.” (Burdick 1981: 193) Icongeye, Yakobo aremeza ivyo, kubera imitongano, intambara, n’ukurwana bija biriho mu bibano vy’abakristo, bikabandanya guhekerana ku kwipfuzi, ishari, n’ukwikumakumirako nta nkeka ko bizoshkana ku gukoresha igikenye no ku bwicanyi.

3. **Imirongo ya 2b-3—Ugusenga.** Inyuma y’ukuvuga ku kwigungirako n’ukwikunda, kwipfuzi n’ishari bijana abantu mu ntambara n’imitongano n’ukurwana, Yakobo avuga ati, “*ntimuhabwa, kuko mudasaba*.” Aca abananya akongerako ako kanya nyene ibi bikurikira, “*Murasaba ntimuhabwa, kuko musaba nabi, kugira ngo muvyononere mu bibahimbara*.” Mu bisanzwe, “amasengesho” kwigungirako, aho umuntu asaba ibintu ku Mana ku mpamvu ziwe z’ukwigungirako kugira ngo abikoreshe mu vyipfuzi vyawe n’ibimuhimbara, ni co kimwe no kudasenga na gato! Kanatsinda, ni bibi cane kuruta ivyo. Ariko aravugaga yuko mbere n’ugusenga mu bisanzwe gukoreshwa nk’igikoreshe co gushitsa ivyifuzi vyacu bibi.

Iki ni ikibazo gikomeye uyu musu, cane cane muri iyi misi hadutse ubutumwe bwitwa “ubutumwa bwo kuroranirwa” buvugaga yuko intumbero, intego y’Imana ari uko dutunga vyinshi kandi ko ugutunga ari ikimenyamenya c’uko turi mu migenderanire myiza na yo kandi ko twagize ikiganza ciza ku Mana. Mu nyigisho zivugaga ku kuroranirwa, ukwizera n’ugusenga bihabwa iyindi ndangurakindi nsha: “ukwizera kw’umutima kubohewe ku kwaturisha umunwa kugira ngo ureme ibintu bisha, ukuri gusha. ‘Uronka muri ubu bugingo ico waturisha akanwa kawe. Ijambo mu kanwa kawe ni ho hari ukwatura ukwizera kwawe. *Amajambo uvugaga ni yo wizera*. Amajambo yawe ashobora kuba ayagukiza canke ayakwica, ayakurwanya. Ni yo akuzanira amagara meza canke ingwara. Amajambo yawe ni yo ahitamwo nimba ubaho mu butunzi canke mu bukene.” (Sarles 1986: 347-48, asubiramwo Gloria Copeland). Iyi nyigisho ni inyigisho y’ibinyoma. “muri ukwo kubona ibintu gurtyo, ukwizera ni nka maji, aho ijambo rivuzwe ari nk’ugutongera. Ico bashingirako ahanini ku cyumviro c’ukuroranirwa bavugaga yuko kubera umuntu ari icaremwe nk’Imana, amajambo yiwe, igihe avuzwe mu kwizera, afise ububasha bumwe nk’ubwo amajambo avuzwe n’Imana. Ariko iki cyumviro c’amajambo avuzwe n’umuntu ni maji, ntafatiye ku vyanditswe.” (Ico gitabu nyene) Gordon Fee yongerako ibi bikurikira, “Kw’isoko yavyo, akadumbidumbi [k’] abigisha ubutumwa bwo kuroranirwa gatanga ukwigungirako, aho kwigisha ivyerekeranye n’Imana. Mbere nubwo umuntu yokwama abarirwa yuko ari kubera icubahiro c’Imana conyene kugira ngo turoranirwe, ivyo bishingiye ku biduhimbara gusa, ukwigungirako n’ukwikunda gusa hamwe n’ukwumva ko tumerewe neza.” (Fee 1984: 42-43) Uguhamagarira abantu ubutumwa bo kuroranirwa ni kubera ukwipfuzi kwacu, umunoho n’ukwikumakumirako. Aho kugaragaza ukwizera, Bibiliya ivugaga yuko uwipfuzi ari “*we asenga ibigirwamana*” (Ef 5:5), kandi ko umunoho “*uvyara ugusenga ibigirwamana*” ivyo na vyo bigakwega “*uburake bw’Imana*” (Kol 3:5-6).

Ni ivy’ukuri Yesu yavuze ati, “*Musabe muzohabwa, murondere muzoronka, muramutse muzokwugururirwa*” (Mat 7:7) kandi ko “*ivyo muzosaba vyose mu gusenga, mwizeye muzobihabwa*.” (Mat 21:22). Bamwe barakoresheje iyi mirongo mu nyigisho zabo kuvugaga ngo “cature, kivuge mw’izina hamwe ucigarurire”—mu yandi majambo, abizera barashobora kuronka ivyo basavye vyose vy’ubutunzi, kandi igituma conyene badahabwa ivyo baba basavye ni uko batagira ukwizera. Ariko, **1 Yohana 5:14-15** hatubarira yuko ugusenga kw’ukuri gufatira ku gusaba “*ibijanye n’ubugombe bwayo*” (si ubugombe bwacu bwite). Mbere no ngaho, Imana yaranse guha Intumwa Paulo ivyo yayisavye (**2 Kor 12:7-9**) (**Luka 22:41-42**) n’ivyo Yesu yasavye Imana —ariko muri bo nta n’umwe yari “abuze ukwizera.” Imana ni yo iri hejuru ya vyose, ni yo ibigaba ikabigabura, kandi turakwiye kwibuka yuko igihe dusenga **Yak 4:3** hariko harerekana ikintu c’uko ibidutuma gusenga dusaba ikintu ari ngirakamaro cane. Amasengesho yacu agaragaza nimba ukwizera kwacu mu vy’ukuri kuri mu Mana kandi nimba mu vy’ukuri twipfuzi ubugombe bwayo mu bugingo bwacu, canke nimba ivyizigiro vyacu, ukwizera kwacu n’ivyipfuzi vyacu biri mu butunzi no mu kumererwa neza, kuroranirwa. Nimba ivyo vya nyuma ari vyo dushingirako, tugaragaza abo turi bo ko turi abasenga ibigirwamana mu mutima —kandi Imana ntivyagera ihezagira abasenga ibigirwamana.

4. **Umurongo wa 4—Imigenderanire yacu n’Imana.** Umurongo wa 4 wugara ivyo twariko turavugako ku vyerekeye ukwigungirako, ukwipfuzi, ishari, n’ugusenga. Ikibazo abantu benshi bafise cerekeranye

n’abo Yakobo yariko arandikira—kandi ikibazo n’ic’abanywanyi bose b’ubutumwa bwo kuroranirwa na benshi muri twebwe muri iki gihe—ni uko bari kandi n’uyu musu ari “ab’isi” hejuru y’ukuba mw’isi.” Mu yandi majambo, uburangamutima bwabo, ivyo bashira imbere, n’ivyipfuzo vyabo vyari bifatiye ku burangamutima bw’ab’isi, ivy’ab’isi bashira imbere n’ivyipfuzo vy’ab’isi. Isi yabo izunguruka kuri bo bonyene, ntizunguruka ku Mana na Yesu Kristo. Mu kwita kwa Yakobo yuko bavyononera mu bibahimbura, abantu bipfuzwa, “abasambanyi” vyerekana yuko, mu mutima, imigenderanire y’umuntu n’Imana ifise ingorane. Igituma ni uko “umusambanyikazi” ari “imvugo ngereranyo ku bijanye n’ubuhemu mu vy’impwemu, ukuryarukana mu vy’impwemu. Ni ijambo rikomeye kandi riteye ubwoba, ryagenewe gukangura umusomyi ave mw’itiro ry’impwemu arimwo. Iciumviro c’ubusambanyi bwo mu vy’impwemu nta nkeka co cabuwe mw’Isezerano rya Kera (raba Hos 2:2-5; 3:1-5; 9:1).” (Burdick 1981: 193) twebwe, ishengerero, turi umugeni n’umugore wa Kristo (**Ef 5:23, 32; Ivyah 19:7; 21:2, 9**). Umwami, umukwe wacu, asaba yuko tumwegukira kandi tukamubera abizigirwa, nk’uko n’abubakanye basabwa kuba abizigirwa umwe ku wundi ntihagire uwuhemukira uwundi.

Yakobo ntiyari gushobora gusigura birenze ivyo ku bijanye n’ubukomezi bw’ivyo igihe avuga ati, “*uwo ari we wese ashaka gucudika n’isi aba umwansi w’Imana.*” Ic’ingirakamaro kuri twebwe kandi ico twipfuzwa kurusha ibindi, nk’uko bigaragara mu gusenga kwacu, bifise ingaruka zo mu bihe bidashira. Ibi bintu vyerekana ukugene imitima yacu imeze mu vy’ukuri. Kandi dutegerezwa kwama twibuka yuko “*Imana iraba mu mutima*” (**1 Sam 16:7**). Nk’uko yabikoze muri iki gitabu cose, iki gisomwa gishika ku mutima w’ukwizera nyakuri n’ukwizera kw’ibinyoma. Iki ni ikibazo gisubira inyuma gushika mw’**Ita 3:15**: “*Nzoshira inyankane hagati . . . n’uruvyaro rwawe [mu yandi majambo, Satani, umwami w’iyi si n’abamukurikira bose] n’uruvyaro rwiwe [mu yandi majambo, Yesu, Imana y’ukuri y’isi, n’abayikwirikira bose].*” Vyamyeye biri uko igihe cose: isi irwanya Ubwami bw’Imana; ukwizera n’ibikorwa. Ukwo kubona ibintu muri ubwo buryo bw’uko hari inzira zibiri gusa—Inzira y’Imana n’inzira irwanya Imana—tubibona muri Bibiliya yose (raba, uburorero **Zab 1; 73; Mat 7:13-20, 24-27; 1 Kor 2:14-15**). Kumbure bigaragarira neza mu gitabu c’Ivyahishurirwe Yohana aho abantu bose (“*mu moko, n’imiryango, n’indimi n’amahanga*”) bigaragara nk’aho ari umunywanyi w’umwe muri abo babiri, barwanyana, imice ibiri idashobora kubangikana: isi (**Ivyah 11:9; 13:7; 14:6**; raba kandi **17:15**), canke ishengerero (**Ivyah 5:9; 7:9**); abagerereye kw’isi (**Ivyah 3:10; 6:10; 8:13; 11:10; 13:8, 12, 14; 14:6; 17:2, 8**), canke abagerereye mw’ijuru, abo I wabo ari mw’ijuru (**Ivyah 6:9, 11; 7:9-10; 11:12; 12:10; 14:1-3; 15:2-4; 19:1-9, 14; 20:4-6**); abasenga igikoko (**Ivyah 13:3, 4, 8, 12, 15; 14:9, 11; 19:20**), canke abasenga Umwagazi (**Ivyah 4:8-11; 5:9-14; 6:9; 7:9-17; 11:15-18; 12:11, 17; 14:4, 12; 15:2-4; 17:14; 19:5-9; 20:4; 21:9; 22:3**); abariko ikimenyetso c’igikoko (**Ivyah 13:16-17; 14:9, 11; 19:20**), canke abadomweko ikimenyetso n’Imana (**Ivyah 7:3; 9:4; 14:1; 22:4**); abatanditswe amazina yabo mu gitabu c’ubugingo (**Ivyah 13:8; 17:8; 20:15**), canke abo amazina yabo yanditswe mu gitabu c’ubugingo (**Ivyah 3:5; 21:27**); abagize “gisagara gihambaye” (**Ivyah 11:8; 16:19; 17:18; 18:10, 16, 18, 19, 21**), canke abagize ca “gisagara gikundwa” (**Ivyah 20:9**). Nta n’umwe atagira aho “yegukira, yegamiye” canke ngo habeho ahagira gatatu.<sup>9</sup>

#### **VIII. Yak 4:5-10—Ingene turondera ubuntu bw’Imana n’ukugene turonka ubwenge bwo mw’ijuru—**

<sup>5</sup> *Canke mwiyumvira yuko ivyanditswe bivugira ubusa, ng’uwo Mpwemu yagererewe muri twebwe “atwikundiriza apfuha”?* <sup>6</sup> *Arikw itanga ubuntu burushirije. Ni co gituma ivuga iti: “IMANA IRWANYA ABIBONA, ARIKO ABICISHA BUGUFI IBAHA UBUNTU.”* <sup>7</sup> *Nuko mugamburukire Imana, ariko murwanye wa Murwanizi, na we azobahunga.* <sup>8</sup> *Mwiyegeze Imana, na yo izobegera. Yemwe banyavyaha, ni mukarabe: yemwe abo imitima ibiri, ni mwiyeze imitima.* <sup>9</sup> *Mubabare, muboroge, murire; ibitwenge vyanyu bihinduke amaborogo, umunezero uhinduke umubabaro.* <sup>10</sup> *Mwicisha bugufi imbere y’Umwami Imana, nay o izobashira hejuru.*

Iyi mirongo itanga ibinyuranye n’ukwigungirako hamwe n’ingorane zose zijanye n’imigenderanire bitera twavuze ku mirongo ya **1-4**. Ubwa nyuma, inyishu ibonekera mu kwicisha bugufi no kwegera Imana itanga ikaduha ubuntu bwinshi kandi igaca idushira hejuru. Iyi mirongo ituma haba ukwibaza ibibazo bitari bike bikomeye:

1. **Umurongo wa 5**—Ikibazo gikomeye co gukura ururimi ukarushira mu rundi. Ukwo gukura ururimi

<sup>9</sup> Mu gice ca kabiri c’Ivyahishurirwe Yohana tubona ukwo kubangabanganwa kugaragarira mw’itandukaniro ry’ibigereranyo bitatu bigizwe n’ibikoko, abagore n’imirwa: igikoko—umwagazi; Maraya—umugeni; Babulonihahambaye—Yerusalemu Musha.

rw’aho hejuru ukarushira mu rundi rurimi rufata “We” (mu yandi majambo, Imana) nk’aho ari rukozi rw’uwo murongo. Gufatira ku vyari bihejeje kuvugwa ku murongo wa **4**—ishusho y’Imana nk’umukwe wacu—uwo murongo “usigura ikibazo gikomeye co gucudika n’isi mu kutuzanira mu cyumviro ishari, ugupfuha kw’Uhoraho, gusaba ko twimatanya n’abo Imana yimataniye na bo” (Moo 1985: 144). Ntibigaragara neza yuko “mpwemu” avugwa afatira kuri Mpwemu Yera nk’aho anyuranye na “mpwemu” yahumekewe mu muntu mu gihe c’irema. Uko biri kwose, uwo murongo utwibutsa yuko “Imana itwiyitirira kubera igikorwa yakoze mu mitima yacu” (Ico gitabu nyene: 146). Ku rundi ruhanda, Bibiliya NIV ivuga ibi, “*canke mwiyumvira yuko ivyanditswe bivugira ubusa, ng’uwo Mpwemu yagererewe muri twebwe “atwikundiriza apfuha?”*” iyi nsobanuro ifata “mpwemu” nk’aho ari rukozi rw’uwo murongo (mu yandi majambo, “mpwemu” yahumekewe mu muntu mw’irema) kandi bisigura yuko “kubera ukurwa kw’abantu, twama twipfuzwa” (*Life Application* 1986: 2250n.4.5). Tutabanje kwitaho insiguro, Yakobo ntariko arabura umurongo kanaka canke igisomwa—ariko arapfuyapfuyanya inyigisho y’Ivyanditswe.” (*Life Application* 1986: 2250n.4.5).

2. Umurongo wa 6—Imana iduha ubuntu bwo gushikira ivy’isaba no kunesha kameremere k’icaha k’umubiri. Uwo murongo wabura **Imig 3:34** (raba kandi **1 Pet 5:5**). Kugira ngo umuntu agire ubwo buntu, *uguca bugufi* kurakenewe. Imirongo ya **7-10** rero itubarira ingene twokwigarurira ububasha bw’ubuntu bw’Imana mu bugingo bwacu.

3. Imirongo ya 7-10—Ingene twokwigarurira “ubuntu buhambaye” bw’Imana. Iyo mirongo ine irimwo amategeko cumi (amategeko) yerekana intambuko ndwi dutegerezwa gufata kugira ngo dushobore kuronka “ubuntu buhambaye” bw’Imana mu bugingo bwacu. Nk’uko bimeze ku “vyamwa vya Mpwemu” mu b’i **Gal 5:22-23** vyose vyerekana ico ari co “urukundo” (ari rwo ruza imbere y’urutonde rw’ivyamwa vya Mpwemu) ingene bimeze, hamwe n’ibisabwa bitandukanye kugira ngo umuntu abe umurongozi w’ishengero vyadondowe muri **1 Tim 3:2-7** vyose bidondora ico ari ico kuba “inyankamugayo” (ari na co kiza imbere y’ibindi vyose bisabwa) uko bisa, ni nako amategeko ngaha ashobora kuboneka nk’aho yerekana ukwishikanira Imana nyakuri uko kumeze.

- *Mugamburukire Imana.* Ibi ni urufatiro. Ibintu vyose bikurikira bikomoka mu kugamburukira Imana kandi vyerekana ico ari co kugamburukira Imana.
- *Murwanye wa Murwanizi.* Ku murongo wa **4**, Yakobo yerekana yuko hariho itandukaniro ry’urufatiro hagati y’isi n’Imana. Ubu ahishura yuko ingorane nyamukuru ikomoka ku mwansi. Igituma ni uko umwansi ari we “*mwami w’iyi si*” (**Yohana 12:31**) n’“*imana y’iyi si [canke y’iki gihe]’*” (**2 Kor 4:4**).
- *Mwiyegereze Imana.* Ibi bisa n’ukurwanya Satani. Kubera yuko Satani ari umwami w’isi n’imana y’iyi si, uwo ari we wese atari mu bwami bw’Imana ari musu y’ububasha n’ubushobozi bwa Satani (**Ivyak 26:18**). Nta n’umwe atagira aho yegamiye canke ngo habe umurwi wa gatatu wo gusubirira iyo mirwi yindi ibiri. Icongeyeko, David Nystrom yerekana yuko kwiyegereza Imana “atari ukugerageza guhindura ubuzima bw’impwemu bw’umuntu. Ni ukwinjira wese mu bwiza bw’Imana, kugerera yo, kuremesherezwa yo, kuba i muhira.” (Nystrom 1997: 231)
- *Ni mukarabe.* Amaboko yacu yerekana ibikorwa vyacu. Ibi ariko bitegerezwa guherekezwa n’intambuko ikwirikira.
- *Yemwe abo imitima ibiri, ni mwiyeze imitima.* Imitima yacu yerekana ivyiyumviro vyacu vyo mu mitima, inyifato yacu, ibidusunikira gukora ivyo dukora. Ni isoko ry’ukuri ry’ibikorwa bigaragarira ku mubiri. Yesu yise abo bakaraba amaboko yabo gusa “basa n’imva zihomeshejwe ingwa” (**Mat 23:27-28**; raba kandi **Luka 11:37-41**).
- *Mubabare, muboroge, murire; ibitwenge vyanyu bihinduke amaborogo, umunezero uhinduke umubabaro.* Ibi bijanye n’ukwihana nyakuri ivyaha vyacu hamwe n’ukwisiba ko utazobisubira. Kristo yasezeranye guhoza no kuremesha abihana muri ubwo buryo (**Mat 5:4**). Ku rundi ruhanda, yavuze ko bazobona ibara ababoroga n’abarira (**Luka 6:25**).
- *Mwicishe bugufi.* Umutima wo guca bugufi werekana yuko twishikaniye Imana kandi tukayegera. Kanatsinda, umuntu ntashobora kwishikanira Imana mu buryo na bumwe kiretse afise umutima uciye bugufi. Imana izoshira hejuru abicisha bugufi imbere yayo kandi, nk’uko Yakobo abivuga ku murongo wa **6**, abicisha bugufi ibaha ubuntu, arikw itanga ubuntu burushirije tuba dukeneye.

**IX. Yak 4:11-5:6—Icaha c’ukwibako n’ukugene kigaragara**

Dufatiye ku mirongo ya **4:7-10** ivuga ku vyo dukwiye gukora n’ico ari co ukugamburukira Imana, iki gice kitwereka ivyo *tudakwiye* gukora, mu yandi majambo, ni ibimenyamenya vy’uko umuntu *aticishije* bugufi – canke ko atagamburukiye Imana.

**4:11-12**—<sup>11</sup> *Bene Data, ntimuvugane nabi. Uvuga nabi mwene Se, cank’uhinyura mwene Se ku mutima, aba avuze nabi ivyagezwe, ni vyo aba ahinyuye.* <sup>12</sup> *Ushinga ivyagezwe, ari we mucamanza, ni Imwe gusa; ni yo ishobora kurokora no guhonya: ariko wewe uri iki, uhinyura mugenzawe?*

Kuvuga nabi canke uguhinyura mwene Data ni ikimenyetso c’amanjama n’ukwikumakumirako, kwigungirako. Binyuranye na wa mutima n’ingeso duhejeje kubona kuri **4:5-10** dutegerezwa kugira. Ijambo ry’Ikigiriki ryakoreshejwe ngaha ku “kuvuga nabi” (*katalaleō*) “rifatira ku kugene umuntu avuga nabi uwundi muntu. Ibvugwa bishobora kuba ari ukuri ariko bikavugwa mu buryo bubi kandi ata rukundo mu buryo bishikirijwe. . . . Yakobo akuraho uburenganzira ubwo ari bwo bwose abasoma ivyo yanditse bashobora kuba barihaye mu kwicara ku ntebe y’imanza bagacira imanza bagenzi babo. Ibi si ugukuraho amasentare abacamanza bo mu masentare. Ahubwo, ni ugukuraho mpwemu y’uguca imanza itagira urukundo, itabembereza iguma irondera amakosa ku bandi.” (Burdick 1981: 196)

Ibi birakaze kurusha uko abantu benshi bavyiyumvira. Nk’uko Ronald Ward abivuga, Yakobo ariko aravuga yuko umuntu afise impwemu y’uguca imanza no gutora amakosa abandi kandi ko muri iyo mpwemu avuga abandi nabi “aba yigize *umucamanza*; kandi si ukwigira *umucamanza* asanzwe ashinga amategeko yamara ni ikindi kintu kiruta ivyo. Yigize *uwutanga amategeko*. Aba yashinze irindi tegeko afatirako mu gucira urubanza mwene Data. Aba ahakanye Imana, acumuye ku Mana kandi n’amanjama menshi akiha uburenganzira n’ikibanza adafise.” (Ward 1970: 1233)

Ukubuza gucira imanza abandi ngaha ntikunuranye na **Yohana 7:24** aho Yesu avuga ati, “*Ntimupfe guca imanza ku biboneka, ariko muce imanza z’ukuri,*” canke **1 Kor 2:15** havuga hati, “*umuntu w’impwemu asesa vyose, kandi ubwiwe ntawumusesa,*” canke **1 Kor 14:29** havuga yuko ishengeru rikwiye “*kubigenzura*” ku bantu bavugako ari abavugishwa n’Imana. Uwo ari we wese ategerezwa kurobanura no gusuzuma itandukaniro riri hagati y’ibintu vy’ukuri n’ivy’ibinyoma, iciza n’ikibi, ikigororotse n’ikitagororotse. Ivyo ni vyo Yesu na Paulo bariko baravugako. Itandukaniro riri hagati y’ivyo Yesu na Paulo bariko baravugako n’ivyo Yakobo ariko aravugako bivane n’ico umuntu ahekeyeko, ibimusunika, kugira ubwenge n’umutima wa Kristo, hamwe n’ukurongorwa na Mpwemu. Dachollom Datiri apfunyapfunya ivyo mu vyo yavuze kuri **1 Kor 2:14-15**: “Paulo atandukanya hagati y’abantu bari mu mirwi ibiri. Umjrwu wa mbere ni abo *batagira Mpwemu*, babaho nk’aho umengo nta kindi kintu kibagera canke ikindi kintu coza inyuma y’ubu bugingo (**2:14**). Uburangamutima bwabo bwose bushingiye ku bintu, kandi bacira urubanza ikintu cose bafatiye ku bintu biboneka. Abantu nk’abo ntibashobora gutahura ibintu vy’impwemu. Mu buryo bunyuranye, abamaze gukura canke abafise mpwemu, ubugingo bwabo burongorwa na Mpwemu, baranezererwa uturusho tudasanzwe two gushobora *gusuzuma ibintu vyose*, ni ukuvuga yuko, bashobora kubisuzuma neza bitonze no kubiyungurura bagakuramwo ibifise akamaro (**2:15**). Umuntu afise ubwenge canke umutima wa Kristo ashobora gufata ingingo nziza ku bibazo kanaka.” (Datiri 2006: 1381)

**4:13-17**—<sup>13</sup> “*Umve rero, yemwe abavuga ng’Uyu musu cank’ejo tuzoja mu gisagara c’i naka, tuzomarayo umwaka, tudandaze, turonke inyungu.*” <sup>14</sup> *Ariko mutazi ibizoba ejo. Ubugingo bwanyu ni nk’iki? Muri umwaka uboneka umwanya muto, uguhava uyongayonga.* <sup>15</sup> *Ariko mwari mukwiye kuvuga, mut’* “*Umwami wacu ni yabikunda, tuzoramba, kandi tuzokora durtya canke durtya.*” <sup>16</sup> *Yamara none mwirata ukwihayagiza kwanyu: ukwirata kwose ben’ukwo ni kubi.* <sup>17</sup> *Nuk’uzi gukora neza ntabikore, bimubera icaha.*

Aho imirongo ya **11-12** irimwo ukutavuga n’ukudacira imanza abandi, muri iyi mirongo icaha c’urufatiro yifatira mu gahanga ngaha ni *ingeso z’imbere mu mutima* zo mu bugingo: umutima wo kwibako canke wo kwumva ko kwijwe, ni ukuvuga, ko bishikana umuntu ku buzima n’ubugingo budakeneye Imana. Ivyo bifatanye cane n’icaha co kwihayagiza ko bitegerezwa kugenda neza, mu yandi majambo, kwibaza ko Imana izokwemera ko imigambi y’umuntu yose izogenda nk’uko yayiteguye atarinze kubanza kwiyumvira yuko Imana iri hejuru ya vyose kandi ko ishobora kuba ifise izindi nteguro. Ukwihayagiza nk’ukwo ni amanjama, nk’uko Yakobo avyita neza ku murongo wa **16**.

Kugira integuro zo muri kazoza si co turwanya ngaha na gato kurusha ugushishoza, ugusuzuma, hamwe n’ugupima, *ubwa kwo*, vyararwanijwe ku mirongo ya **11-12**. Umuntu uwo ari we wese ni ngombwa ko arategura kazoza kiwe. Ariko integuro zacu zose zitegerezwa gutegurwa tumenya yuko Imana iriho, ubugombe bwayo

n'integuro zayo. Dutegerezwa igihe cose kwama twibuka yuko integuro zacu zivana n'ubugombe bwayo n'integuro zayo. Ibihe vyinshi, Paulo yarabisiguye neza ko integuro ziwe zizogenda neza akoresheje amajambo nk'aya "Imana ni yabishaka, ni yabikunda" (raba **Ivyak 18:21; Rom 1:10; 1 Kor 4:19; 16:7**; raba kandi **Heb 6:3**). Ntiyakoze ivyo igihe cose yariko arategura ikintu kanaka (raba **Ivyak 19:21; Rom 15:28; 1 Kor 16:5, 8**). Ibi bikwiye kutwibutsa yuko kuvuga amajambo nka "Imana ibishatse" atari "amajambo ya maji" akora ibikenewe vyose. Ahubwo, ikibazo kiri mu mitima yacu: Nimba tuvuga amajambo atomoye nk'aya "Imana ibigomvye" canke ntibibe biryo, "twama imisi yose dushira integuro zacu n'ivyipfuzo vyacu musi y'uburongozi bwa Kristo, tukamenya yuko ari we atuma abantu bamererwa neza, batunga canke agatuma iyo migambi itarorana" (Moo 1989: 1160). Yakobo aheraheza iki kigabane ku murongo wa **17** mu kwerekana ko ubu tuzi inyifato dutegerezwa kugira dufatiye ku migambi n'integuro zacu, kudashobora gushikanira integuro zacu ubugombe bw'Imana ni icaha. Ku rundi ruhande na rwo, iyo twizeye vy'ukuri, tukemera, kandi tukaguma mu kuri kw'uko Imanam iri hejuru ya vyose kandi iganza vyose, hamwe no kwemera ko ari yo itubesheje ho kandi ko tubeshejweho n'ubugombe bwayo (raba, uburorero, **Yohana 15:5; 1 Kor 6:19-20**) duhobora kugira amahoro y'umusekara imigambi yacu yotera imbere canke ntitera imbere.

**5:1-6**—*Enda rero, yemwe batunzi, ni murire muboroge kuko mugira mufutane.* <sup>2</sup> *Ubutunzi bwanyu buraboze, impuzu zanyu ziriwe n'inyenzi.* <sup>3</sup> *Izahabu n'ifeza vyanyu binyengeterewe n'ingese: ingese zavyo zizoba icabona co kubagiriza, zizonyengetera imibiri zanyu nk'umuriro. Mwarundaniye mu misi y'umuhero!* <sup>4</sup> *Eh'ingero z'abashwabuzi babashwaburiye imirima, izo mwabagunze, zirataka: amaborogo y'ababashwaburiye yinjiye mu matwi y'Uhoraho Nyeningabo.* <sup>5</sup> *Mwidibamiye mw'isi, mwihaye ibibahimbara: mwifunereje mu mitima ku musi wo gukekagurwa.* <sup>6</sup> *Umugororotsi mwamuciriyekw iteka, muramwica, ntiyabagwanya.*

Iki kigabane gikurikira ivyari vyavuzwe kuri **4:13-17** ku vyerekeranye na kamere k'ubugingo bw'igihe gito no kutagira amanyama n'imigambi yo kwikwegerako kandi ikaba yongera ku vyaja vyavuzwe kuri **1:9-11**. Iciumviro nyamukuru c'ukwo kugabisha ku batunzi kiguma kigaruka mu nyigisho za Yesu (raba **Mat 6:19-24; 19:23-24; Mariko 10:23-25; Luka 12:16-21; 16:19-31**) na Paulo (**1 Tim 6:5-11**).

Muri iki gisomwa Yakobo yakoresheje invugo nk'iyi Yesu yakoresheje ku bijanye n'ikoreshwa ry'amahera kugira ngo acire urubanza abatunzi. Yesu yari yavuze ati, "*Ntimukirundaniye ubutunzi mw'isi ah'inyenzi n'ingese bibumara, n'ibisuma bikimba bikabwiba. Ariko mwirundaniye ubutunzi mw'ijuru, ah'inyenzi n'ingese bitabumara, hatariyo n'ibisuma vyimba ngo vyibe;*" <sup>21</sup> *Kukw aho ubutunzi bwawe buri, ari ho umutima wawe uzoba.*" (**Mat 6:19-20**) Yakobo avuga yuko abatunzi "*birundaniye ubutunzi bwabo ngaha kw'isi.*" Umuntu yirundaniye ubutunzi kw'isi mu gukunda amahera n'ibitunze, mu kugerageza kurondera menshi, mu kwirundaniye amahera no kuyakoresha ku vyabo gusa aho gutanga batitangiriye itama kugira ngo bafashe aboro n'abakene, hamwe no kubaho ubuzima bw'ibitayega, ibicika, no kuvyinezerezamwo. Mu nyonga z'Imana, ubutunzi bwacu "buraboze" kandi buriwe n' "ingese" kandi impuzu zacu "ziriwe n'inyenzi" igihe "twikumakumiyeko" ubutunzi aho kubukoresha mu gufasha abandi no kwagura ubwami bw'Imana (raba **1 Tim 6:17-19**).

Ibindi bintu bitatu bigize iki kigabane bitegerezwa kuvugwako. Ubwa mbere, ku murongo wa **4** amaborogo y'abashwabuzi bashwabuye mu mirima mirima y'abatunzi ariko ntibahabwa ingero zabo neza "*amaborogo y'ababashwaburiye yinjiye mu matwi y'Uhoraho Nyeningabo.*" Ibi vyibutsa **Ita 4:10** igihe amaraso ya Abeli yariko aratakambira Uhoraho kw'isi. Si amaborogo y'abashwabuzi yonyene ashikira Uhoraho, ariko n' "*ingero z'abashwabuzi . . . zitaka.*" Uwu murongo usa n'uwa **3** uvuga yuko ingese z'izahabu n'ifeza ubwavyo vy'abatunzi "*zizoba icabona co kubagiriza.*" Ikindi, Imana yitwa "*Uhoraho w'i Sabaoth*" (rimwe na rimwe bihindura "*Uhoraho Nyeningabo*"). "Sabaoth" hafatira ku ngabo kandi hagashimangira ugushobora vyose kw'Imana (Danker 2000: "*Sabaoth,*" 909; Zodhiates 1993: "*Sabaoth,*" 1268). Ibi vyerekana yuko Imana izorwanya abatunzi irwanirira abakene, abo bafashe nabi, bagiriye nabi, barenganiye. Ahandi hantu honyene mw'Isezzerano Risha aho Imana yitwa Uhoraho w'i Sabaoth ni **Rom 9:29**, aho na ho hagafatira kuri Sodomu na Gomora. Ibi ni ngirakamaro kubera yuko ari ivyo vyaha nyene Yakobo ariko aravugako ngaha—Urukundo rw'amahera n'ubutunzi, kwikumakumirako no kwigungirako aho gutanga batitangiriye itama kugira ngo bafashe aboro n'abakene, bakidibamira mu bibahimbara, mu kurenza urugero, hamwe no mu kwinezereza—vyatumye Imana irandura Sodomu na Gomora (**Ezek 16:49-50**).

Ubugira kabiri, **umurongo wa 3** uvuga yuko, "*Barundaniye ubutunzi mu misi y'umuhero!*" Abantu bamwe bibaza yuko "iminsi y'iherezo" ari ikiringo co muri kazozo kizoba gatoya imbere y'ukuzogaruka kwa Yesu. Ukwo si ukuri na gatoya. Ukuza kwa mbere kwa Kristo: (A) kwerekanye intango "y'iminsi y'iherezo" izobandanya gushitsa Agarutse; kandi (B) kwashikije ubuhanuzi bwavuzwe mw'Isezzerano rya Kera

bwerekeranye n’“imisi y’iherezo” canke “ibihe vy’iherezo.” Isezerano Risha rirabigaragaza neza. “Ibi ahanini vyavuzwe na Petero mu nyigisho yiwe ikomeye yigishije ku musi wa Pentikoti, igihe yavuga ku buhanuzi bwo muri Yoweli uku gukurikira: ‘aba ntibaborewe nk’uko muvyiyumvira, kuk’ubu ari isaha zitatu z’umusi, ariko ivyo ni ivyavuzwe n’uwavugishwa n’Imana Yoweli: ati Bizoba mu misi y’iherezo ni ko Imana yagize, Nzosuka Mpwemu wanjye kubari n’umubiri bose . . .” (Ivyak 2:16-17). Amajambo ‘mu misi y’iherezo’ (*en tais eschatais hēmerais*) ni insiguro y’amajambo y’Igiheburayo ‘*acharey khēn*, mu yandi majambo *inyuma y’aho*. Igihe Petero yabura ayo majambo akayakoresha kuri ico kintu cari gihejeje kuba, ariko aravuga mu vy’ukuri ati: ‘Turi mu misi y’iherezoguhera ubu nyene.’” (Hoekema 1979: 16) Ahandi hose hakoreshejwe ayo majambo “imisi y’iherezo” mw’Isezerano Risha na ho nyene yerekana yuko ubu turi mu “misi y’iherezo” (raba **2 Tim 3:1-5; Heb 1:1-2; 2 Pet 3:1-4**). Ni co gituma, Yakobo ariko aravuga ku bantu hamwe n’ivyo bakoresha amahera yabo *ubu*.

Ubugira gatatu, icafatiweko kuri iki gisomwa cose ni uko ubutunzi bw’abantu batunze ngaha ari ikimenyetso, atari uko Imana *ibagirira ikiganza ciza* ariko ni *urubanza rwayo*. Abantu benshi biyumvira yuko ubutunzi ari ikimenyetso c’ikiganza ciza c’Imana. Ni ukuri, nta nkeka, yuko Imana “*Iduha vyose bisesekaye ngo tubinezere*” (**1 Tim 6:17**). Ariko inyigisho y’ivyitwa “ubutumwa bwo kuroranirwa” bw’uko ubutunzi ari ikimenyetso c’ikiganza ciza c’Imana ni ikinyoma cambaye ubusa gusa. Yesu yari umukene, umworo yahamwe n’abatunzi n’abafise ububasha, kandi mu nyuma arahagarikwa, arakubitwa, yagirizwa ibinyoma, arabambwa nk’inkozi y’ikibi canke umushumba, inyagano. Paulo yari umutunzi, ariko aho hari *imbere* yuko ahinduka Umukristo. *Inyuma y’aho ahindutse Umukristo yarakubiswe*, akubitwa ibimoko, aterwa amabuye, amaekerwako n’ubwato, arahamwa, arapfungwa (**2 Kor 11:23-33**) kandi mu nyuma bamuca umutwe. Ivyo bintu vyose vyabaye kuri Yes una Paulo ntivyabaye kubera yuko batari bafise ukwizera, ntivyabaye kubera bari babuze ukwizera canke ko bari bacumuye; ivyo bintu vyabaye *kubera yuko* babaye abizigirwa. Ikimenyetso c’uko turi muri abigishwa ba Yesu si uko dufise amahera, si uko turi abatunzi canke ko dufise amagara meza ariko ni uko dukundana (**Yohana 13:34-35**).

Ubutunzi *bushobora* kuba ikimenyetso c’imigisha y’Imana n’ikiganza ciza c’Imana—ariko ivyo bivane n’ivyo dukoza ivyo vyose Imana yaduhezagije. Ico Yakobo avuga ni uko, iyo duhangiyeye kandi tukigungirako amahera, tukabaho ubuzima bw’ibitayega n’ibicika n’ukwinezereza aho gukoresha ivyo Imana yaduhezagije mu gufasha abakene n’aboro hamwe no gukwiragiza ubwami bw’Imana, ubutunzi bwacu ni ikimenyetso c’*igihano* c’Imana! Abigaragariza neza ku murongo wa **3** uvuga gurtya, “*Izahabu n’ifeza vyanyu binyengeterewe n’ingese: ingese zavyo zizoba icabona co kubagiriza, zizonyengetera imibiri yanyu nk’umuriro*.” Kandi ku murongo wa **5** uvuga gurtya, “*Mwidibamiye mw’isi, mwihaye ibibahimbara: mwifunereje mu mitima ku musi wo gukekagurwa*.” Ku murongo wa **5** ariko aragereranya abatunzi n’inka canke ingurube zavuyibuhijwe kugirango zizobarwe. “*Umusi wogukekagurwa*” ni ijambo rwo mw’Isezerano rya Kera risigura umusi w’amateka, umusi w’imanza (**Yer 12:1-3**; raba kandi **Zab 49:20**). Yakobo ariko araturarira yuko, nk’uko bigenda ku bikoko biba bigeye kubagwa, abatunzi, mu butunzi bwabo n’ukworoherwa, ntibazi—mbere no ku musi w’urupfu rwabo—ko bagiye gucirwakw iteka no kwicwa. Kandi nk’uko umurongo wa **3** uvyerekana, ubutunzi bwabo bwite (ubwo bishimira kandi bibaza ko ari ikimenyamenya c’ikiganza ciza c’Imana kuri bo) buzoba icabona co *kubagiriza* ku musi w’amateka. Ni icabona kizobagiriza kubera babukoresheje mu kubwigungirako aho kubufashisha abandi no kwungura ubwami bw’Imana.

Gufatira ku kwica umugororotsi ku murongo wa **6** “bishobora kuba vyavanye n’ingaruka zigaragara z’abatunzi bananiwe gusangira ubutunzi bwabo no kuriha imishahara, ingero z’abakozi babo. . . . Ariko, *gutsindisha (katadikazō)* ni ijambo rikoresheya n’abacamanza, kandi ryerekana ahubwo ko abatunzi bariko barakoresha mbere kumbure bariko baronona, bahirika amategeko n’ukugene ibintu bigenda mu bucamanza bishimikije ubutunzi bwabo bigatuma bakumakuma ibintu amazu n’ibitayega.” (Moo 1985: 166) Ijambo rya nyuma, “*ntiyabarwanya*,” mu bisanzwe rifatwa yuko risigura ko ibikorwa vy’abatunzi ari bibi kurushiriza kubera inzirikarengane zihakana kwirwanirira canke zidashobora kwigwanirira. Ariko, “birashoboka gusobanura iryo jambo nk’ikibazo, umuntu akitega inyishu ‘ego’: ‘mbega arabarwanya?’ rukozi rw’irivuga ashobora rero kuba Imana . . . kandi icafatiweko kikaba ukuzoca imanza kwo muri kazoza: ‘mbega Imana ntizobarwanya?’” (Ico gitabu nyene: 167)

Muri iki kigabane, Yakobo ariko araturarira yuko, ku mpera, amahera ni ivy’impwemu. Ico dukoresha amahera yacu, kumbure kurusha ibindi bintu vyose, cerekana kikagaragaza Umwami wacu uwo ari we vy’ukuri. Ico ni co gituma Yesu yavuze incuro irenga imwe ati, “*Ntushobora gusaba Imana n’Ubutunzi*” (**Mat 6:24; Luka 16:13**).

## X. Yak 5:7-20—Impanuro z’ugusozera

**5:7-11**—<sup>7</sup>*Nuko bene Data, mwhangane mushitse ah’Umwami azogarukira. Eh’umurimy i arorera imirima myiza, ayirindira yihanganye, gushitsa aho izoronkera invura y’agatasi n’iy’urushana.* <sup>8</sup>*Nuko namwe mwhangane, mureme mu mitima, kuk’ukuza kw’Umwami kuri hafi.* <sup>9</sup>*Ntimwidodomberanire, bene Data, kugira ngo ntimucirwekw iteka: eh’umucamanza ahagaze ku rugi.* <sup>10</sup>*Abavugishijwe mw’izina ry’Umwami Imana bababere icitegererezo bene Data, co kubabazwa no kwihangana.* <sup>11</sup>*Eh’abihanganye tubita abahirwe: mwarumvise ukwihangana kwa Yobu, mwabonye ivy’Umwami Imana yaherutse kumugirira, ingene yuzuye imbabazi no kugira ikigongwe.*

“Nuko,” ijambo ritangurira iki kigabane, rifatanya imirongo ya **1-6** n’ukuzogaruka kwa Kristo Yesu kandi rero rishimangira icyumviro c’uguca imanza muri iyo mirongo.<sup>10</sup> Kanatsinda, impanuro yo kwihangana (**imirongo ya 7-8**), yo kutidoganira (umurongo wa **9**), kwihanganira ibibagerageza (imirongo ya **10-11**), kuvuga make kandi kuvuga ivy’ukuri (umurongo wa **12**), gusenga, kuririmba indirimbo z’ishimwe, no kwatura ivyaha (**imirongo ya 13-18**), hamwe no kugarukana bene Data baguye k’Uhoraho, ku Mwami (imirongo ya **19-20**) ivyo vyose bishobora kuboneka nk’impanuro z’ukugene abantu bakwiye kubaho mu mucu w’uko Yesu agiye kugaruka. **Zab 37** hafise icyumviro nk’ico nyene ku vyerekeranye n’umutekano w’abakora ivyiza, ibigororotse kandi bakaba bumvira Imana mu buryo bunyuranye n’akaga n’urubanza bigeye kuza no kuzoshikira abo bese batabaho mu buryo nka burya bwa mbere (raba kandi **Zaburi 73**).

Itandukaniriro riri hagati y’ukugene Umukristo ategerezwa kubaho ukugereraniye n’ivyo Yakobo yavuze ku mirongo ya **1-6** vingera kugaragarira kw’itandukaniriro riri hagati y’abatunzi “*mwifunereje mu mitima*” (**umurongo wa 5**) n’abizera basabwa “*kurema mu mitima*” (**umurongo wa 8**). Icyumviro canke icivugo c’ukwihangana gitangurira ico kigabane gikoreshwa ku bintu vyose bidasanzwe Yakobo avugako: ukudashobora kwihangana gushikana ku kwidoga (umurongo wa **9**); kandi kwihanganira amageragezwa (**imirongo ya 10-11**) bisaba ukwihangana. David Nystrom yerekana impamvu imwe ikomeye ituma Yakobo ahamagarira abizera kwihanganira amageragezwa: “inyungu imwe ikomoka mu kwihanganira amageragezwa ni uko tuba duhawe akaryo ko gukorera abandi na bo bariko baraca mu vyo natwe tuba turiko turacamwo. Aya ni amajambo akomeye, ariko y’ukuri. Umugore wanje na jewe tumaze imyaka 15 twubakanye kandi nta mwana turaronka. Abaganga batubariye yuko naho twokora ibishoboka vyose ko ata mwana dushobora kuvyara, kuronka. Tumaze kubarirwa ivyo sinobabarira ingorane twagize zo kuvyakira no kuvyemera. Ariko umugore wanje na jewe ubwanje twarashoboye kuvyihanganira co kimwe n’abandi batashoboye kuronka abana n’ubwo babipfuzako—umubabaro w’umugore umwana wiwe yapfuye ariko aramuvyara canke umubabaro w’abubakanye co kimwe na twe batagira abana. Sinshobora kuvuga ko ico gikorwa tugikora tunezerewe, ariko twasanze ari igikorwa dushobora gukora.” (Nystrom 1997: 297-98)

Icengeye, ku mirongo ya **7, 8**, na **9** ukwihangana gufatanyijwe n’Ukuzogaruka kw’Umwami hamwe n’amateka azoza aje guca. N’ubwo igikorwa c’Imana cagutse hamwe n’igihe ciwe ari kirekire kurusha uko twovyiyumvira, canke twobinezereyerwa, *Azogaruka*, kandi nta na kimwe cibagirwa canke ngo cirengagizwe. Azoca *izibereye*, kandi abera *bazogororerwa*. Ariko, Imana yakoze ibirengeye ukutwemeza yuko azocira amahanga urubanza rujanye n’ivyaha yakoze, amakosa yakoze hamwe n’ibibi yakoze: Imana ubwayo yariziriye kw’isi ije mu muntu Yesu Kristo kandi yarahanganye n’icaha n’ibibi; yikorera ivyaha vyacu kandi ariha ikiguzi c’ivyaha vyacu kugira ngo abamuhindukirira bese, abaza kuri we bese bazoronka ubugingo mu kibanza c’urupfu rw’ibihe bidashira ku musu w’amateka. Dufatiye kuri ivyo vyose, umukristo w’Umurusiya yandika ibitabo yitwa Fyodor Dostoevsky yasozereye avuga ibi, “Nizera nk’umwana yuko imibabaro izokira kandi ko izosubizwa ku murongo. Nizera yuko ibitesha urubwa abantu bese bizovanwaho nk’umuyaga, co kimwe n’ubwonko n’ubwenge bw’abantu bese nk’ubwa Euclide. Nizera yuko umuherero w’isi, mu gihe ibintu vyose bizobana mu mahoro ibihe vyose, ikintu c’igiciro kinini kizozwa, kizobaho kizonezera imitima yose, kizokuraho ukwiganyira kwose, kizohongera ibibi n’ivyaha vyose vy’abantu, kizahongera amaraso yose yavishijwe mw’isi. Nizera yuko bitazoshoboka gusa guharira ariko mbere no gutsindanishiriza ivyabaye vyose.” (Dostoevsky 1957: 217) Dufashe nka nkama ivyo, Abakristo bazoshobora kwihangana no kwihanganira ikintu ico ari co cose bariko baracamwo muri kino gihe.

<sup>10</sup> “Uhoraho” ku murongo wa **7** ni umwe nk’ “Uhoraho w’i Sabaoth [Uhoraho Nyeningabo]” ku murongo wa **4**. “Uhoraho” ku murongo wa **7** werekana neza ukuzogaruka kwa Kristo; “Uhoraho w’i Sabaoth” ku murongo wa **4** ni insiguro yo mw’Isezerano rya Kera ivuga Imana. Ni co gituma, Kristo ari Imana.

**5:12**—*Ariko bene Data, ikiruta vyose, ntimukarahire, ntimukarahire ijuru cank’isi, cank’iyindi ndahiro yose; ariko ijambo ryanyu ribe Ego, ego; Oya, oya; kugira ngo ntimucirwekw iteka.*

Yakobo ariko arerekana isano n’ivyo Yesu yavuze muri **Mat 5:33-37**. Kubera yuko Yesu ari ukuri (**Yohana 14:6**; raba kandi **Yohana 1:14**), Abakristo—kurusha uwundi muntu uwo ari we wese mw’isi—bategerezwa kuba abantu b’ukuri batagendera mu manyanga.

**5:13-18**—<sup>13</sup> *Muri mwebwe ni haba harih’ubabaye, n’asenge; namba harih’uroraniwe, n’aririmbe ishimwe.* <sup>14</sup> *Muri mwebwe namba harih’urwaye, n’atumekw abashingantahe b’ishengero, baze kumusengera, bamusige amavuta ya elayo mw’izina ry’Umwami wacu;* <sup>15</sup> *Kandi ugusenga gufataniye n’ukwizera kuzokiza umurwayi, Umwami azomuvyura: kandi asanzwe yarakoze ivyaha, azobiharirwa.* <sup>16</sup> *Mwaturanire ivyaha vyanyu, musengeranire, kugira ngo mukire ngwara. Ugusaba kw’umugororotsi kugira ikimazi kuri vyinshi mu gikorwa cakwo.* <sup>17</sup> *Eliya yari umuntu ameze nkatwe, asaba yinginga ngw’ imvura ntirwe, imvura imara imyaka itatu n’amezi atandatu itagwa mu gihugu.* <sup>18</sup> *Yongera gusaba, ijuru rirekura imvura, isi imeza imirima yayo.*

Muri iki kigabane, imirongo ya **13-16a** ivuga ku vyerekeranye n’ugusenga mu bihe vyose vy’ubuzima, vy’ubugingo; imirongo ya **16b-18** ivuga ku bijanye n’akamaro k’ugusenga nyakuri. “Imibabaro” ku murongo wa **13a** yerekana ibintu bitagenda neza canke ingorane z’uburyo ubwo ari bwo bwose—haba ku mubiri, mu mpwemu, mu mutwe, mu bishobisho, mu butunzi, mu migenderanire, n’ibindi. Muri ubwo buryo nyene, “ukuroraniwa” ku murongo wa **13b** “ntigufatira ku biboneka ku mubiri, ariko gufatira ku kuroraniwa no ku munezero wo mu mutima umuntu ashobora kugira haba mu bihe vyiza canke mu bihe bibi. . . . Igihe imitima yacu iremye, bica vyorohe cane ko tutibagira k’uwo munezero uva ku Mana yonyene. Ni co gituma, kumbure mbere no kurusha igihe tuba turi mu mibabaro, dutegerezwa kwibutswa ko mu bihe vy’umunezero ko dukwiriye kumenya ko Imana ri hejuru ya vyose kandi ifise igikorwa gihambaye mu bugingo bwacu. Dukwiriye gukora ibi Yakobo yavuze *kuririmba ishimwe*. . . . Uku kuririmba ishimwe kwari kwegeranye cane n’ugusenga (*raba*. 1 Kor. 14:15); kanatsinda, bishobora kuboneka nk’ubundi buryo bwo gusenga.” (Moo 1985: 175-76)

Hariho ibintu bitari bike vyerekeranye n’ugusengera abarwaye ku mirongo ya **14-16a** dutegerezwa kwihweza. Ubwa mbere, amajambo yakoreshejwe muri iyo mirongo—“urwaye” (**umurongo wa 14**); “bamusige amavuta ya elayo” (**umurongo wa 14**); “kuzokiza umurwayi” (**umurongo wa 15**); “azomuvyura” (**umurongo wa 15**); kandi “akire ingwara” (**umurongo wa 16a**) rimwe na rimwe akoreshwa mu buryo bwo mu mpwemu muri Bibiliya harimwo agakiza mu buryo bunyuranye n’ingwara yo ku mubiri n’ugukira kwo ku mubiri.<sup>11</sup> Ariko, ico yari afatiyeke ngaha kigaragara ko yariko aravuga ku gukira kwo ku mubiri (Moo 1985: 181).

Ubwa kabiri, “abashingantahe b’ishengero” bakwiriye gusenga n’ukumusiga amavuta bari abarongozi bo mu vy’impwemu b’ishengero ryo mu micungararo (raba **Ivyak 14:23; 20:17; 1 Tim 5:17; Tito 1:5; 1 Pet 5:1**). “Gusiga amavuta ya elayo” vyaboneka nk’uko harimwo akantu ko kwa muganga k’ukuvura mu bihe vyo muri Bibiliya (raba **Luka 10:34**), ivyo vyatumye abasorongozu bamwe bavugaga yuko “Yakobo ariko arerekana ugusenga hamwe n’ugukoresha uburyo bwo kwa muganga” (Burdick 1981: 204). Ariko, abenshi kandi nibaza ko ari na bo babitoye neza babona yuko ugusiga amavuta ya elayo nk’aho ari igikorwa c’ukugaragaza ko umurwayi arobanuriwe ukwitwararika kudasanzwe kw’Imana hamwe n’ukwedangwa (raba Moo 1985: 179; Moo 1989: 1162). Ibi vyerekanwa n’uko mu gusigwa gukorwa mw’ *“izina ry’Umwami wacu”* (**umurongo wa 14**), kandi ugusigwa amavuta ni ikigereranyo c’igikorwa canke ko Mpwemu Yera ari muri ivyo biriko biraba (raba **1 Sam 16:13; Ps 89:20; Luka 4:18; Ivyak 10:38**). Hariho ibintu bibiri bisa dukwiye kwiyubara mu gukoresha ugusiga amavuta:

- “Ugusenga ni co kintu gihambaye kurusha ku bikorwa bibiri bikorwa n’abashingantahe b’ishengero. “Ugusenga” ni ryo rivuga rikuru ngenderwako, igihe “ugusiga amavuta ya elayo” ari izina mvarivuga. Ikindi, ico yari ashingiyeko nyamukuru co kuri ico kigabane ni ugusenga. Kubw’ivyo ugusiga amavuta ni igikorwa ca kabiri.” (Burdick 1981: 203-04)
- “Si amavuta canke abashingantahe b’ishengero bikiza, ariko ni Uhoraho ubwiwe, kubera yuko ugusiga amavuta bikorwa mw’izina ryiwe. Abantu bamwe muri Afirika bizera yuko amavuta ubwayo ari yo afise

<sup>11</sup> Ronald Ward avugaga ati, “Ukudatomora kwatumwe n’insiguro zitandukanye z’ayo majambo yose ntigushobora guhakanwa na gato. Birashoboka gutanga insiguro imwe yo mu buryo bw’ikiganga canke insiguro yo mu buryo bw’impwemu. Canke uwurindiriye ni umurwayi, *ugusenga gufataniye n’ukwizera* kuzomukiza kandi *Umwami azomuvyura* ku buriri yari aryamyeke; canke ntigira gifasha kandi ararembye muri mpwemu kandi azokizwa mu buryo bwo kuzuka muri mpwemu. Yakobo ashobora kuba atabisobanuye neza ibigirankana, arekera abazobisoma uburenganzira bwo kwitorera insiguro ijanye n’ukugendera n’abashingantahe b’ishengero.” (Ward 1970: 1235)



ububasha budasanze bwo gukiza. Abandi na bo bibaza yuko ugukira kuvana n'igicro c'amavuta yakoresheje. Abantu nk'abo bategerezwa guhagarika kwiyumvira amavuta nk'aho ari ayarobanuwe canke ko afise ububasha budasanze, ariko bagategerezwa kwumira ku masezerano y'Imana gusa. Ni co gituma umwanditsi w'iki cete ahamagarira abantu ugusenga (5:15). Ni ugusenga kw'ukwizera atari ugusubiramwo amajambo asosa kuzana igitangaza c'ugukira.” (Andria 2006: 1516)

Ubugira gatatu, “ugusenga gufataniye n'ukwizera” kuri hamwe n'uguharirwa ivyaha ku murongo wa 15. Hariho ibintu bitatu dutegerezwa kwiyubarako ngaha:

- Nubwo ingwara zimwe n'urupfu bishobora guterwa n'icaha (1 Kor 11:27-30), Bibiliya iragaragaza neza yuko ingwara idategerezwa gukomoka ku caha (Yohana 9:2-3). Yakobo aremeza ivyo ku mpera y'umurongo wa 15 igihe avuga ati “*kandi asanzwe yarakoze ivyaha.*”
- Ugushira hamwe ugukira n'uguharirwa ivyaha ku murongo wa 15 (“*kandi asanzwe yarakoze ivyaha azobiharirwa*”) “vyatumye bamwe biyumvira yuko ugukira kw'umubiri ari kimwe kigize agakiza. Ingorane no kubona ibintu muri ubwo buryo ni uko umuntu ashobora kurwara kenshi kandi agakira kubera ugusenga. Ariko uwundi musu akarwara hakavamwo n'urupfu. Urupfu nk'urwo ntirusigura yuko uwo muntu ataronse agakiza. Agakiza kaco gasanzwe kariho kandi ni ako ibihe bidashira. Ico iki gisomwa kiriko kirigisha ni uko ugukira ingwara kw'umubiri ari ikimenyetso c'ugucungurwa kwacu.” (Andria 2006: 1516) Ukuri ni uko abantu bose, harimwo n'abakristo bose bazopfa. Bartafise iherezo ngaha kw'isi. Abakristo bamwe bashobora kuba bagendana ubumuga kanaka canke ingwara kanaka kandi mbere ntibigere bakira iyo ngwara, nubwo bosengerwa incuro nyinshi kandi bafise n'ukwizera kwinshi (raba, akarorero, 2 Kor 12:7-10 [“igisata co mu mubiri” ca Paulo]). Ibi rero bituma abantu bokwiyubara kuri iki kintu ca gatatu:
- Nubwo umurongo wa 15 uvuga uti “*Ugusenga gufataniye n'ukwizera kuzokiza umurwayi,*” si ugusenga ubwakwo gufise ububasha kanaka bwo gukiza kurusha uko ugusiga amavuta gufise ububasha budasanze bwo gukiza—Imana ni yo ikiza. “Ugusenga kw'ukuri gufataniye n'ukwizera, kwama igihe cose kugizwe n'ukwemeza ko Imana ari yo ifise ijamba rya nyuma ku bintu vyose; ko ari ubugombe bw'Imana butegerezwa gukoreka. Kandi biragaragara yuko atari igihe cose tuba ari ubugombe bw'Imana ko uwo muntu asengewe wese akira (raba 2 Kor. 12:7-9). Ni co gituma, ‘ukwizera’ gukwiye kuba ntahara mu gusenga kwacu dusengera abagwaye gukwiye kwishurwa—ukwo kwizera ari ingabire y'Imana—gushobora kubaho mu vy'ukuri igihe conyene ari ubugombe bw'Imana bwo gukiza. . . . muri ubu bugingo, ntidushobora, mu bihe vyinshi, kumenya nimba ubugombe bw'Imana ari ugukiza; ntidushobora igihe cose kwumva nimba ukwo ‘kwizera’ kuzana igisabwe kuba kuhari gukwiye. Igihe ukwizera kwacu kw'ukuri kwo gukira guhamye ariko ntikwishurwe n'uko uwo muntu akize, bituma kutaba ukubura ukwizera kwacu kwabaye intambanyi; ukwizera nk'ukwo kwakoreye ahatari ubugombe bw'Imana bw'uko uwo muntu akira.” (Moo 1985: 182, 186-87)

Ubugira kane, **umurongo wa 16a** uhamagarira ishengeru ryose (si abashingantahe b'ishengeru gusa) “*kwaturanira ivyaha vyabo, gusengeranira kugira ngo bakire ingwara zabo.*” Abakristo benshi barasengeranirana, nubwo bidakorwa igihe cose canke n'imiburuburi, bikoreka rimwe na rimwe. Ku rundi ruhanda, abakristo bake ni bo baturanira ivyaha vyabo. Dietrich Bonhoeffer avuga igituma ibi ari ngirakamaro cane: “Mu kwatura umuntu aba arenganye ugukekeranya. Kubera iki kenshi vyoroshe kwaturira Imana ivyaha vyacu ariko ntivyaturire mwene Data? . . . Dutegerezwa kwibaza nimba mu vy'ukuri kenshi tutibesha mu kwaturira Imana ivyaha vyacu, nimba ku vy'ukuri atari twebwe nyene tuba twiyaturiyeye ivyaha vyacu, twibwiye ivyaha vyacu kandi tugaca twiha ikigongwe. Kandi kumbure si kubera ico nyene twama dusubira mu vyo twari twaheye, twihanye gutuma abakristo baba ba goyigoyi mu kwumvira dusanga kwinyegeje mu kwigirira ikigongwe ariko atari ikigongwe c'ukuri? . . . Ni nde ashobora kutwemeza yuko, mu kwaturanira ivyaha no mu guharirwa ivyaha vyacu, tutaba turiko turibesha ubwacu ariko tuba turiko turabibarira Imana nzima? Imana ni yo iduha ubwo bushizi bw'amanga n'ukumanya tudakekeranya biciye muri mwene Data. Mwene Data aca asenya, asambura ukwo kwibesha. Umuntu yatura ivyaha vyawe akavyaturira mwene Data aba azi ko atakiri wenyene; aca yumva ko ari kumwe n'Imana kandi ko mwene Data na we ari icabona. . . . Nk'ukwatura ivyaha vyanje ndavyaturira mwene Data bituma ntihenda, kandi ngaca ngira ubushizi bw'amanga ko uguharirwa guca kuba ukudakekeranywa kuri jewe igihe bivuzwe na mwene Data mw'izina ry'Imana. Ukwaturanira ivyaha mu rukundo twarabihawe n'Imana kugira ngo dushobore kumenya tudakekeranya ko n'ijuru ryaduhariye.” (Bonhoeffer 1954: 115-17)

Imirongo ya **16b-18** ica ibandanya ikerekana ububasha bw'ugusenga. “umugorotsi” (umurongo wa **16b**) si umuntu adasanze ari mu rundi “rwego” rudasanze rw'Abakristo (abepisikopi, abakuru b'ishengeru, abamenyeshamana, n'abandi) canke umuntu afise ingabire zidasanzwe, ariko ni umuntu afitaniye imigenderanire myiza n'Imana: umuntu ivyaha vyawe yavyatuye maze bigaharirwa, akunda Umwami, kandi arondera kwumvira Imana hamwe no gukunda no gukorera abandi. Akarorero ka Eliya gashimangira ivyo

duhejeje kuvuga. Nubwo Eliya yari umuvugishwa n’Imana akomeye, Yakobo ashimangira yuko “*Eliya yari umuntu ameze nkatwe*” (umurongo wa 17). Mbere, **1 Abam 19** herekana yuko Eliya yagize ubwoba (**1 Abam 19:3**); yararengewe (**1 Abam 19:4**); kandi yashitse ahantu yisabira gupfa, yuzuye ukwiyugumbira (**1 Abam 19:10**). Ariko nubwo vyari bimeze biryo, Eliya ahwanye n’ibishegu na ba kamenyi ba Bayali hamwe n’ivyabaye vyakwirikiye (**1 Abam 18-19**) bitwereka igituma amasengesho yiwe yashobora kugira ibintu vyinshi ashikako: ugusenga kwiwe kwari gutumbereye ku Mana kandi yarondera guhesha Imana icubahiro aho kurondera kwihesha icubahiro (**1 Abam 18:36-39**); Yitega yuko Imana yishura isengesho ryiwe (**1 Abam 18:41**); yasenze ashimitse (**1 Abam 18:42-45**); yarakoze ahamagarira abantu kugira ico bakoze bijanye n’ijambo ry’Imana n’ubugombe bwayo (**1 Abam 18:40**); yabayeho mu migenderanire ya hagufi n’Imana kandi yari afise ishaka ry’Uhoraho (**1 Abam 18:46; 19:9-14**); kandi yarumvira ijambo ry’Uhoraho (**1 Abam 19:5-8, 15-19**).

**5:19-20**—<sup>19</sup> *Bene Data, ni hagira umuntu muri mwebwe azimira, akava mu vy’ukuri, uwundi akamuzimurura,* <sup>20</sup> *mumenye yuko uzimuruye umunyavyaha, akamukura mu nzira yiwe yazimiriyemwo, aba amukirije ubuging urupfu, kandi aba apfutse ivyaha vyinshi.*

Iyo mironko ibiri yugara canke iherahereza icete ca Yakobo ifatiye ku ku vyo yashimikiyeko muri ico cete cose. Ntibisobanuritse neza nimba uwavuye mu nzira, uwaguye ari uwizera vy’ukuri yaguye agasubira mu vyaha ariko akaguma ari mu bacunguwe canke na ho nimba ari uwibesha ko ari uwa Kristo akwiye agakiza. (Ishengero igihe cose ryame “rigize n’abantu b’uburyo bwinshi” bw’abantu bakijijwe n’abandi biyita ko bakijijwe ariko mu vy’ukuri batakijijwe, ikintu kimeze “nk’igugu ry’abantu benshi” bavuye muri Egipta mu gihe co mu Kuvayo [raba **Kuv 12:38**].) Amajambo yok u murongo wa **20** avuga ku kugarukana mu nzira nziza umunyavyaha yari yahubiyemwo “*bizokiza ubuging bwiwe urupfu*” vyerekana yuko uwo muntu atari uwizera nyakuri. Uko biri kwose ariko, abizera bakwiye kugira umwete wo kurondera ubutunzi bwo muri mpwemu n’amagara meza yo muri mpwemu ya bene Data bo mw’ishengero kandi bagakora ivyo bashobora vyose kugira ngo babagumize mu nzira igorotse, mu nzira nziza. Kugira ngo ivyo babishikeko, abizera bategerezwa kumenyana neza kandi bakagiranira imigenderanire myiza. Ibi rero vyategerezwa gushingira ku kugene ishengero ari umurayngo (**Mat 12:49-50; 2 Kor 6:18; Ef 2:19; Gal 6:10; 1 Tim 3:15; 5:1-2; 1 Pet 4:17**). Dhati Lewis abivuga gurtya, “Ishengero *ntirimeze* nk’umuryango; ahubwo ni umuryango. . . . Ibi bishobora kubonekera mu kugene ijambo *umwigishwa*, riguma rigaruka mu bice vya mbere vy’Isezzerano Risha, rinyika inyuma y’igitabu c’Ivyakozwe n’Intumwa. Risubirizwa n’ijambo *bene Data* mu gice cose gisigaye co muri Bibiliya.” (Lewis 2015: n.p.) Abantu bo mu muryango baritanaho, baritwararikana. Nk’uko Wayne Grudem abivuga, “ko ishengero rimeze nk’umuryango bitegerezwa kurwiza urukundo n’ubumwe dufitaniye” (Grudem 1994: 859). Ku rundi ruhande, nimba amashengero adatanguye gufata neza abanywanyi bayo nka bene data bakundwa b’umuryango umwe basangiye, aho rero isi (rizoba rifise uburenganzira bwo) kuritwenga mbere ikanabaza iki kibazo: “kubera iki twoba Abakristo, kandi mwebwe Abakristo mutanakundana?”

Impanuro za Yakobo aduhanura agiye kurangiza icete ciwe ni ngirakamaro cane—ariko ngombwa y’ugusubiza abantu mu kuri bakava mu makosa bakoze ntizoshoboka nimba ishengero ridafashe nka nkama “amajambo avuga gukundana” y’Ivyanditswe ngo ayashire ku mutima ayakorereko. Isezzerano Risha kenshi ririsubiriza mu guhanura abizera ko bakwiye gukundana (**Yohana 13:34-35; Rom 13:8; 1 Tes 3:12; 4:9; 1 Pet 3:8; 4:8; 1 Yohana 3:11, 23; 4:7, 11-12; 2 Yohana 5**), bakwiye guterana intege (**1 Tes 4:18; 5:11; Heb 3:13; 10:24-25**), bakwiye kwigishana no guhanana kugira ngo bagaruke ku kuri (**Rom 15:14; Kol 3:16**), bakwiye gukorerana (**Yohana 13:14-15; Gal 5:13; 1 Pet 4:10**), bakwiye kwihangana, kwemerana, kwihanganirana (**Rom 15:7; Ef 4:2**), mugiriranire neza, mugiriranire imbabazi, mutange indaro, mwitwararikane (**1 Kor 12:25; Ef 4:32; 1 Pet 4:9**), mubane amahoro (**Mariko 9:50; Rom 12:16; 1 Pet 3:8**), muhane icubahiro, mushirane imbere mu kwerekana yuko abandi babaruta (**Rom 12:10; Fil 2:3**). Mu nca make, abizera bakwiye “*gukundana rwose*” (**Rom 12:10**). Ivyo bintu vyose ni ivyerekana umuryango mwiza ukora neza, umeze neza. Iki ni igikorwa; ni ubuzima muri Mpwemu; ni ko ubuging bwo muri Mpwemu mu mubiri bwategerezwa kumera. Umurongo wa nyuma wo muri Yakobo, uvuga k’uwuzimurura umunyavyaha, akamukura mu nzira yiwe yazimiriyemwo, “*aba apfutse ivyaha vyinshi*,” ni ugushira mu ngiro kudasanzwe kw’ivyo Petero yavuze, “*Ikiruta vyose, mukovyeye mu gukundana; kuk’urukundo rupfuka ivyaha vyinshi*” (**1 Pet 4:8**). Icompa ibi bikabaariko bimeze, bikaba ukuri ku mashengero yacu.

**AHO VYABUWE**

*Africa Study Bible, New Living Translation*. 2016. Wheaton, IL: Tyndale House.

Andria, Solomon. 2006. "James." In *Africa Bible Commentary*, ed. Tokunboh Adeyemo, 1509-16. Nairobi: WordAlive.

Augustine. 1950 (reprint). *The City of God*. New York: Random House. Online (another edition):  
<http://www.ccel.org/ccel/schaff/npnf102.iv.html>.

Bonhoeffer, Dietrich. 1954. *Life Together*. Translated by John Doberstein. New York: Harper & Row. Online:  
[bearsfc.tistory.com/attachment/cfile26.uf@213C214854ADB05A0CCBE3.pdf](http://bearsfc.tistory.com/attachment/cfile26.uf@213C214854ADB05A0CCBE3.pdf).

Burdick, Donald. 1981. "Yakobo." In *The Expositor's Bible Commentary*, ed. Frank Gaebelin, 159-205. Grand Rapids: Zondervan.

Calvin, John. 1547. *Acts of the Council of Trent with the Antidote*. Online:  
[http://www.monergism.com/thethreshold/sdg/calvin\\_trentantidote.html](http://www.monergism.com/thethreshold/sdg/calvin_trentantidote.html).

Carson, D. A., and Douglas Moo. 2005. *An Introduction to the New Testament*. Grand Rapids: Zondervan.

Cole, Victor Babajide. 2006. "Mark." In *Africa Bible Commentary*, ed. Tokunboh Adeyemo, 1171-1202. Nairobi: WordAlive.

Danker, Frederick, ed. 2000. *A Greek-English Lexicon of the New Testament and Other Early Christian Literature*. Chicago: The University of Chicago Press.

Datiri, Dachollom. 2006. "1 Corinthians." In *Africa Bible Commentary*, ed. Tokunboh Adeyemo, 1377-98. Nairobi: WordAlive.

Dauids, Peter. 1982. *The Epistle of James (NIGTC)*. Grand Rapids: Eerdmans.

Dostoevsky, Fyodor. 1957. *The Brothers Karamazov*. Translated by Constance Garnett. New York: New American Library. Online (another edition): <http://pinkmonkey.com/dl/library1/book0664.pdf>.

*Epitome of the Formula of Concord*. 1577. Online: <http://bookofconcord.org/fc-ep>.

Eusebius. 1988 (reprint). *The Ecclesiastical History of Eusebius Pamphilus*. Grand Rapids: Baker. Online:  
<http://www.ccel.org/ccel/schaff/npnf201.toc.html>.

Fee, Gordon. 1984. "The 'Gospel' of Prosperity—an Alien Gospel." *Reformation Today* 82: 39-43.

France, R. T. 1992. "Faith." In *Dictionary of Jesus and the Gospels*, ed. Joel Green, Scot McKnight, and I. Howard Marshall, 223-26. Downers Grove, IL: InterVarsity.

Grudem, Wayne. 1994. *Systematic Theology*. Grand Rapids: Zondervan. Preview online:  
<https://books.google.com/books?isbn=0310286700>.

Hoekema, Anthony. 1979. *The Bible and the Future*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.

Johnson, Luke Timothy. 1995. *The Letter of James (AB 37A)*. New York: Doubleday.

Josephus. 1987. *The Antiquities of the Jews*. In *The Works of Josephus Complete and Unabridged.*, 27-542. Translated by William Whiston. Peabody, MA: Hendrickson. Online (another edition):  
<http://www.ccel.org/ccel/josephus/works/files/works.html>.

Lewis, Dharti. 2015. "The Church Is Not Like A Family." Online: [http://www.vergenetwork.org/2017/03/14/the-church-is-not-like-family/?inf\\_contact\\_key=563a07f48051945f93bdc050b4bbef102519cd85d688856b793a9898205d2ff9](http://www.vergenetwork.org/2017/03/14/the-church-is-not-like-family/?inf_contact_key=563a07f48051945f93bdc050b4bbef102519cd85d688856b793a9898205d2ff9).

*Life Application Study Bible, New International Version*. 1986. Wheaton, IL: Tyndale House.

Lindsell, Harold. 1971. "Introduction to the Letter of Yakobo." In *Harper Study Bible, Revised Standard Version*, 1822-23. Grand Rapids: Zondervan.

- Luther, Martin. 1535. *A Commentary on St. Paul's Epistle to the Galatians*. Translated and abridged by Theodore Graebner. Online: <http://www.ccel.org/ccel/luther/galatians.i.html>.
- Marshall, I. Howard, Stephen Travis, and Ian Paul. 2002. *Exploring the New Testament: A Guide to the Letters and Revelation*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Martin, Ralph. 1988. *Yakobo* (WBC 48). Waco, TX: Word.
- Menn, Jonathan. 2016. *Biblical Theology*. Online: <http://www.eclen.net/courses.html#theology>.
- Moo, Douglas. 1985. *Yakobo* (TNTC). Grand Rapids: Eerdmans.
- \_\_\_\_\_. 1989. "Yakobo." In *Evangelical Commentary on the Bible*, ed. Walter Elwell, 1150-62. Grand Rapids: Baker.
- New American Standard Bible*. 1995. Grand Rapids: Zondervan.
- Ngundu, Onesimus. 2006. "Revelation." In *Africa Bible Commentary*, ed. Tokunboh Adeyemo, 1543-79. Nairobi: WordAlive.
- Nystrom, David. 1997. *Yakobo* (NIVAC). Grand Rapids: Zondervan.
- Sarles, Ken. 1986. "A Theological Evaluation of the Prosperity Gospel." *Bibliotheca Sacra* 143: 329-52.
- Schowalter, Daniel. 1993. "Faith." In *The Oxford Companion to the Bible*, ed. Bruce Metzger and Michael Coogan, 22-23. New York: Oxford University Press.
- Tasker, R. V. G. 1982. *The General Epistle of Yakobo* (TNTC). Grand Rapids: Eerdmans.
- Travis, Stephen. 1982. *I Believe in the Second Coming of Jesus*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Ward, Ronald. 1970. "Yakobo." In *New Bible Commentary*, 3<sup>rd</sup> ed., ed. D. Guthrie and J. A. Motyer, 1222-35. Carmel, NY: Guideposts.
- Zodhiates, Spiros. 1993. *The Complete Word Study Dictionary: New Testament*, rev. ed. Chattanooga, TN: AMG.

## UMWANDITSI



Jonathan Menn aba I Appleton, WI, muri Reta zunze ubumwe za Amerika. Yaronse urupapuro rw'umutsindo mu vyirwa vya Politike muri kaminuza yo muri Wisconsin-Madison, aheza afise amaonta menshi cane, mu mwaka wa 1974, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Phi Beta Kappa honor society. Hanyuma aronka ico bita J.D. kiva mw'ishuri y'amategeko y'I Kornell Law School, magna cum laude, mu mwaka wa 1977, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Coif legal honor society. Yamaze imyaka 28 ari umushingwamaza, nk'uwuserukira wa Reta, muri Chicago hanyuma ashinga ishirahamwe ryitwa Menn Law Firm muri Appleton, WI. Inyuma yaho yaciye akizwa aba intumwa, umwigishwa wa Yesu Kristo mu mwaka wa 1982. Yumva yipfuzza kumenya vyinshi mu vyerekeye ijambo ry'Imana kandi no kugira ico akoze mu gikorwa c'Imana vyamutumye aja kunonosora amashuri y'ivyerekeye ijambo ry'Imana aho yaronse urupapuro ry'umutsindo muri nyigisho ndoramana muri kaminuza yo muri Trinity Evangelical Divinity School muri Deerfield, IL. Yaronse urwo rupapuro rw'umutsindo muri TEDS, summa cum laude, muri Rusama mu mwaka wa 2007. Hagati y'imyaka ya 2007-2013 yari umuyobozi w'ishirahamwe ryitwa Gushoboza abapasitori mw'isi yose. Ubu na ho Now Jonathan ni umuyobozi wo gushoboza abapasitori mu muryango wo muri Afirika y'Ubugeruko ([www.eclen.net](http://www.eclen.net)). Ibikorwa vyawe vyinshi yanditse bikoresheye mu gushoboza abapasitori mushobora kubisanga kuri uru rubuga ngurukanabumenyi [www.eclen.net](http://www.eclen.net). Jonathan ashobora kuboneka aha hakurikira kuwoshaka kuvugana na we: [jonathanmenn@yahoo.com](mailto:jonathanmenn@yahoo.com).